शनि

05 सितंबर, 2026

पटना

देशक गप गामक भाषा मे

समदिया मिथिला

समदिया मिथिला

भादव, कृष्ण पक्ष, नवमी, संवत् : 2083

देशक पहिल मैथिली दैनिक

जय कन्हैया लाल की...

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 16, अंक : 354 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 3:00

नौ दिन बाद सुरंग सं सुरक्षित निकलल मिथिलाक संजय

- सुरंग मे नौ दिन धरि हरे कृष्ण मंत्रक करैत रहल जाप, जन्माष्टमीक दिन बचाओल गेल

काठमांडू, समदिया

नेपालक त्रिशूली-3ए जलविद्युत परियोजनाक सुरंग मे नौ दिन धरि फंसलाक बाद शुक्रदिन सुरक्षित बाहर निकालल गेल एकटा व्यक्ति कहलनि जे एहि दौरान ओ लगातार हरे कृष्ण महामंत्रक जाप करैत रहलाह आ सुरक्षित बाहर निकालल जाएबाक आशा करैत रहलाह। संयोग सं हुनका भगवान श्रीकृष्णक जन्माष्टमीक दिन सुरंग सं सुरक्षित बाहर निकालल गेल। सप्तरी जिला निवासी 30 वर्षीय संजय साह नेपाल विद्युत प्राधिकरणक कर्मचारी छथि। ओ दुनू श्रमिक मे सं एक छथि, जे सुरंग सं सुरक्षित बाहर निकालल गेलाह। सुरंगक भीतर फंसल संजय साह सुरक्षाकर्मी कें कहलनि जे ओ पछिला नौ दिन सं लगातार हरे कृष्ण महामंत्रक जाप करैत रहलाह। सुरक्षित बाहर अयलाक बाद हुनकर कहब छलनि जे हम पछिला नौ दिन सं हरे कृष्ण महामंत्रक जाप करैत रहलहुं।

सुरक्षा सूत्रक अनुसार संजय साहक स्थिति स्थिर अछि आ हुनका कोनो विशेष स्वास्थ्य समस्या नहि अछि। हुनका त्रिशूलीक स्थानीय अस्पताल मे उपचार लेल लए आनल गेल। ओतहि बचाओल गेल दोसर व्यक्ति 45 वर्षीय कबीर महर्जनक स्वास्थ्य मे किछु जटिलता देखल गेल, जाहि कारण हुनका आगांक उपचारक आवश्यकता पड़ल। हुनका हेलिकॉप्टर सं काठमांडूक छावनी स्थित नेपाल आर्मी अस्पताल पठाओल गेल। परियोजना मे फोरमैनक रूप मे कार्यरत संजय साह बतौलनि जे दुर्घटनाक बाद जखन दोसर लोक सभ बाहर निकलि गेलाह, तखन ओ पाछां रुकि गेलाह, कारण हुनका सभक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक जिम्मेवारीक बोध छलनि। ओ कहलनि जे हम नियंत्रण कक्ष मे काज कए रहल छलहुं। सभक प्राण बचेनाइ हमर जिम्मेदारी छल।

जाबत भगितहुं, ताबत बाढ़ि आबि गेल छल...

साहक अनुसार घटना घटलाक बाद ओ सभ कें बाहर निकलबाक लेल कहलनि, मुदा जाबत धरि दोसर लोक सभ बाहर निकलि पाबथि, ताबत धरि हुनका लेल बाहर निकलनाइ कठिन भए गेल छल। सुरंगक भीतर आरो कतेक लोक फंसल छथि, एहि संबंध मे पूछल गेल प्रश्नक उत्तर मे ओ कहलनि जे हुनका लगपास तीन-चारि लोकक आवाज सुनाइ पड़ल छल अथवा हुनका सभ सं संपर्क भए पाओल छल।

खगड़िया एसपीक पत्नी कहलनि-

हमरा पीटल गेल, बेटी सेहो छीनि लेलनि

- पत्नी कहलनि, दोसर विवाह करबाक छनि इच्छा तलाक लेल बना रहल छथि दबाव
- गोली मारबाक धमकी देबाक सेहो लागल आरोप

खगड़िया, समदिया

खगड़िया जिलाक एसपी भानु प्रताप सिंह पर हुनकर पत्नी पूजा गंभीर आरोप लगौलनि अछि। पत्नीक आरोप अछि जे हुनकर 5 वर्षीय बेटी कें हुनका सं अलग कए देल गेल अछि। हुनकर दावा अछि जे हुनका गोली मारि देबाक धमकी देल जा रहल अछि आ तलाक लेल दबाव बनाओल जा रहल अछि, जाहि सं भानु प्रताप सिंह दोसर विवाह कए सकथि।

पूजाक कहब अछि जे ओ मानसिक रूप सं बहुत परेशान छथि आ बृहस्पतिक राति हुनका पटना सं खगड़िया एसपी आवास पर आनल गेल। हुनकर आरोप अछि जे ओतौ हुनका पीटल गेल आ एकटा कोठली मे बंद कए देल गेल। हुनकर अनुसार घर मे भोजनक सेहो कोनो व्यवस्था नहि अछि। ड्राइवर, रसोइया आ अंगरक्षक सभ कें छुट्टी दए देल गेल अछि आ हुनका असगर छोड़ि देल गेल अछि।

पूजाक आरोप अछि जे हुनका कहल जाइत अछि जे हम आइपीएस छी, हमर किछु नहि बिगड़ि सकैत अछि। हुनकर कहब अछि जे कतेको वरीय अधिकारी, डीआइजी आ आइजी सेहो हुनकर पति सभक पक्ष मे छथि। ओ कहलनि जे हुनका अपन बेटी सं भेंट करबाक अवसर नहि देल जा रहल अछि। पूजाक अनुसार भानु प्रताप सिंह हुनका सं प्रेम-विवाह केने छलाह। ओ कहलनि जे हुनका अपन पति सं किछु नहि चाही, मात्र अपन परिवार आ बेटी चाही। हुनकर कहब अछि जे बेटी मात्र 5 वर्षक अछि आ मां सं दूर रहि नहि पबैत अछि।



हम नहि चाहैत छी जे हुनकर नोकरी चलि जाय

पूजाक कहब अछि जे ओ अपन पतिक नोकरी छिनबाक पक्ष मे नहि छथि। हुनका मात्र अपन अधिकार, परिवार आ बेटी चाही। हुनकर आरोप अछि जे हुनका पागल साबित करबाक प्रयास कएल जा रहल अछि आ बेटी कें कहल जा रहल अछि जे मां ओकरा जहर दए देत। पूजाक अनुसार हुनकर लगपास महिला पुलिसकर्मी कें तैनात कएल गेल अछि, जाहि सं ओ कोनो गलत डेग नहि उठा सकथि। हुनकर दावा अछि जे महिला पुलिसकर्मी सेहो वरीय अधिकारी सभक दबाव मे छथि।

खगड़िया पहुंचल छलीह एसपीक पत्नी

जानकारीक अनुसार एसपीक पत्नी 2 अगस्त कें अपन बेटी आ पति सं भेंट करबाक लेल खगड़िया पहुंचल छलथि। एसपी आवासक मुख्य द्वार पर तैनात सुरक्षाकर्मी हुनका भीतर जाए सं रोकि देलक। एहि पर ओ गेट पर बहुत देर धरि हंगामा कएलनि। सूचना भेटलाक बाद महिला पुलिस घटनास्थल पर पहुंचल आ समझेला-बुझेलाक बाद हुनका सर्किट हाउस मे ठहराओल गेल। जानकारीक अनुसार पछिला दू दिन सं एसपी भानु प्रताप सिंह छुट्टी पर छथि। एहि मामिला मे हुनका सं फोन पर प्रतिक्रिया लेबाक प्रयास कएल गेल। फोन दोसर दिस सं अतिरिक्त एसपी उठौलनि आ कहलनि जे एसपी एखन छुट्टी पर छथि।

एक नजरि

खगड़िया मे काका-भतीजा कें चक्कू मारि हत्या

खगड़िया : जिलाक भरतखंड थाना क्षेत्रक खजरैठा गाम मे काका-भतीजाक चाकू सं गोदि कए हत्या कए देल गेल। मृतकक पहिचान 23 वर्षीय गौरव कुमार आ 22 वर्षीय अंकुर कुमारक रूप मे भेल अछि। दुनू आपस मे काका-भतीजा छलाह। बीतल राति चाकूबाजी मे घायल दुनूक बेगूसराय लए जाएबाक क्रम मे बाटे मे मृत्यु भए गेल। मृत गौरवक मायक आरोप अछि जे गामक पंकज चौधरी आ हुनकर बेटा हत्या मे शामिल छथि। हुनकर कहब अछि जे पंकज चौधरी सं लेन-देन कें लए कए पहिने सं विवाद चलि रहल छल। बृहस्पतिक भोर दुनू पक्ष मे बकझक भेल छल, जकर बाद पंचायत कए मामिला शांत करा देल गेल छल। मुदा बाद मे विवाद खूनी रूप लए लेलक। घटनाक बाद पुलिस पंकज चौधरी, हुनकर पत्नी आ बेटा कें हिरासत मे लए कए पूछताछ कए रहल अछि। गाम मे तनाव कें देखि पुलिस कैंप कए रहल अछि।

समस्तीपुरक निचला क्षेत्र मे घुसल पानि

पटना पर दबाव बनौने अछि गंगा

- सुपौल, खगड़िया आ कटिहार मे कोसी खतराक निशान सं ऊपर
- पटना मे शहर कें बचेबाक लेल बंद कएल गेल अछि प्रोटेक्शन वॉलक 108 गेट

पटना, समदिया

बिहार मे बाढ़िक संकट एखन गंभीर बनल अछि। कोसी आ गंगाक जलस्तर बढ़ल रहबाक कारण उत्तर बिहार सं राजधानी पटना धरि निचला इलाका मे जनजीवन प्रभावित भए रहल अछि। सुपौल, खगड़िया आ कटिहार मे कोसीक जलस्तर खतरा स्तर सं ऊपर अछि, जखन कि समस्तीपुर मे बाढ़िक पानि स्कूल परिसर धरि पहुंचि गेल अछि। पटना मे गंगाक बढ़ैत जलस्तर सं सेहो चिंता बढ़ि गेल अछि। सुपौल जिला मे कोसी नदी खतरा स्तर सं ऊपर बहि रहल अछि। वीरपुर क्षेत्र मे समीप बढ़ल जलस्तरक असरि तटवर्ती आ निचला इलाका मे देखल जा रहल अछि। कोसीक धार तेज रहबाक कारण नदीक कातक गाम मे लोकक चिंता बढ़ल अछि। प्रशासन द्वारा संवेदनशील क्षेत्र आ तटबंधक स्थिति पर लगातार नजरि राखल जा रहल अछि।

समस्तीपुरक विशनपुर बेड़ी गाम मे सड़क पर बहैत पानि।

समस्तीपुर मे स्कूल धरि घुसल बाढ़िक पानि

समस्तीपुर मे बाढ़िक स्थिति सेहो विकट होइत जा रहल अछि। बिथान प्रखंडक कौराही आ नरपा स्कूल परिसर मे बाढ़िक पानि प्रवेश कए गेल अछि। एहि कारण विद्यालय मे पठन-पाठन प्रभावित होयबाक आशंका अछि आ शिक्षा विभाग स्थिति पर नजरि राखि रहल अछि। समस्तीपुरक निचला इलाका मे पानि बढ़बाक संग लोकक परेशानी सेहो बढ़ि रहल अछि। बाढ़िक असरि सं विद्यालय संचालन प्रभावित होएब प्रशासन लेल सेहो चुनौती बनि गेल अछि। राज्यक किछु अन्य बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक विद्यालय मे सेहो पानिक असरि देखल जा रहल अछि।

खगड़िया मे कोसी-बूढ़ी गंडक सं परेशानी

खगड़िया मे कोसीक संग बूढ़ी गंडकक जलस्तर सेहो खतरा स्तर सं ऊपर अछि। नदीक बढ़ल पानि निचला इलाका मे पसरि रहल अछि। ग्रामीण क्षेत्र मे आवाजाही प्रभावित होइत अछि आ लोक सुरक्षित स्थानक लेल चिंतित छथि। बाढ़िक बढ़ैत दबावक बीच प्रशासन द्वारा तटबंधक निगरानी आ राहति-बचावक तैयारी तेज कएल गेल अछि।

निजी अस्पताल मे प्रसूताक मृत्यु सं भड़कल हंगामा, डॉक्टर फरार

- ऑपरेशनक बाद बिगड़ल महिलाक स्थिति

झंझारपुर, समदिया

झंझारपुर थाना क्षेत्रक मोहना जीरो माइल स्थित एनएच-27 कात एपेक्स अस्पताल मे एकटा प्रसूताक मृत्यु भेला पर बृहस्पति राति जमि कए हंगामा भेल। मृतकाक परिजन आ ग्रामीणक आक्रोशक कारण एनएच-27 पर भीड़ बढ़ि गेल। अस्पताल परिसर मे सेहो तनावक स्थिति बनि गेल। प्रशासनक हस्तक्षेप सं स्थिति नियंत्रित कयल गेल।

मृतकाक पहिचान सिमरा मुशहरी वार्ड संख्या-8 निवासी ललन सदाक 26 वर्षीय पत्नी गुड़िया देवीक रूप मे भेल। मृतकाक ससुर किशुन सदायक अनुसार बुधदिन गुड़िया देवीक एपेक्स अस्पताल मे ऑपरेशन भेल छल, जाहि सं बच्चाक जन्म भेल। बच्चा सुरक्षित अछि। परिजनक आरोप अछि जे ऑपरेशनक बाद महिलाक अवस्था बिगड़ि गेल। गंभीर स्थिति देखैत बृहस्पति हुनका दोसर अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल, जतय इलाजक दौरान हुनकर मृत्यु भए गेल।

परिजनक आरोप अछि जे मृत्यु भेलाक सूचना भेटिते अस्पतालक संचालक आ कर्मी बच्चा कें परिजनक हाथ मे सौंपि फरार भए गेलाह। सूचना भेटलाक बाद पैघ संख्या मे ग्रामीण अस्पताल पहुंचि हंगामा शुरू कए देलनि। एहि क्रम मे अस्पताल मे काज कए रहल एकटा बढ़ई कें सेहो भीड़ पीटि देलक। सूचना भेटिते एसडीएम टोनी कुमारी, एसडीपीओ सुबोध कुमार सिन्हा सहित विभिन्न थाना सभक पुलिसबल घटनास्थल पर पहुंचि गेल। अधिकारीक प्रयास सं स्थिति शांत भेल। एसडीएम कहलनि जे पीड़ित परिवार लिखित आवेदन दे, तकर आधार पर जांच कए दोषी भेटलापर कठोर कारबाइ कयल जाएत। एहि बीच मृतकाक शव कें राति मे घरक लग छोड़ि देबाक बात सेहो सामने आयल। पुलिस शव कें कब्जा मे लए पोस्टमार्टम लेल मधुबनी पठा देलक। पुलिस अखन घटनाक जांच मे जुटल अछि।

पटना ग्रामीण एसपी कुंदन हटाओल गेलाह सीवानक पूर्व एसपी पूरन झाक नव पोस्टिंग

- बिहार सरकार 10 आइपीएस अधिकारीक केलक ट्रांसफर-पोस्टिंग
- निगरानी विभागक एसपी बनाओल गेलाह पूरन झा

पटना, समदिया

पटना जिलाक ग्रामीण एसपी कुंदन कुमार कें पद सं हटा देल गेल अछि। हुनकर स्थान पर आईपीएस अधिकारी कोमल मीणा कें पटना ग्रामीणक नव एसपी बनाओल गेल अछि। कहल जा रहल अछि जे बाढ़ मे विषाक्त शराब सं चारि लोकक मृत्यु भेलाक बाद उपजल विवादक कारण हुनका हटाओल गेल। ओतहि 17 दिन पहिने सीवान एसपी पद सं हटाओल गेल

आईपीएस पूरन कुमार झा कें नव पदस्थापना भेटल अछि। पुलिस मुख्यालय मे पदस्थापनक प्रतीक्षा मे रहथि पूरन झा कें निगरानी अन्वेषण ब्यूरो मे एसपी बनाओल गेल अछि। बिहार सरकार शुक्रदिन 10 आईपीएस आ तीन बीपीएस अधिकारीक स्थानांतरण आ पदस्थापनक अधिसूचना जारी कयलक।

शराबकांडक बाद हटाओल गेलाह कुंदन

बिहार पुलिस सेवा, 2007 बैचक अधिकारी कुंदन कुमार कें पटना ग्रामीण एसपीक पद सं हटा कए पटना मे प्रशासन एसपीक पद पर पठाओल गेल अछि।

ब्रिक्स सम्मेलनक दौरान दिल्ली मे लगाओल जायत मिथिला पेंटिंगक विशेष गैलरी

मिथिला चित्रकला संस्थान, मधुबनी सं उत्कृष्ट पेंटिंग सभ मंगाओल गेल अछि

- 8 सं 15 सितंबर धरि चलत ई प्रदर्शनी

मधुबनी, समदिया

ब्रिक्स सम्मेलनक अवसर पर मिथिला चित्रकला कें अंतरराष्ट्रीय मंच पर नव पहिचान देबाक लेल राजधानी दिल्ली मे मिथिला पेंटिंगक एकटा विशेष गैलरीक आयोजन कयल जा रहल अछि। भारतक मेजबानी मे 12 आ 13 सितंबर कें आयोजित होमयबला ब्रिक्स शिखर सम्मेलनक दौरान ई प्रदर्शनी राष्ट्रीय शिल्प संग्रहालय मे लगाओल जायत। प्रदर्शनी 8 सं 15 सितंबर धरि चलत।



वस्त्र मंत्रालयक विकास आयुक्त (हस्तशिल्प) कार्यालय एहि आयोजनक दिशा मे महत्वपूर्ण पहल कयने अछि। प्रदर्शनी मे मिथिला चित्रकला संस्थान, मधुबनी सं उच्च गुणवत्ता बला प्रतिनिधि पेंटिंग मंगाओल गेल अछि। आयोजक सभक प्राथमिकता एहन कलाकृति सभ कें देल गेल अछि, जाहि मे शुद्ध प्राकृतिक रंग, पारंपरिक प्रतीक आ स्थानीय शैलीक प्रयोग भेल हो।

प्रदर्शनी मे कछुआ, माछ, कमल, देवी-देवता जकां पारंपरिक प्रतीकक संग स्थानीय सामग्री आ प्रामाणिक शैली–भरनी, कचनी, तांत्रिक आदि पर विशेष जोर देल जायत। एकर उद्देश्य मात्र मधुबनी पेंटिंगक प्रदर्शन करब नहि, बल्कि विश्वक सामने एहि कलाक ऐतिहासिक महत्व, सांस्कृतिक विरासत आ मिथिलाक गहिंर जड़ि सभ कें सही रूप मे प्रस्तुत करब अछि।

एहि गैलरी मे महिला कलाकारक योगदान सेहो विशेष रूप सं रेखांकित कयल जायत। सदियो सं मिथिला चित्रकला कें जीवित राखब आ ओकर परंपरा कें पीढ़ी-दर-पीढ़ी आगू बढ़ेबा मे महिला सभक भूमिका अत्यंत महत्वपूर्ण रहल अछि। प्रदर्शनी मे महिला कलाकारक पीढ़ीक मेहनत, हुनकर सृजनात्मक योगदान आ एहि कला परंपरा कें बचेबा मे हुनकर भूमिका कें प्रमुखता सं प्रस्तुत कयल जायत।

पटना सं यूपी जायब होयत आसान बिहारक 6 जिला जुड़त नव फोरलेन सं

8660 करोड़क लागति सं बनत राजमार्ग

पटना, समदिया

बिहारक पश्चिमी चंपारण जिला सं पटना आ उत्तर प्रदेशके जोड़निहार दू पैघ राजमार्गक निर्माण आब शीघ्र शुरू होयबाक अछि। जमीन अधिग्रहणक काज अटकल छल, जकरा आब जिला प्रशासन तेजी सं पूरा कराबय मे जुटल अछि।

एकरा मे पहिल एनएच 139 डब्ल्यू अछि, जे बेतिया सं जगदीशपुर होइत सीधे पटना सं जुड़त। जखनकि दोसर एनएच 727 एए अछि, जे बेतियाक मनुआपुल सं पिपराघाटक बाटे यूपी मे सेवरहीक तमकुही रोड धरि जायत।

सड़क निर्माणक अड़चन दूर करबाक लेल डीएम तरनजोत सिंह अधिकारी सभके सख्त निर्देश देलनि अछि। एनएच 727 एएक लेल जमीनक काज पूरा करबाक लेल साढ़े तीन मासक समय देल गेल अछि, जखनकि एनएच 139 डब्ल्यूल लेल मात्र डेढ़ मासक समय-सीमा निर्धारित कएल गेल अछि।

जाहि इलाका मे जमीनके लए लोकक आपत्ति अछि, तकर समाधान सेहो शीघ्र कएल जायत। काज मे लापरवाही कएनिहार कर्मचारी सभ पर कड़ी कारबाइक चेतावनी देल गेल अछि।

कोनो नेशनल हाईवे निर्माणक काज शुरू करबाक लेल कम सं कम 80 प्रतिशत जमीन अधिग्रहण जरूरी होइत अछि। निर्माण एजेंसी सेहो दू मास पहिने एहि शर्तके रखलक छल। एकर बाद सांसद डॉ. संजय जायसवाल काज मे तेजी आनबाक निर्देश देलनि छलाह।

एनएच 727 एए लेल 160.93 हेक्टेयर आ एनएच 139 डब्ल्यू लेल 111.80 हेक्टेयर जमीनक आवश्यकता अछि। एहि मे कुल 16 गामक किसानक जमीन शामिल अछि।

एनएच 139 डब्ल्यू परियोजना पर 8660.70 करोड़ रुपैया खर्च होयत। 171.29 किलोमीटर लंबा ई चारि लेनक सड़क बिहारक 6 पैघ जिला–पटना, सारण, वैशाली, मुजफ्फरपुर, पूर्वी चंपारण आ पश्चिमी चंपारणके एक-दोसरा सं सीधे जोड़त। एकरा सं उत्तर बिहार सं राजधानी पटना पहुंचब बहुत आसान भए जायत।

दोसर दिस एनएच 727 एए बेतियाक मनुआपुल सं गंडक नदी पार करैत यूपी मे तिवारी पट्टीके जोड़त। एकर कुल लंबाइ 29.24 किलोमीटर होयत। एहि परियोजनाक खास बात गंडक नदी पर बननिहार 11.24 किलोमीटर लंबा विशाल पुल अछि। पूरा परियोजनाक निर्माण पर 3294.16 करोड़ रुपैया खर्च होयत।

दूनू परियोजना पूरा भेलाक बाद बिहारक सीमावर्ती इलाका मे गाड़ी सभक आवाजाही बहुत सुगम भए जायत। एकरा सं आम लोकक यात्रा आरामदायक होयबाक संग क्षेत्र मे व्यापारिक गतिविधि आ आर्थिक विकासके सेहो पैघ बढ़ावा भेटत। जिला प्रशासनक पूरा प्रयास अछि जे निर्धारित समयक भीतर जमीनक काज पूरा कए सड़क निर्माणक काज तेजी सं शुरू करा देल जाए।

पीएमसीएचक सामने चलैत कार मे लागल आगि

- जेपी पथ पर मचल अफरा-तफरी
- मरीन ड्राइवक बाटे पटना सिटी जा रहल छल कार

पटना, समदिया

पीरबहोर थाना क्षेत्र मे पीएमसीएचक सामने मरीन ड्राइव पर शुक्रदिन चलैत-चलैत अथवा ठाढ़ कार मे अनचोके भीषण आगि लागि गेल। देखिते-देखिते कार सं तेज लपट निकलए लागल।

आगिक घटनाक सं सड़क पर मौजूद लोक सभ मे अफरा-तफरी मचि गेल। आसपासक लोक सुरक्षित स्थान दिस भागए लागलाह।

सूचना भेटिते पहुंचल दमकलक टीम

घटनाक बाद सड़क पर लोकक भीड़ जुटि गेल। स्थानीय लोक सभ तत्काल अग्निशमन विभागके सूचना देलनि। जानकारी भेटिते दमकलक टीम घटनास्थल पर पहुंचि गेल आ आगि बुझेनाइ शुरू कएलक।

अग्निशमन कर्मी सभ बहुत मेहनतिक बाद कार मे लागल आगि पर काबू पाबि लेलनि। आगि बुझेलाक बाद टीम घटनास्थलक जांच कए ई सुनिश्चित कएलक जे फेर सं आगि नहि भड़कए।

बहुत देर धरि धधकैत रहल कार

कार मे लागल आगि बहुत देर धरि तेज लपटिक संग धधकैत रहल। एहि सं आसपासक इलाका मे दहशतक माहौल बनल रहल। आगिक कारण सड़क पर सेहो लोकक भीड़ जुटि गेल छल।

ड्राइवर फरार, कार मालिकक खोज जारी

अनुमंडल अग्निशमन पदाधिकारी अजीत कुमार कहलनि, ह्लपटना सिटी दिस सं आबि रहल छल। पीएमसीएचक लग आगि लागि गेल। गाड़ीक ड्राइवर फरार अछि। ई इनोवा क्राइस्ट कार अछि। एखन पता लगाओल जा रहल अछि जे गाड़ी केकर अछि।

आगि लगबाक कारण स्पष्ट नहि

एखन कार मे आगि लगबाक कारणक पता नहि चलि सकल अछि। अग्निशमन विभाग आ पुलिसक टीम मामिलाक जांच कए रहल अछि। आगि तकनीकी खराबीक कारण लागल अथवा एकर पाछू कोनो दोसर कारण छल, ई जांचक बादे स्पष्ट होयत। घटना मे केओ हताहत भेल हो, तकर सूचना नहि अछि।

पूर्णिया-दिल्ली इंडिगोक उड़ान खराब मौसिमक कारण जयपुर डायवर्ट

यात्री एयरपोर्ट पर फंसल

पटना, समदिया

दिल्ली-एनसीआर मे शुक्रदिन खराब मौसिम आ भारी बरखा सं हवाई सेवा पर सेहो असर पड़ल। पूर्णिया सं दिल्ली लेल विदा भेल इंडिगोक उड़ान 6ई6560 दिल्ली एयरपोर्ट पर खराब मौसिमक कारण लैंड नहि कए सकल। यात्री सभक सुरक्षा कें देखैत विमानके जयपुर एयरपोर्ट दिस डायवर्ट कएल गेल, जतए सांझ करीब 4:30 बजे विमान लैंड कएल। उड़ान डायवर्ट भेला सं ओहि मे सवार यात्री सभके जयपुर एयरपोर्ट पर रुकए पड़ल।

एयरपोर्ट सूत्रक अनुसार इंडिगोक उड़ान 6ई6560 निर्धारित समय अनुसार करीब 1:58 बजे पूर्णिया एयरपोर्ट सं दिल्ली लेल विदा भेल छल। विमानक दिल्ली पहुंचबाक समय ओतए मौसिमक स्थिति अनुकूल नहि छल। खराब मौसिम आ भारी बरखाक कारण दिल्ली एयरपोर्ट पर लैंडिंग संभव नहि भेला सं विमानके जयपुर दिस मोड़ि देल गेल। पूर्णिया एयरपोर्टक निदेशक डीपी गुप्ता कहलनि जे दिल्ली मे मौसिम खराब होयबाक कारण पूर्णिया-दिल्ली उड़ान 6ई6560 कें जयपुर डायवर्ट कएल गेल अछि। ओ कहलनि जे यात्री सभक सुरक्षाके ध्यान मे राखैत विमानके दिल्लीक बदला जयपुर एयरपोर्ट पर उतारल गेल।

उड़ानक जयपुर पहुंचलाक बाद ओहि मे सवार यात्री सभ फिलहाल एयरपोर्ट परे रुकल छथि। पूर्णिया निवासी यात्री सुनील सुमन कहलनि जे सभ यात्री जयपुर मे रुकल छथि। यात्री सभके बताओल गेल अछि जे दिल्ली मे मौसिम साफ भेलाक बाद हुनका सभके जयपुर सं दिल्ली लए जाएल जायत।

यात्री सभ आब विमानक फेर उड़ान भरबाक आ दिल्ली पहुंचबाक प्रतीक्षा कए रहल छथि। खराब मौसिमक कारण उड़ानक परिचालन प्रभावित भेला सं यात्री सभक आगूक यात्रा कें लए अनिश्चितता बनल अछि। दिल्ली जायबला यात्री सभके अपन आगूक यात्रा योजनाक लेल संबंधित उड़ानक स्थिति बेर-बेर पता करैत रहबाक सलाह देल गेल अछि।

राज्य मे 505 करोड़ सं बेसीक निवेश, 5000 लोक कें रोजगार देबाक तैयारी

पटना। बिहारक उद्योग आ रोजगार सं जुड़ल एकटा जरूरी खबरि अछि। बिहार औद्योगिक क्षेत्र विकास प्राधिकरण यानी बियाडा 26 औद्योगिक परियोजनाके मंजूरी देलक अछि। एहि परियोजना सभ लेल करीब 33.08 एकड़ औद्योगिक जमीनक आवंटन सेहो कएल गेल अछि। सब सं महत्वपूर्ण बात ई अछि जे प्रस्तावित परियोजना सभ मे करीब 505.27 करोड़ रुपैयाक निवेशक संभावना अछि। जं ई सभ उद्योग जमीन पर उतरैत अछि आ निर्धारित समय मे उत्पादन शुरू करैत अछि तं करीब 5 हजार लोकके रोजगार भेटि सकैत अछि। आब प्रश्न अछि जे बिहारक कोन-कोन क्षेत्र मे ई निवेश आबि रहल अछि? स्वीकृत परियोजना सभ मे खाद्य प्रसंस्करण, वस्त्र, चमड़ा परिधान, बैग आ बेल्ट निर्माण, पशु आहार आ सामान्य विनिर्माण सहित कतेको गतिविधि शामिल अछि। एहि तरहे निवेशक लाभ मात्र एकटा क्षेत्र धरि सीमित नहि रहत, बल्कि अलग-अलग औद्योगिक क्षेत्र मे नव गतिविधि शुरू होयबाक संभावना अछि। जानकारीक अनुसार, बिहार मे उद्योगक स्थापना आओर सहज बनेबाक लेल बियाडाक परियोजना स्वीकृति समितिए प्लग-एंड-प्ले शेडक आवंटन सं जुड़ल प्रस्ताव सभके सेहो मंजूरी देलक अछि।

बिहार मे बढ़त शहरक क्षेत्र, 15 सितंबरक बाद बनत नव नगर निकाय

सरकार जारी कएलक दिशा-निर्देश

पटना, समदिया

बिहार मे नव नगर निकायक गठन आ पुरान निकायक उत्क्रमण आ क्षेत्र विस्तारक प्रक्रिया 15 सितंबरक बाद शुरू होयत। नगर विकास एवं आवास विभाग सभ जिलाधिकारी सं बिहार नगरपालिका अधिनियमक प्रावधानक आधार पर प्रस्ताव मंगौलक अछि। प्रस्तावक संग कोन-कोन जानकारी देबाक अछि, एकर विस्तृत दिशानिर्देश सेहो जारी कएल गेल अछि।

विभागीय सूत्रक अनुसार, वर्ष 2020 मे नगरपालिका अधिनियम मे संशोधनक बाद जिला सभ सं भेटल प्रस्तावक आधार पर राज्य मे 121 नव नगर निकायक गठन कएल गेल छल। एकरा संग कतेको नगर निकायक उत्क्रमण आ क्षेत्र विस्तार सेहो भेल छल। एकर परिणामस्वरूप राज्यक शहरीकरण दर मे उल्लेखनीय वृद्धि भेल।

आब छोट बाजार आ तेजी सं विकसित भए रहल शहरीनुमा क्षेत्र

सभके सेहो नगर निकायक दर्जा देबाक विचार कएल जा रहल अछि।

2022 मे जारी अधिसूचनाक अनुसार विशेष श्रेणीक क्षेत्र लेल नगर पंचायतक आबादी 9 हजार सं बेसी आ 30 हजार धरि, नगर परिषदक आबादी 30 हजार सं बेसी आ 1.50 लाख धरि तथा नगर निगमक आबादी 1.50 लाख सं बेसी निर्धारित कएल गेल अछि। जं आबादी एहि सीमा सं बेसी भए गेल अछि तं एहन स्थिति मे नव नगर पंचायत, नगर परिषद अथवा नगर निगमक गठन कएल जा सकैत अछि।

प्रस्ताव मे आबादीक संग कर्मीक ब्योरा देब अनिवार्य

सूत्र सभ कहलनि जे नगर निकाय बनेबाक प्रस्ताव मे मात्र आबादी नहि, बल्कि कुल कर्मी आ कृषि कर्मीक संख्याक ब्योरा सेहो देब होयत। संबंधित क्षेत्र मे कृषि कर्मीक हिस्सेदारी कुल कर्मीक संख्याक 50 प्रतिशत सं कम होयबाक चाही।

डीएमके प्रस्तावक संग क्षेत्रफल, जनसंख्या घनत्व, प्रस्तावित सीमा, चौहद्दी आ थाना संख्याक जानकारी सेहो देब होयत।

विभागक उद्देश्य छोट बाजार सभके नगरीय सुविधा सं जोड़ब आ नव नगर निकायक मास्टर प्लान तैयार कए सुनियोजित विकास सुनिश्चित करब अछि।

नव निकाय बनलाक बाद क्षेत्र सभ कें भेटत शहरी सुविधा

नव नगर निकाय बनलाक बाद एहि क्षेत्र सभ मे सफाइ, जलापूर्ति, ड्रेनेज, कचरा उठाव, स्ट्रीट लाइट आ शहरी योजना सभक लाभ भेटि सकत।

विभाग निर्देश देलक अछि जे जे निकाय क्षेत्र नव निकाय बनेबाक प्रस्ताव देब चाहैत अछि, ओ सभ 15 सितंबर धरि हर हाल मे अपन प्रस्ताव विभागके अनिवार्य रूप सं सौंपि देथि। एकर बाद निर्धारित प्रक्रिया अनुसार आगूक कारबाइ शुरू कएल जायत।

पटना सिटी मे गंगाक पानि घर-सड़क धरि पहुंचल, कतेको घाट जलमग्न

1000 घर प्रभावित

पटना, समदिया

पटना सिटी मे गंगाक लगातार बढ़ैत जलस्तर आ तेज धार सं तटवर्ती इलाका सभ मे बाढ़िक खतरा बढ़ि गेल अछि। भद्र घाट, महावीर घाट आ कंगन घाट सहित कतेको इलाका मे गंगाक पानि सड़क धरि पहुंचि गेल अछि। किछु स्थान पर करीब तीन फीट धरि पानि सड़क पर बहि रहल अछि। कंगन घाट क्षेत्र मे पानि कतेको घर मे घुसि गेल अछि, जाहि सं करीब एक हजार घर प्रभावित भेल अछि।

घाट दिस जायबला बाट पर बैरिकेडिंग

गंगाक बढ़ैत जलस्तर कें देखैत जिला आ पुलिस प्रशासन लोकक सुरक्षा लेल घाट दिस जायबला बाट पर बैरिकेडिंग कए आवाजाही रोकि देलक अछि। जिलाधिकारी आ वरिष्ठ पुलिस अधीक्षक लगातार लोक सं गंगा आ घाट सं दूर रहबाक अपील कए रहल छथि।

प्रशासनक कहब अछि जे गंगा मे तेज धारक बीच नदीक लग जाएब जानलेवा भए सकैत अछि। लोक सं सुरक्षा निर्देश सभक पालन करबाक आ अनावश्यक रूप सं घाट दिस नहि जायबाक अपील कएल गेल अछि।

एक दिस प्रशासन घाट पर लोकक आवाजाही रोकि रहल अछि, जखनकि दोसर दिस कच्ची दरगाह सं राघोपुरक बीच नावक परिचालन जारी अछि। पैघ संख्या मे लोक नाव सं गंगा पार करैत देखल जा रहल छथि।

एहि दौरान कतेको नाव पर क्षमता सं बेसी यात्री सवार होयबाक तस्वीर सामने आएल अछि। गंगा मे तेज धारक बीच ओवरलोड नावक परिचालन सं यात्रीक सुरक्षा पर गंभीर प्रश्न उठि रहल अछि। नाव पर क्षमता सं बेसी लोकक सवार होयबा सं दुर्घटनाक खतरा बढ़ि गेल अछि।

मजिस्ट्रेट तैनात, मुदा एखनहुं नहि रुकल ओवरलोड परिचालन

पटना सिटी अनुमंडल पदाधिकारी कशिश बख्शीक निर्देश पर घाट आ नदी क्षेत्र मे निगरानी लेल मजिस्ट्रेट सभक तैनाती कएल गेल अछि। एकरा बावजूद नावक परिचालन जारी रहबाक आ किछु नाव पर क्षमता सं बेसी यात्री सवार होयबाक बात सामने आबि रहल अछि।

स्थानीय लोकक कहब अछि जे राघोपुर आ आसपासक इलाका सं आवागमन लेल नाव प्रमुख साधन अछि। एहन स्थिति मे पूरा तरहे नाव परिचालन बंद करब कठिन अछि, मुदा वर्तमान परिस्थिति मे क्षमताक अनुसार यात्री सभके बैठेनाइ, लाइफ जैकेट उपलब्ध करेनाइ आ नावक नियमित निगरानी बहुत जरूरी अछि।

तेज धार मे छोट लापरवाही पड़ि सकैत अछि भारी

गंगाक जलस्तर बढ़बाक संग नदीक धार सेहो तेज अछि। एहन स्थिति मे नाव पर क्षमता सं बेसी यात्रीक सवार होयब जोखिमके कतेको गुना बढ़ा दैत अछि। प्रशासन दिस सं घाट पर लोकके सतर्क कएल जा रहल अछि, मुदा नदी पार कएनिहार यात्रीक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल नावक परिचालन पर सख्त निगरानी करब जरूरी भए गेल अछि।

पटना सं 50 हजार रुपैयाक इनामी अपराधी अंगद बहादुर सिंह गिरफ्तार

पटना। इनामी अपराधी अंगद बहादुर सिंह गिरफ्तार : बिहार एसटीएफक विशेष टीम पटना जिलाक वांछित आ 50 हजार रुपैयाक इनामी अपराधी अंगद बहादुर सिंहके गिरफ्तार कएलक अछि। एसटीएफ 3 सितंबर कें कंकड़बाग थाना क्षेत्र मे छापामारी कए ओकरा पकड़लक। गिरफ्तार अंगद बहादुर सिंह कैमूर जिलाक रामगढ़ थाना क्षेत्रक मोसियां गामक निवासी अछि। ओकर पिता नाम नरेश्वर सिंह बताओल गेल अछि। एसटीएफक अनुसार अंगद बहादुर सिंह फुलवारीशरीफ थाना कांड संख्या 876/22 मे वांछित छल। ओकर विरुद्ध 22 जुलाई 2022 कें धारा 406, 420, 467, 468, 471 आ 120बीक अंतर्गत मामिला दर्ज कएल गेल छल। मामिला दर्ज भेलाक बाद सं पुलिसके ओकर तलाश छल। एहि बीच बिहार एसटीएफक विशेष टीमके सूचना भेटल जे अंगद बहादुर सिंह कंकड़बाग थाना क्षेत्र मे मौजूद अछि। सूचनाक आधार पर टीम इलाका मे घेराबंदी कए छापामारी कएलक आ ओकरा गिरफ्तार कए लेलनि। गिरफ्तारीक दौरान एसटीएफक टीम अंगद बहादुर सिंह लग सं तीन मोबाइल फोन बरामद कएलक अछि। पुलिस आब बरामद मोबाइल आ अन्य तथ्यक आधार पर मामिलाक जांच आगू बढ़ा रहल अछि।

खुसरूपुरक बैकुंठ धाम मे नव पुलिस ओपी खुजल, डीजीपी विनय कुमार कएलनि उद्घाटन

पटना, समदिया

खुसरूपुर स्थित ऐतिहासिक आ आस्थाक प्रमुख केंद्र बैकुंठ धाम मे आब श्रद्धालु सभक सुरक्षा आ विधि-व्यवस्था कें आरो मजबूत कएल गेल अछि।

मंदिर परिसर आ आसपासक क्षेत्र मे कानून-व्यवस्था बना रखबाक उद्देश्य सं एतय नव पुलिस ओपी (पुलिस चौकी)क आधिकारिक शुभारंभ कएल गेल अछि।

बिहारक पुलिस महानिदेशक (डीजीपी) विनय कुमार फीता काटि कए नव ओपीक उद्घाटन कएलनि। एहि अवसर पर पुलिस विभागक कतेको वरिष्ठ अधिकारी प्रमुख रूप सं उपस्थित छलाह।

उद्घाटन समारोह मे आईजी जितेंद्र राणा, एसएसपी कार्तिकेय कुमार शर्मा, ग्रामीण पुलिस अधीक्षक कुंदन कुमार, एसडीपीओ संजीव कुमार, एसडीपीओ अवधेश कुमार, पुलिस इंस्पेक्टर माया यादव, थानाध्यक्ष संजीव कुमार सिंह आ नवनियुक्त ओपी प्रभारी संतोष कुमार अपन उपस्थिति दर्ज करौलनि।

एकर अतिरिक्त न्यास समितिक सचिव राजा राम सिंह, प्रेम यूथ फाउंडेशनक संस्थापक प्रेम कुमारक संग क्षेत्रक कतेको गणमान्य व्यक्ति आ पैघ संख्या मे शिव भक्त उपस्थित छलाह।

डीजीपी विनय कुमार उद्घाटनक बाद मीडिया आ उपस्थित लोक सभके संबोधित करैत कहलनि जे बैकुंठ धाम मे प्रतिदिन आ विशेष अवसर पर पैघ संख्या मे श्रद्धालु पहुंचैत छथि। आगंतुक सभक सुरक्षा आ क्षेत्र मे कानून-व्यवस्था कें पुख्ता बना रखब पुलिस प्रशासनक सर्वोच्च प्राथमिकता अछि।

ओ कहलनि जे नव ओपी खुलला सं मंदिर परिसर आ आसपासक क्षेत्र मे पुलिसक सक्रियता आ मौजूदगी बहुत बढ़त। एहि सं कोनो आपात स्थिति मे शीघ्र आ प्रभावी कारबाइ सुनिश्चित कएल जा सकत।

नव पुलिस ओपीक संचालन शुरू भेला सं स्थानीय लोक आ दूर-दूर सं आबयबला शिव भक्त सभ मे खुशीक लहरि दौड़ि गेल अछि। भक्त सभक मानब अछि जे एहि कदम सं असामाजिक तत्व पर नकेल कसत आ महिला, बुजुर्ग तथा परिवारक संग आबयबला सभ श्रद्धालु सुरक्षित वातावरण मे पूजा-अर्चना कए सकताह।

उद्घाटनक दिन सेहो मंदिर परिसर मे पैघ संख्या मे लोक जुटल छलाह।

पॉक्सो मामिला मे अभियुक्त कें आजीवन सश्रम कारावास संग 50 हजार टाका जुर्माना

पुलिसक प्रभावी कारबाइ आ वैज्ञानिक अनुसंधान सं करीब साढ़े छह मास मे भेल दोषसिद्धि

सहरसा, समदिया

सहरसा पुलिसक प्रभावी कारबाइ, वैज्ञानिक अनुसंधान आ लगातार ट्रायल मॉनिटरिंगक परिणामस्वरूप पॉक्सोक गंभीर मामिला मे अभियुक्त कें कठोर सजाक फैसला भेल अछि। विशेष न्यायालय (पॉक्सो) सौरबाजार थाना कांड संख्या 52/2026क अभियुक्त राज कुमार शर्मा कें पॉक्सो एक्टक धारा 6क अंतर्गत आजीवन सश्रम कारावास (मृत्यु धरि) आ 50 हजार टाका अर्थदंडक सजा सुनौलक अछि। मामिला 17 फरवरी 2026कें सौरबाजार थाना मे दर्ज भेल छल। घटनाक गंभीरता कें देखैत तत्कालीन पुलिस अधीक्षक

हिमांशु घटनास्थलक निरीक्षण कए त्वरित आ वैज्ञानिक अनुसंधान लेल विशेष जांच टीम (एसआईटी) गठित कएलनि। एसआईटी प्रभावी आ वैज्ञानिक ढंग सं अनुसंधान कए महत्वपूर्ण साक्ष्य एकत्र कएलक। अनुसंधानक क्रम मे एफएसएलक माध्यम सं डीएनए जांच सेहो कराओल गेल। पुलिस निर्धारित समय मे अनुसंधान पूरा कए 14 मई 2026कें न्यायालय मे आरोप-पत्र समर्पित कएलक। न्यायालय 23 मई कें मामिला मे संज्ञान लेलक आ 4 जून कें आरोप गठन भेल। अभियोजन पक्षक दिस सं विशेष लोक अभियोजक शैलेंद्र प्रसाद प्रभावी पैरवी कएलनि। लगातार ट्रायल मॉनिटरिंगक परिणामस्वरूप 3 सितंबर 2026कें विशेष न्यायालय (पॉक्सो), सहरसा अभियुक्त कें दोषी ठहरबैत आजीवन सश्रम कारावास (मृत्यु धरि) आ 50 हजार टाका अर्थदंडक सजा सुनौलक। मुख्यालय डीएसपी के. पी. पांडेय प्रेस वार्ता मे जानकारी देलनि जे त्वरित आ गुणवत्तापूर्ण अनुसंधान, प्रभावी साक्ष्य संकलन, वैज्ञानिक जांच, लगातार ट्रायल मॉनिटरिंग आ प्रभावी अभियोजनक समन्वित प्रयास सं करीब साढ़े छह मासक भीतर मामिला मे दोषसिद्धि करबैत अभियुक्त कें कठोर सजा दिलाओल गेल।

एसआईटी मे पुलिस उपाधीक्षक (प्रशिक्षण) आ तत्कालीन सौरबाजार थानाध्यक्ष खालिद हयात, अपर थानाध्यक्ष पुनीत प्रभाकर भारती आ अनुसंधानकर्ता कनीय अवर निरीक्षक सुजाता रानी शामिल छलीह। ट्रायल मॉनिटरिंग टीम मे पुलिस उपाधीक्षक मुख्यालय-01 धिरेंद्र पांडेय, प्रभारी अभियोजन कोषांग शुजाउद्दीन, त्वरित विचारण/अभियोजन शाखाक करण झा आ अरुण झा शामिल रहलथि।

राज्य मे उर्वरकक पर्याप्त भंडार कालाबाजारी पर जीरो टॉलरेंस : मंत्री

330 प्रतिष्ठानक प्राधिकार पत्र रद्द, 72 मामिला मे प्राथमिकी दर्ज

पटना, समदिया

कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे राज्य मे उर्वरकक पर्याप्त उपलब्धता अछि आ वर्तमान मे कोनो जिला मे उर्वरकक कमी नहि अछि। किसान सभ कें आवश्यकतानुसार समयपर गुणवत्तापूर्ण उर्वरक निर्धारित मूल्यपर उपलब्ध करायब सरकारक सर्वोच्च प्राथमिकता अछि। 4 सितंबर 2026 धरि राज्य मे 3.44 लाख मीट्रिक टन यूरिया, 1.52 लाख मीट्रिक टन डीएपी, 2.48 लाख मीट्रिक टन एनपीके, 0.71 लाख मीट्रिक टन एमओपी आ 1.17 लाख मीट्रिक टन एसएसपीक भंडार उपलब्ध अछि। मंत्री पदाधिकारी सभ कें आवश्यकता आ आच्छादनक आधारपर उर्वरकक उप-आवंटन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। मंत्री कहलनि जे निर्धारित मूल्य सं

बेसी दरपर बिक्री, कालाबाजारी, जमाखोरी अथवा किसानसभक संग अनियमितता कें बर्दाश्त नहि कएल जायत। शारदीय मौसिम 2026-27 मे 4 सितंबर धरि 72 उर्वरक प्रतिष्ठानक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि, जखन कि 330 प्रतिष्ठानक उर्वरक प्राधिकार पत्र रद्द कएल गेल अछि। उर्वरकक कालाबाजारीपर नियंत्रण लेल मुख्यालय स्तरपर उड़नदस्ता दल गठित कएल गेल अछि। सीमावर्ती जिला सभ मे सशस्त्र सीमा बलक सहयोग सं निगरानी सेहो कएल जा रहल अछि। मंत्री किसान सभ सं अपील कएलनि जे उर्वरक खरीदैत समय बिक्री रसीद अवश्य लिअथि। निर्धारित मूल्य सं बेसी राशि मांगल गेलापर किसान हेल्पलाइन 1800-180-1551 अथवा व्हाट्सऐप नंबर 7766085888 पर सूचना दिअथि।

हत्या मामिला मे समझौता लेल रचल गेल अपहरणक षडयंत्र, पुलिस खोललक राज

सिंहवाड़ा, समदिया

सिंहवाड़ा थाना क्षेत्र मे 17 वर्षीय किशोरक अपहरणक मामिला पुलिसक तकनीकी आ मानवीय अनुसंधान मे फर्जी निकलल। पुलिसक अनुसार, हत्याक एकटा मामिला मे समझौता लेल दबाव बनेबाक आ वादी-गवाह सभ कें झूठा मुकदमा मे फंसाबयक उद्देश्य सं अपहरणक साजिश रचल गेल छल। शुक्रदिन सिंहवाड़ा थाना परिसर मे आयोजित पत्रकार वार्ता मे सदर अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी-2 एसके सुमन कहलनि जे तीन सितंबर कें राजो वार्ड-05 निवासी उर्मिला देवी अपन पुत्र रौशन कुमार सहनीक अपहरणक सूचना देने छलथि। कहल गेल छल जे अपहर्ता सभ ओकरा संग मारपीट कए रहल अछि आ मारपीटक वीडियो परिजनक मोबाइलपर पठा कए ओकर हत्या करबाक धमकी दए रहल अछि। मामिलाक गंभीरता कें देखैत वरिष्ठ पुलिस अधीक्षकक निर्देशपर सदर अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी-2क नेतृत्व मे विशेष दल गठित कएल गेल। एहि दल मे सिंहवाड़ा, सिमरी, कमतौल आ जाले थानाक पुलिसक अतिरिक्त तकनीकी दल कें सेहो शामिल कएल गेल। मधुबनी आ मुजफ्फरपुर पुलिसक सहयोग सं रातिभरि छापेमारी कएल गेल। पुलिसक दबाव सं घबरायल कथित अपहर्ता सभ किशोर कें मोटरसाइकिल सं पनिशाला चौकपर छोड़ि फरार भए गेल। पुलिस ओकरा बरामद कए पूछताछ कएलक तं अपहरणक पूरा घटनाक्रमक भेद खुजल। पुलिसक अनुसार, सिंहवाड़ा थाना कांड संख्या 192/26 सं जुड़ल हत्याक मामिला मे समझौता कराबय लेल ई साजिश रचल गेल छल। प्राथमिकी आरोपित दीपक सहनीक योजनानुसार राकेश सहनी, सुमन पासवान, ललन आ सोनू कुमारक संग मिलि रौशन स्वयं अपहरणक झूठा कथा तैयार केने छल। एहि साजिशक उद्देश्य हत्याकांडक वादी आ गवाहसभपर झूठा मुकदमा कराकऽ समझौता लेल दबाव बनेब छल। अनुसार, एहि मामिलाक तार राजो निवासी छोटकन देवी सं जुड़ल पूर्वक मामिला सं सेहो जुड़ैत अछि। जमीनक विवाद मे मारपीट भेल छल। एहि घटनाक संबंध मे डीएमसीएच मे उपचारक दौरान देल गेल हुनकर बयानक आधारपर सिंहवाड़ा थाना कांड संख्या 192/26 दर्ज कएल गेल छल। बाद मे उपचारक दौरान 14 जून कें हुनकर मृत्यु भए गेल। पुलिसक कहब अछि जे हुनकर मृत्युक बाद आरोपित पक्षपर दबाव बनेबाक आ दोसर पक्ष कें झूठा मामिला मे फंसबय लेल अपहरणक साजिश रचल गेल। एसडीपीओ कहलनि जे किशोरक न्यायालय मे बयान दर्ज कराबयक प्रक्रिया शुरू कए देल गेल अछि। तकनीकी आ मानवीय अनुसंधानक आधारपर आगांक कारबाइ कएल जा रहल अछि। छापेमारी दल मे तकनीकी शाखाक अमृत साह, सिमरी थानाध्यक्ष अरविंद कुमारक अतिरिक्त कमतौल, जाले आ सिंहवाड़ा थानाक पुलिस पदाधिकारी सभ शामिल छलाह।

480 बोतल शराब संग एकटा बाइक जब्त तस्कर फरार

बेनीपट्टी। स्थानीय थाना पुलिस थाना क्षेत्रक केसुली सं भारी मात्रा मे शराब बरामद कएलक अछि। एहि क्रम मे एकटा बाइक सेहो जब्त कएल गेल अछि। मुदा पुलिसक गाड़ीक देखैतहि तस्कर बाइक छोड़ि भागि निकलय मे सफल रहल। प्राप्त जानकारीक अनुसार, 3 सितंबरक भोर थाना मे पदस्थापित पीटीसी विजय कुमार दलबलक संग गश्तीपर निकलल छलाह। भोर करीब साढ़े 7 बजे केसुली पहुंचला पर हुनका देखाइ पड़ल जे खिरहर दिस सं एकटा बाइक सवार बोरा लादि अकौर दिस आबि रहल अछि। पुलिसक गाड़ीपर नजरि पड़ितहि बाइक सवार बाइक छोड़ि भागय लगल। संग मे रहल पुलिस बल ओकरा खेदि कए पकड़बाक प्रयास कएलक, मुदा घनी आबादीक फायदा उठबैत ओ फरार भए गेल। पुलिसक अनुसार बाइकपर चारिटा बोरा लदल छल। बाइक आ बोराक तलाशी लेल गेल तं ओहि मे सं 480 बोतल सोफी नामक नेपाली देशी शराब बरामद भेल। पुलिस शराब आ अपाचे बाइक जब्त कए थाना लए गेल।

अनावश्यक रेफरल घटेनाइ आ जिला अस्पताल सभ कें मजबूत करब प्राथमिकता : स्वास्थ्य मंत्री

जिला अस्पताल सभ मे सर्जरी सेवा मे तेजी, अगस्त मे 8,209 रोगीक भेल ऑपरेशन

पटना, समदिया

बिहारक जिला अस्पताल सभ मे शल्यक्रिया सेवाक लगातार विस्तार भए रहल अछि। जून सं अगस्त 2026 धरि शल्यक्रियाक संख्या लगातार बढ़ल अछि। जून मे जिला अस्पताल सभ मे कुल 2,428 शल्यक्रिया भेल छल, जे जुलाई मे बढ़िकऽ 5,650 आ अगस्त मे 8,209 धरि पहुंचि गेल। अर्थात अगस्त मे जुलाईक तुलना मे 2,559 बेसी शल्यक्रिया भेल, जे करीब 45.3 प्रतिशतक वृद्धि अछि। स्वास्थ्य विभाग द्वारा जिला अस्पताल सभ मे उपलब्ध संसाधनक नीक उपयोग, शल्यक्रिया सेवाक नियमित संचालन आ विशेषज्ञ चिकित्सकीय विभागक कार्यक्षमता बढ़ेबाक लेल लगातार समीक्षा आ निगरानी कएल जा रहल अछि। विभागक प्रयास अछि जे ऑपरेशन थिएटर, आवश्यक उपकरण, विशेषज्ञ

चिकित्सक आ स्वास्थ्यकर्मीसभक सेवाक प्रभावी उपयोग हो आ रोगी सभ कें अपन जिला मे आवश्यक उपचारक सुविधा भेटय। अगस्त मे वैशाली जिला अस्पताल शल्यक्रियाक मामिला मे सभ सं आगू रहल, जतय एक मास मे 651 शल्यक्रिया भेल। पटना मे 587, अररिया मे 529, मधेपुरा मे 494 आ भोजपुर मे 362 शल्यक्रिया कएल गेल। एहि जिला सभ मे शल्यक्रिया सेवाक नीक संचालन सं जिला अस्पतालक उपलब्ध सुविधाक प्रभावी उपयोगक संकेत भेटैत अछि। जून सं अगस्त धरि शल्यक्रियाक संख्या तीनगुना सं बेसी बढ़ब जिला अस्पताल सभ मे सर्जरी सेवाक विस्तार आ नीक संचालन कें दर्शबैत अछि। स्वास्थ्य विभागक उद्देश्य अछि जे रोगी सभ कें आवश्यक उपचार लेल दूरक अस्पताल मे नहि जाय पड़य आ स्थानीय स्तरपर गुणवत्तापूर्ण चिकित्सा सेवा उपलब्ध हो। स्वास्थ्य मंत्री निशांत कहलनि जे जिला अस्पताल सभ मे शल्यक्रियाक बढ़ैत संख्या उत्साहजनक अछि। ई उपलब्धि अनावश्यक रेफरल घटेबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम अछि आ एकर सीधा लाभ आम रोगी सभ कें भेटि रहल अछि। सरकारक लक्ष्य अछि जे जिला अस्पताल सभ मे सामान्य उपचारक संग विशेषज्ञ चिकित्सा आ शल्यक्रिया सेवा कें सेहो मजबूत कएल जाय। अस्पतालक क्षमता, आधारभूत संरचना आ मानव संसाधन मे लगातार सुधार कएल जा रहल अछि, जाहि सं लोक सभ कें अपन नजदीकी सरकारी अस्पताल मे गुणवत्तापूर्ण स्वास्थ्य सेवाक सुविधा भेटि सकय।

लगातार दोसर दिन अतिक्रमणक विरुद्ध पटना नगर निगमक कारबाइ

गर्दनीबाग सं चितकोहरा धरि चलल अभियान, अतिक्रमणमुक्त क्षेत्र मे होयत वृक्षारोपण

पटना, समदिया

पटना शहर कें अतिक्रमणमुक्त, स्वच्छ आ सुव्यवस्थित बनेबाक उद्देश्य सं पटना नगर निगम द्वारा अतिक्रमणक विरुद्ध लगातार दोसर दिन व्यापक अभियान चलाओल गेल। नगर आयुक्त यशपाल मीणाक निर्देशपर शुक्रदिन गर्दनीबाग रोड नंबर-15 सं हार्डिंग रोड होइत चितकोहराधरि विशेष अभियान चलाकऽ सड़क, फुटपाथ आ सार्वजनिक स्थल सभ कें अतिक्रमणमुक्त कराओल गेल। अभियानक दौरान सड़क आ फुटपाथपर अनधिकृत रूप सं लगाओल गेल ठेला तथा सार्वजनिक स्थलपर राखल

सामान सभ हटाओल गेल। एहि क्रम मे दूटा ठेला जब्त कएल गेल। ओतहि गोलंबर, फुटपाथ सहित अन्य सार्वजनिक स्थलसभपर बिछाओल गेल बिछौन, कपड़ा आ अन्य सामान सं कएल गेल अस्थायी अतिक्रमण कें सेहो हटाओल गेल आ संबंधित सामान जब्त कएल गेल। नगर निगमक दल द्वारा मात्र अतिक्रमण हटेबाधरि कारबाइ सीमित नहि राखल गेल, बल्कि अतिक्रमणमुक्त कराओल गेल क्षेत्रक स्वच्छता आ नीक रखरखावपर सेहो विशेष ध्यान देल गेल। अभियानक दौरान बस पड़ाव, फुटपाथ आ आसपासक सार्वजनिक स्थलसभक गहिर सफाई कराओल गेल। संगहि, अतिक्रमण हटाओल गेल स्थानसभपर चूना आ विरंजक चूर्णक छिड़काव कए क्षेत्र कें स्वच्छ आ सुव्यवस्थित बनाओल गेल। अतिक्रमण हटाओल गेलाक बाद सार्वजनिक स्थलसभपर फेर सं अतिक्रमण नहि हो आ एहि क्षेत्रसभक नीक उपयोग सुनिश्चित कएल जा सकय, एहि लेल नगर निगम द्वारा ओतय पौधरोपण करबाक निर्देश देल गेल अछि। एहि सं एक दिस अतिक्रमणक पुनरावृत्तिपर रोक लगाबय मे सहायता भेटत, जखन कि दोसर दिस शहरक प्रमुख मार्ग आ सार्वजनिक स्थलसभक सौंदर्यीकरण सेहो होयत।

सामूहिक दुष्कर्म मामिलाक जांच लेल राजद घटनास्थल पर जायत

पटना। राष्ट्रीय जनता दलक नेता एजाज अहमद कहलनि जे औरंगाबाद जिलाक कुटुंबा थाना अंतर्गत दूधमी गाम मे गरीब दलित समाजक बच्चीक संग सामूहिक दुष्कर्मक घटना भेल अछि। प्रदेश अध्यक्ष मंगनी लाल मंडल कें घटना संबंधी सूचना भेटलाक बाद पार्टी एहि मामिला कें गंभीरता सं लेने अछि आ घटनाक गहन जांच लेल छ सदस्यीय जांच समितिक गठन कएल गेल अछि। एहि संबंध मे कुटुंबा थाना कांड संख्या 162/26, दिनांक 31 अगस्त 2026 दर्ज कएल गेल अछि। मामिला मे भारतीय न्याय संहिताक धारा 70 (2) तथा पॉक्सो अधिनियमक धारा 4/6 आ अनुसूचित जाति/जनजाति अत्याचार निवारण अधिनियमक विभिन्न सुसंगत धाराक अंतर्गत कांड अंकित कएल गेल अछि।

फरक्का जल संधि अंतरराष्ट्रीय समझौता, मुदा 73 प्रतिशत भार असगर बिहार वहन कए रहल अछि : उमेश सिंह कुशवाहा

पटना, समदिया

शुक्रदिन जनता दल (यू) प्रदेश कार्यालय मे पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष उमेश सिंह कुशवाहा पत्रकार वार्ता कें संबोधित कएलनि। एहि दौरान ओ फरक्का जल संधिपर नीतीश संवाद कार्यक्रमक संबंध मे जानकारी दैत कार्यक्रमक पूरा रूपरेखा प्रस्तुत कएलनि। पत्रकार वार्ता मे बिहार विधान परिषद मे सत्तारूढ़ दलक मुख्य सचेतक संजय कुमार सिंह उर्फ गांधी जी आ प्रदेश प्रवक्ता नवल शर्मा सेहो उपस्थित छलाह। पत्रकार वार्ता कें संबोधित करैत प्रदेश अध्यक्ष कहलनि जे कालि 5 सितंबर सं पार्टीक फरक्का जल संधिपर नीतीश संवाद कार्यक्रमक शुरूआत होयत। गंगा किनार बसल बिहारक सभ 12 जिला मे चरणबद्ध रूप सं संवाद कार्यक्रम आयोजित कएल जायत। एकर शुरूआत बक्सर सं होयत, जतय सं गंगा बिहार मे प्रवेश करैत अछि, जखन कि कार्यक्रमक समापन कटिहार जिला मे होयत, जतय सं गंगा बंगाल होइत बांग्लादेशक दिस प्रवाहित होइत अछि। ओ कहलनि जे फरक्का जल संधिपर नीतीश संवादक माध्यम सं पार्टीक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा आ हुनकर आम लोक, किसान, बुद्धिजीवी, सामाजिक कार्यकर्ता तथा विभिन्न वर्गक लोक सं संवाद होयत। एहि दौरान एहि विषयपर लोकसभक राय आ सुझाव लेल जायत तथा जनभावना आ सुझाव कें उचित मंचपर मजबूती सं रखबाक काज कएल जायत। प्रदेश अध्यक्ष कहलनि जे बिहार पछिला 30 बरख सं फरक्का बैराज आ फरक्का जल संधिक भारी मूल्य चुकबैत रहल अछि। नीतीश कुमार बहुत पहिने सं फरक्काक कारण बिहार कें भए रहल क्षति आ बिहारक जल हित कें लए कए लगातार आवाज उठबैत रहल छथि। ई अंतरराष्ट्रीय समझौता अछि, मुदा एकर 73 प्रतिशत भार एकल बिहार वहन कए रहल अछि। ओ कहलनि जे फरक्का बैराजक कारण गंगा मे भारी मात्रा मे गाद जमा होयबाक कारण नदीक गहिराइ आ जलधारण क्षमतापर प्रतिकूल प्रभाव पड़ल अछि। एहि कारण बिहार कें प्रत्येक बरख बाढ़क विभीषिका झेलय पड़ैत अछि, किसानसभक फसल नष्ट होइत अछि आ आम जनजीवनपर सेहो प्रतिकूल प्रभाव पड़ैत अछि।

जयनगर थाना क्षेत्र मे भेल दू पैघ लूटकांडक उद्भेदन

- **जिलाक टॉप-10 वांछित कुख्यात अपराधी चंदन यादव गिरफ्तार**

जयनगर, समदिया

पुलिसक अनुसार गत एक जून कें जयनगर थाना क्षेत्रक रिलायंस स्मार्ट प्वाइंटक लग रेडियंट कैश मैनेजमेंट सर्विसेजक कर्मी धर्मेंद्र कुमार महतो सं हथियारक बल पर करीब 6.15 लाख रुपैयाक नगदी भरल बैग लूटि लेल गेल छल। एहि संबंध मे जयनगर थाना कांड संख्या 251/26, दिनांक 1 जून 2026, धारा 309 (4) बीएनएसक अंतर्गत मामिला दर्ज कएल गेल छल। उक्त घटनाक वरीय पुलिस अधीक्षक, मधुबनी द्वारा गंभीरतापूर्वक लेल गेल आ कांडक सफल उद्भेदन तथा अभियुक्तसभक गिरफ्तारी लेल अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी, जयनगरक नेतृत्व मे जयनगर थाना आ एसटीएफक संयुक्त विशेष टीम गठित

कए आवश्यक दिशा-निर्देश देल गेल। गठित संयुक्त टीम द्वारा तकनीकी साक्ष्य, सीसीटीवी फुटेज आ मानवीय सूचना तंत्रक आधार पर सुनियोजित ढंग सं छापेमारी कएल गेल। एहि क्रम मे उक्त लूटकांड मे संलिप्त मुख्य अभियुक्त तथा मधुबनी जिलाक टॉप-10 वांछित अपराधीक सूची मे शामिल कुख्यात अपराधी चंदन यादव कें औंसी थाना क्षेत्र सं घेराबंदी कए पकड़ि लेल गेल। पूछताछक क्रम मे अभियुक्त रिलायंस स्मार्ट प्वाइंटक लग रेडियंट कैश मैनेजमेंट सर्विसेजक कर्मी धर्मेंद्र कुमार महतो सं भेल लूटक घटना मे अपन संलिप्तता स्वीकार केलक। संगहि ओ एकटा आर सनसनीखेज घटनाक खुलासा केलक।अभियुक्त स्वीकार केलक जे 24 नवंबर 2025 कें जयनगर कमला पुलक लग वैद्यनाथ सर्विस स्टेशन (पेट्रोल पंप)क प्रबंधक दीपक कुमार सं हथियारक बल पर भेल 8.50 लाख रुपैयाक लूटकांड मे सेहो ओ प्रत्यक्ष रूप सं संलिप्त छल। एहि संबंध मे जयनगर थाना कांड संख्या 416/25, धारा 310 (2) बीएनएसक अंतर्गत मामिला दर्ज अछि। एहि प्रकार मधुबनी पुलिस आ एसटीएफक सफल समन्वय सं जिलाक टॉप-10 वांछित अपराधीक गिरफ्तारीक संग-संग दुइटा पैघ लूटकांडक पदार्फाश भेल अछि। गिरफ्तार अभियुक्तक अन्य आपराधिक इतिहासक संबंध मे जानकारी जुटाओल जा रहल अछि।

मोटरसाइकिल चोरी कांडक 48 घंटाक भीतर उद्भेदन

मधुबनी। पुलिस द्वारा देल गेल जानकारीक अनुसार, वादिनी चानो देवीक पुत्र मंजीत मंडल अपन नव हीरो एक्सट्रीम मोटरसाइकिल सं आबि रहल छलाह। एहि क्रम मे अंधराठाढ़ी थाना क्षेत्रक रजनपुरा मध्य विद्यालयक लग मोटरसाइकिल ठाढ़ कए शौच लेल गेल छलाह। ओहि बीच अज्ञात चोर द्वारा हुनकर मोटरसाइकिल चोरी कए लेल गेल। अपन स्तर सं बहुत खोजबीन करबाक बाद वादिनी द्वारा उक्त घटना सं संबंधित 1 सितंबर 2026 कें अंधराठाढ़ी थाना मे लिखित आवेदन देल गेल। आवेदनक आधार पर कांड संख्या 144/26, दिनांक 1 सितंबर 2026, धारा 303 (2) बीएनएसक अंतर्गत मामिला दर्ज कए त्वरित अनुसंधान शुरू कएल गेल। अंधराठाढ़ी थाना पुलिसक टीम द्वारा कांडक त्वरित उद्भेदन आ वाहनक बरामदगी लेल तकनीकी आ स्थानीय स्तर पर सघन छानबीनक संग संभावित ठिकाना सभ पर लगातार छापेमारी शुरू कएल गेल। पुलिस टीम द्वारा बनाओल गेल निरंतर दबाव आ छापेमारीक कारण घबरा कए चोर सभ चोरी कएल गेल मोटरसाइकिल कें चपाही गाम स्थित कमला नदीक पश्चिमी बांध पर लावारिस अवस्था मे छोड़ि कए भागि गेल। एहि प्रकार अंधराठाढ़ी पुलिस तत्परता देखबैत प्राथमिकी दर्ज होएबाक मात्र 48 घंटाक भीतर उक्त स्थल सं चोरीक मोटरसाइकिल कें पूर्णतः सही-सलामत बरामद कए जब्त कए लेलक। घटना मे संलिप्त अभियुक्तसभक गिरफ्तारी लेल पुलिस द्वारा आगांक वैधानिक कारबाइ कएल जा रहल अछि।

बाढ़ि मे लापता लोकक परिवारक उम्मीद टूटल

बाढ़ि सं मृत्यु संख्या 1,252 पर पहुंचल

» मृत मानि कुशक पुतला बना केलनि अंतिम संस्कार

जनकपुरधाम, समदिया

नेपाल मे आएल बाढ़िक 9 दिन बीति गेलाक बाद आब लापता लोकक परिवारक सब्र आ आशा पूर्ण रूप सं टूटि रहल अछि। बेतरावतीक बोगटी टार गाम मे एकटा पीड़ित परिवार अपन दू लापता भाइ कें मृत मानि हिंदू रीति-रिवाजक अनुसार मुंडन, पिंडदान आ श्राद्धकर्म शुरू कए देने अछि। जानकारीक अनुसार,गामक आचार्य परिवारक दू सगा भाइ केदार प्रसाद आचार्य (65) आ मधुसूदन आचार्य (60) 26 अगस्तक भोर करीब 8 बजे मवेशीक लेल चारा काटबाक लेल नदीक किनारक जंगल दिस गेल छलाह। तकर बाद सं दुनू भाइक कोनो पता नहि चलल अछि। 9 दिन धरि सरकारी एजेंसी आ परिजनक दिस सं खोजबीन कएल गेल, मुदा कोनो सुराग नहि भेटल। एहि स्थिति मे परिवार आब ई मानि लेने अछि जे दुनू भाइ दुनिया मे नहि रहलाह। हुनका लोकनिक भेटबाक आशा सेहो आब समाप्त भए गेल अछि।लापता भाइसभक एक रिश्तेदार कहलनि जे 9 दिन धरि सभ संभावित स्थानपर खोजबीन कएलहुं, मुदाकिछु हाथ नहि लागल। सरकार द्वारा बरामद कएल गेल शव मे सेहो हुनका लोकनिक पहचान नहि भए सकल। एतेक समय बीति गेलाक बाद शव या तं पानि मे बहि गेल होयत वा नष्ट भए गेल होयत। एहि कारण हिंदू परंपराक अनुसार नवम दिन सं शोक आ शुद्धिक रस्म शुरू कएल गेल अछि। एहि तरहें काठमांडूक पशुपति आर्यघाट मे करीब एक दर्जन लापता लोकक परिजन सेहो कुशक पुतला बना कए हिंदू रीति-रिवाज सं आखरी संस्कार कएलनि।बाढ़ि सं मृत्यु संख्या 1,252 पर पहुंचलनेपालक राष्ट्रीय आपदा जोखिम न्यूनीकरण तथा व्यवस्थापन प्राधिकरण (एनडीआरआरएमए) द्वारा 3सितंबरक दुपहरिया जारी कएल गेल आंकड़ाक अनुसार बाढ़ि मे मृत्यु भेल लोकक संख्या 1,252 भए गेलअछि, जखन कि 4,216 लोक एखनहुं लापता छथि। काठमांडू पोस्टक रिपोर्टक अनुसार सभ सं बेसी मृत्यु चितवन मे दर्ज कएल गेल अछि, जतय 355 शव बरामद भेल अछि। एकर बाद नवलपरासी ईस्ट मे 218, नवलपरासी वेस्ट मे 208 आ नुवाकोट मे 177 लोकक मृत्यु भेल अछि। रसुवा, जतय सं ई आपदा शुरू भेल छल, ओतय 127 मृत्यु दर्ज कएल गेल अछि। एकर अतिरिक्त गोरखा, धाडिङ आ तनहुं जिला सं सेहो शव बरामद कएल गेल अछि। बरामद शव सभ मे एखन धरि मात्र 95 लोकक पहचान भए सकल अछि। पहचान भेलाक बाद शव हुनका लोकनिक परिजन कें सौंपि देल गेल अछि।

सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र मे सम्मान समारोहक आयोजन

बिस्फी, समदिया

बिस्फी सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्रक सभागार मे सम्मान समारोहक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता डॉ. अब्दुल बासित केलनि। एहि अवसर पर नव पदस्थापित सीएचसी प्रभारी डॉ. मेराज अकरमक स्वागत आ पूर्व सीएचसी प्रभारी डॉ. अब्दुल बासितक विदाई पाग, दोपटा आ माला सं कएल गेल। एहि अवसर पर उत्कृष्ट कार्य आ योगदानक लेल स्वास्थ्यकर्मीसब कें सम्मानित सेहो कएल गेल। डॉ. अब्दुल बासित कहलनि जे ओ अपन कार्यकाल मे प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारीक रूप मे अपन जिम्मेदारीक निर्वहन निष्ठापूर्वक केलनि। आब हुनकर वरिष्ठ चिकित्सक डॉ. मेराज अकरम कें प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारीक दायित्व सौंपल गेल अछि। डॉ. अब्दुल बासित डॉ. मेराज अकरम कें नव दायित्वक लेल हार्दिक शुभकामना दैत हुनकर सफल कार्यकालक मंगलकामना केलनि। ओतहि स्टाफ नर्सक राज्यस्तरीय परीक्षा मे तेसर स्थान प्राप्त कएनिहार मोहसिन करीन कें सेहो सम्मानित कएल गेल। उत्कृष्ट आ सराहनीय कार्यक लेल एएनएम माधुरी कुमारी, नीतू कुमारी, चांदनी कुमारी सहित अन्य स्वास्थ्यकर्मीसब कें सेहो सम्मानित कएल गेल। कार्यक्रम मे नीक कार्य कएनिहार स्वास्थ्यकर्मीसबक उत्साहवर्धन करैत हुनका आगू सेहो एही समर्पण आ प्रतिबद्धताक संग अपन दायित्वक निर्वहन करबाक लेल प्रेरित कएल गेल। एहि अवसर पर रमन राज, डॉ. शमा परवीन आ सुनील चौधरी सहित कतेको लोक उपस्थित छलाह।

प्रेस क्लब मे निःशुल्क स्वास्थ्य जांच शिविर मे 128 लोक उठौलनि लाभ

सीतामढ़ी, समदिया

प्रेस क्लब मे पटनाक प्रसिद्ध जय प्रभा मेदांता अस्पतालक सहयोग सं निःशुल्क स्वास्थ्य जांच शिविरक आयोजन कएल गेल। शिविरक उद्घाटन जिलाक सिविल सर्जन डॉ. रविंद्र कुमार यादव आ प्रेस क्लबक वरिष्ठ सदस्य नागेंद्र प्रसाद सिंह संयुक्त रूप सं फीता काटि कएलनि।एहि अवसर पर सिविल सर्जन डॉ. रविंद्र कुमार यादव आ मेदांता अस्पतालक चिकित्सक विनोद कुमार वर्मा कें प्रेस क्लबक वरिष्ठ सदस्य नागेंद्र प्रसाद सिंह आ अवध बिहारी उपाध्याय अंगवस्त्र प्रदान कए सम्मानित कएलनि। सिविल सर्जन डॉ.रविंद्र कुमार यादव प्रेस क्लबक एहि पहलाक प्रशंसा करैत कहलनि जे आम लोक मे स्वास्थ्यक प्रति जागरूकता लगातार बढ़ि रहल अछि। सरकार सेहो स्वास्थ्य सुविधाक विस्तार आ सुधार लेल लगातार काज कए रहल अछि। आबयवाला समय मे स्वास्थ्य व्यवस्था मे व्यापक परिवर्तन होयत, जाहि सं एकर सीधा लाभ आम लोक कें भेटत। प्रेस क्लबक वरिष्ठ सदस्य आ सामाजिक कार्यकर्ता नागेंद्र प्रसाद सिंह कहलनि जे प्रेस क्लब, सीतामढ़ी समय-समय पर सामाजिक सरोकार सं जुड़ल मुद्दापर काज करैत रहल अछि। एहि क्रम मे लोक कें नीक स्वास्थ्य सुविधा उपलब्ध कराबय आ स्वास्थ्यक प्रति जागरूक करबाकउद्देश्य सं एहि निःशुल्क जांच शिविरक आयोजन कएल गेल। शिविर मे मेदांता अस्पतालक चिकित्सकविनोद कुमार वर्मा आ जनसंपर्क पदाधिकारी तूनीर कुमार लोकक स्वास्थ्य जांच कए आवश्यक चिकित्सकीय परामर्श देलनि। शिविर मे कुल 128 लोक स्वास्थ्य जांच आ चिकित्सकीय परामर्शक लाभ उठौलनि। एहि अवसर पर प्रेस क्लबक अध्यक्ष राकेश रंजन, सचिव आदित्यनंद आर्य, वरिष्ठ सदस्य अवध बिहारी उपाध्याय, दीपक कुमार, साजन शर्मा, आमोद पटेल, अमित झा, सत्यम पांडे, हरिशंकर, जफर खान, सामाजिक कार्यकर्ता संगीता चौधरी सहित पैघ संख्या मे लोक उपस्थित छलाह।

दरभंगा मे विश्वस्तरीय शिक्षण संस्थानक हब बनेबाक सांसद केलनि पहल

दरभंगा, समदिया

दरभंगा कें विश्वस्तरीय शिक्षण संस्थानक हब बनेबाक संग मिथिलाक प्राचीन गरिमा, सांस्कृतिक आ धार्मिक विरासतक वैश्विक पहचान देबाक लेल केंद्र आ राज्य सरकारक स्तरपर पहल कएल जा रहल अछि। एहि संबंध मे स्थानीय सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर शुक्र केंपटनास्थित राजभवन मे बिहारक राज्यपाल सैयद अता हसनैन सं भेंट कए विस्तार सं चर्चा कएलनि। एहि अवसरपर सांसद राज्यपाल कें मिथिलाक परंपरा अनुसार पाग आ अंगवस्त्र सं सम्मानित कएलनि। भेंटक दौरान डॉ. ठाकुर दरभंगा मे पटना उच्च न्यायालयक पीठक स्थापना, दरभंगाक दुनू विश्वविद्यालय कें केंद्रीय विश्वविद्यालयक दर्जा देबाक, डब्ल्यूआईटी दरभंगा कें केंद्र सरकारक अधीन संचालित करबाक आ दूरस्थ शिक्षा केंद्रक माध्यम सं पुनः पठन-पाठन शुरू करबाक मांग रखलनि। ओ बेनीपुर आ बिरौल कॉलेजमे एकीकृत बीएड पढ़ाइक शुरुआत, मिथिलाक सांस्कृतिक आ धार्मिक स्थल सभ कें मिथिला सर्किट सं जोड़बाक सहित दू दर्जन सं बेसी विषयपर राज्यपालक ध्यान आकृष्ट करौलनि। सांसद कहलनि जे उत्तरबिहारक करीब आठ करोड़ लोकक सुविधा लेल दरभंगा मे उच्च न्यायालयक पीठ आवश्यक अछि। पटना दूर होयबाक कारण लोक कें न्यायिक काज लेल चारि सं छह-सात घंटा धरि यात्रा करय पड़ैत अछि, जाहि सं समयक संग आर्थिक बोझ सेहो बढ़ैत अछि। ओ दरभंगा मे आईआईटी, एनआईटी, आईआईएम आ राष्ट्रीय डिजाइन संस्थानक स्थापना, बाढ़िक स्थायी समाधान, औद्योगिक विकास आ रोजगारक अवसर बढ़ेबाक आवश्यकता पर सेहो जोर देलनि। सांसद कहलनि जे राज्यपाल सं भेल भेंट दरभंगाक सर्वांगीणविकास लेल महत्वपूर्ण साबित होयत।

कलश यात्राक संग भेल कृष्ण जन्मोत्सवक उद्घाटन

मधुबनी, समदिया

लदनियां प्रखंडक नोनदरही गाम मे आयोजित 76म चारि दिवसीय कृष्ण जन्मोत्सव आ मेलाक उद्घाटन शुक्रदिन वैदिक मंत्रोच्चारणक बीच फीता काटि कए जिला परिषद् सदस्य ललिता देवी द्वारा कएल गेल।उक्त कार्यक्रमक आयोजन 51 कन्या आ 551 महिलाद्वारा निकालल गेल कलश यात्राक उपरांत कएलगेल। एहि अवसर पर सांस्कृतिक कार्यक्रम आ नाच-गानक व्यवस्था कएल गेल अछि। कार्यक्रमकअध्यक्षता पूजा समितिक अध्यक्ष रोहित कुमार यादव केलनि। पंडित राजेंद्र झा वैदिक मंत्रोच्चारणक संग विधिवत पूजा-अर्चना करबैत कार्यक्रमक शुभारंभ करौलनि। कार्यक्रम मे पूर्व मुखिया रामदेव यादव, मुखिया पति रामचंद्र यादव, राजद नेता विष्णुदेव भंडारी, ध्यानी यादव, ध्रुव नारायण महतो, हरिनारायण सहनी, रमेश प्रसाद सुमन, अशोक कुमार साफी, रामसेवक साफी, प्रवीण साफी, राजा कुमार साह, रघुवीर यादव, रामबाबू यादव, रतन पासवान, कृष्णा कुमारी यादव, सूरज यादव आ जागेश्वरी यादव सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

पीएम श्री केंद्रीय विद्यालयक शैक्षणिक गुणवत्ताक डीडीसी कएलनि समीक्षा

सीतामढ़ी, समदिया

पीएम श्री केंद्रीय विद्यालय, जवाहरनगर मे बृहस्पति कें विद्यालय प्रबंध समितिक महत्वपूर्ण बैसारआयोजित कएल गेल। बैसारक अध्यक्षता डीडीसी सह विद्यालय प्रबंध समितिक पदेन अध्यक्ष सुश्री श्वेताभारती कएलनि। बैसार मे प्रबंध समितिक सभ नामित सदस्य भाग लेलनि। बैसारक शुरुआत विद्यालयप्रबंध समितिक सचिव सह प्राचार्य पंकज अग्रवालक स्वागत संबोधन सं भेल। ओ विद्यालय मे संचालित शैक्षणिक आ प्रशासनिक गतिविधि, विद्यालयक उपलब्धि, वर्तमान चुनौती आ आगांक योजनाक विस्तृतजानकारी समितिक सदस्यसभक समक्ष रखलनि। बैसारक दौरान विद्यालयक शैक्षणिक गुणवत्ता,विद्यार्थीसभक सर्वांगीण विकास, उपलब्ध संसाधन, प्रशासनिक कार्य आ विद्यालयक विकास सं जुड़ल विभिन्न विषयपर विस्तार सं चर्चा भेल। प्रबंध समितिक सदस्य सभ विद्यालय कें आओर नीक बनेबाक लेल अपन महत्वपूर्ण सुझाव सेहो देलनि। डीडीसी सुश्री श्वेता भारती विद्यालयक शैक्षणिक आ प्रशासनिक व्यवस्थाक बिंदुवार समीक्षा करैत शैक्षणिक गुणवत्ता मे निरंतर सुधार अनबाक पर विशेष जोर देलनि। ओ विद्यार्थी सभ कें नीक शैक्षणिक वातावरण उपलब्ध कराबय आ विद्यालयक व्यवस्था कें आओर सुदृढ़बनेबाक लेल आवश्यक दिशा-निर्देश सेहो देलनि। बैसार मे डीपीओ सुजीत कुमार दास, प्रो. मो. सनाउल्लाह,रमेश कुमार यादव, डॉ. रश्मि गुप्ता, प्रो. उमेश चंद्र झा, कुमारी दिव्या, डॉ. अभय कुमार दास, रंजन कुमार,मो. आमिर सिद्दीकी, अक्षय कुमार, अखिलेश कुमार, आर.के. रंजन, शिक्षिका रिजवाना, डॉ. रंजीत कुमार सिंह, आलोक कुमार, संजय कुमार आ फरहीन खातून सहित अन्य सदस्य उपस्थित छलाह।

जनकपुरधाम मे जन्माष्टमीक धूम

जनकपुरधाम, समदिया

जनकपुरधाम मे जन्माष्टमीक तैयारी जोर-शोर सं चलि रहल अछि। जनकपुरधामक स्टेशन परिसर, राधाकृष्ण मंदिर सहित अन्य स्थानपर कृष्ण, वासुदेवक माथपर नवजात कृष्ण, नंद, यशोदा सहित अन्य देवी-देवताक मूर्ति कें भव्य पंडाल मे स्थापित कएल गेल अछि। कृष्ण आ राधापर आधारित गीत सं पूरा वातावरण भक्तिमय भए गेल अछि। सांझ होइतहि कृत्रिम रोशनी सं पूरा पंडाल जगमगा उठैत अछि। जन्माष्टमीक दिन श्रद्धालु विशेष रूप सं उपवास रखैत छथि। मध्यरात्रि मे विधि-विधानक संग भगवानकृष्णक जन्मोत्सव मनाओल ाएत। जन्माष्टमीक अवसरपर जनकपुरधाम मे कतेको स्थानपर मेलाक आयोजन सेहो कएल गेल अछि। मेला मे झूला, मीना बाजार, खिलौनाक दोकान आ मिठाइक दोकान लोक कें आकर्षित कए रहल अछि। एहि कारण जन्माष्टमीक उत्सवक रौनक आ शोभा आओर बढ़ि गेल अछि।

उच्च रक्तचाप, मधुमेह आ कैंसरक जांच लेल जिला मे चलत अभियान

मधुबनी, समदिया

जिला मे गैर-संचारी रोगक विरुद्ध विशेष अभियान

» घर-घर होयत स्वास्थ्य जांच, समय पर भेटत उपचार

राज्य स्वास्थ्य समिति, बिहारक निर्देशानुसार जिला मे स्वस्थ एवं उपचार चिकित्सा अहांक द्वार अभियानक संचालन शुरू भए गेल अछि। एहि अभियानक अंतर्गत 1 सितंबर 2026 सं 30 नवंबर 2026 धरि ग्रामीण आ शहरी क्षेत्र मे गैर-संचारी रोगक जांच, परामर्श, औषधि वितरण आ आवश्यक उपचारकसुविधा उपलब्ध कराओल जा रहल अछि।अभियानक उद्देश्य उच्च रक्तचाप, मधुमेह, तीन प्रकारक सामान्य कैंसर (मुख, स्तन आ गर्भाशय ग्रीवा), हृदय रोग, मद्यरहित वसायुक्त यकृत रोग आ दीर्घकालिक अवरोधक फुफ्फुसीय रोगक समय पर पहचान कए आवश्यक प्रबंधन सुनिश्चित करब तथा एहि रोग सभ सं होमयवला असामयिक मृत्यु मे कमी आनब अछि। घर-घर होयत जांच, निःशुल्क स्वास्थ्य सेवाक सुविधा अभियानक दौरान आशा कार्यकर्ता आ एएनएम घर-घर भ्रमण कए परिवारक जानकारी पारिवारिक विवरण पत्र आ सामुदायिक आधारित आकलन जांच प्रपत्र मे दर्ज करताह। विशेष रूप सं 30 बरख आ ताहि सं अधिक आयुक व्यक्ति तथा उच्च जोखिमवला लोकक पहचान कए हुनकर जांच कराओल जाएत। जांचक दौरान उच्च रक्तचाप, मधुमेह, हृदय रोग, तीन प्रकारक सामान्य कैंसर, मद्यरहित वसायुक्त यकृतरोग आ दीर्घकालिक अवरोधक फुफ्फुसीय रोगक जांच कएल जाएत। आवश्यकतानुसार रोगी कें स्वास्थ्यसंस्थान पर उपचार, परामर्श आ अन्यत्र पठेबाक सुविधा उपलब्ध कराओल जाएत। गंभीर रोग सं पीड़ितरोगी कें आवश्यकतानुसार उच्चतर स्वास्थ्य संस्थान मे पठाओल जाएत। अभियानक अंतर्गत स्वास्थ्य संस्थान मे आबयवला मरीजसभक बाह्य रोगी विभाग आधारित अवसरजन्य जांच सेहो कएल जाएत। एकर अतिरिक्त पूर्ण रक्त जांच, रक्त शर्करा, दीर्घकालिक रक्त शर्करा जांच, रक्त वसा जांच, यकृत कार्य जांच, गुर्दा कार्य जांच, 24 घंटाक मूत्र मे प्रोटीन जांच, हृदय विद्युत आलेख, गर्भाशय ग्रीवा कोशिका जांच, ऊतक जांच, विटामिन डी-3, विटामिन बी-12 स्तर, थायरॉक्सिन-3, थायरॉक्सिन-4 आ थायरॉइड प्रेरक हार्मोनजेकां आवश्यक जांचक सुविधा सेहो उपलब्ध कराओल जाएत।मरीजक उपचार आ नियमित निगरानी पर रहत विशेष जोरअभियानक दौरान जांच मे चिन्हित रोगी सभक सूची तैयार कए हुनकर नियमित निगरानी सुनिश्चितकएल जाएत। रोगी सभ कें आवश्यकतानुसार औषधि उपलब्ध कराओल जाएत आ प्रत्येक मास औषधि प्राप्त करबाक तथा जांच करएबाक लेल प्रेरित कएल जाएत। स्वास्थ्य संस्थान मे चिकित्सक द्वारामरीजसभक जांच आ उपचार कएल जाएत। सामुदायिक स्वास्थ्य अधिकारी आ एएनएम द्वारा राष्ट्रीय गैर-संचारी रोगक आवेदन मे उपलब्ध लंबित सूची केर आधार पर 30 बरख आ ताहि सं अधिक आयुक सभ व्यक्ति कें अनिवार्य रूप सं जांच कराओल जाएत। संबंधित आंकड़ाक राष्ट्रीय गैर-संचारी रोग पोर्टल पर तत्काल प्रविष्टि सुनिश्चित कएल जाएत। अभियानक सफल संचालन लेल विभिन्न पदाधिकारी आ कर्मीसब कें दायित्व सौंपल गेल अछि। आशा कार्यकर्ता घर-घर भ्रमण, जांच आ नियमित निगरानी मे सहयोग करताह। आशा फैसिलिटेटर द्वारा आशा कार्यकर्तासभक कार्यक दैनिक पर्यवेक्षण कएल जाएत। सामुदायिक स्वास्थ्य अधिकारी आ एएनएम द्वारा आयुष्मान आरोग्य मंदिर पर जांच, उपचार, दूरस्थ चिकित्सकीय परामर्श आ अन्यत्र पठेबाक सुविधा उपलब्ध कराओल जाएत। चिकित्सा पदाधिकारी मरीजसभक जांच, उपचार, औषधि वितरण तथा गंभीर मामिलाक प्रबंधनक जिम्मेदारी संभालताह। प्रखंड सामुदायिक उत्प्रेरक अभियानक निर्धारित लक्ष्यक अनुरूप गतिविधिक अनुश्रवण आ मूल्यांकन करताह। प्रखंड स्वास्थ्य प्रबंधक स्वास्थ्य संस्थान मे आवश्यक मानव संसाधन, औषधि आ उपकरणक उपलब्धता सुनिश्चित करताह।

चिकित्सा अहांक द्वार अभियानक रथ कें जिलाधिकारी देखौलनि हरियर झंडी

मधुबनी, समदिया

राज्य स्वास्थ्य समिति, बिहारक निर्देशानुसार जिला मे संचालित जांच एवं उपचार चिकित्सा अहांक द्वार अभियानक अंतर्गत जिलाधिकारी आनंद शर्मा आ वरीय पुलिस अधीक्षक योगेंद्र कुमार समाहरणालय परिसर सं जागरूकता रथ (प्रकाशपट्ट वाहन) कें हरियर झंडी देखाकऽ रवाना केलनि। ई जागरूकता रथ जिलाक ग्रामीण आ शहरी क्षेत्र मे भ्रमण कए लोक सभ कें अभियानक उद्देश्य तथा गैर-संचारी रोगक समय पर जांच आ उपचारक प्रति जागरूक करत 1 सितंबर 2026 सं 30 नवंबर 2026 धरि ग्रामीण आ शहरी क्षेत्र मे गैर-संचारी रोगक जांच, चिकित्सकीय परामर्श, औषधि वितरण आ आवश्यक उपचारक सुविधा उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। अभियानक मुख्य उद्देश्य उच्च रक्तचाप, मधुमेह, तीन प्रकारक सामान्य कैंसर—मुख, स्तन आ गर्भाशय ग्रीवा कैंसर, हृदय रोग, मद्यरहित वसायुक्त यकृत रोग तथा दीर्घकालिक अवरोधक फुफ्फुसीय रोग जेकां बीमरीक समय पर पहचान करब, आवश्यक प्रबंधन आ उपचार सुनिश्चित करब तथा एहि रोग सभ सं होमयवला असामयिक मृत्यु मे कमी आनब अछि। अभियानक दौरान लोकसभ कें गैर-संचारी रोगक प्रति जागरूक करबाक संग आवश्यकतानुसार स्वास्थ्य जांच, परामर्श, औषधि वितरण आ उपचारक सुविधा उपलब्ध कराओल जाएत। अभियानक माध्यम सं बेसी सं बेसी लोक धरिस्वास्थ्य सेवाक पहुंच सुनिश्चित करबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। एहि अवसर पर अपर समाहर्तामुकेश रंजन, जिला कार्यक्रम प्रबंधक (स्वास्थ्य) पंकज कुमार, जिला आपूर्ति पदाधिकारी कुमार दीपक सहित अन्य संबंधित पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

जोगबनी-दानापुर वंदे भारतक पाटलिपुत्र स्टेशनपर सेहो होयत ठहराव

सहरसाक यात्रि कें सेहो भेटत लाभ

सहरसा, समदिया

» रेलवे बोर्ड प्रयोगक आधार पर देलक ठहरावक स्वीकृति

जोगबनी सं दानापुरक बीच चलयवाली जोगबनी-दानापुर वंदे भारत एक्सप्रेस आब पाटलिपुत्र स्टेशनपर सेहो रुकत। रेलवे बोर्ड एहि संबंध मे आदेश जारी करैत ट्रेन संख्या 26301/26302 कें पाटलिपुत्रस्टेशनपर प्रयोगक आधारपर ठहराव देबाक निर्देश देलक अछि। रेलवे बोर्डक आदेशक अनुसार ट्रेन संख्या26301/26302 जोगबनी-दानापुर वंदे भारत एक्सप्रेसक पाटलिपुत्र स्टेशनपर ठहराव सुविधाजनक तिथि सं प्रभावी होयत। संबंधित रेल अधिकारी सभ कें स्टेशनपर टिकट बिक्रीपर विशेष नजरि रखबाक आ ठहरावक जानकारी व्यापक रूप सं यात्रि सभ धरि पहुंचयबाक निर्देश देल गेल अछि। वर्तमान मे जोगबनी सं ई ट्रेन भोर 3:30 बजे खुलैत अछि आ फारबिसगंज, अररिया कोर्ट, पूर्णिया, बनमनखी, दौरम मधेपुराहोइत भोर 6:10 बजे सहरसा पहुंचैत अछि। सहरसा सं ट्रेन भोर 6:20 बजे खुलि खगड़िया, सलोना,हसनपुर रोड, समस्तीपुर, मुजफ्फरपुर आ हाजीपुर होइत 11:40 बजे दानापुर पहुंचैत अछि।आब हाजीपुरक बाद दानापुर दिस जाइत समय ट्रेन पाटलिपुत्र स्टेशनपर सेहो ठहरत। एहि ठहराव संसहरसा, कोसी आ सीमांचल क्षेत्रक यात्रि कें पाटलिपुत्र क्षेत्र धरि पहुंचबा मे अतिरिक्त सुविधा भेटत।वापसी मे दानापुर सं ट्रेन सांझ 5:10 बजे खुलत आ पाटलिपुत्र स्टेशनपर ठहरावक बाद जोगबनी लेलप्रस्थान करत। पाटलिपुत्र स्टेशनपर ठहराव शुरू भेला सं सहरसा सहित कोसी आ सीमांचल क्षेत्रक यात्रि कें पटना शहरक विभिन्न भाग मे आवागमन मे सुविधा भेटबाक उम्मीद अछि। रेलवे बोर्ड संबंधित अधिकारी सभ कें आदेशक अनुपालन सुनिश्चित करैत एकर पुष्टि करबाक निर्देश सेहो देलक अछि।

सशस्त्र सीमा बल जयनगर नेपाली शराबक संग एक नाबालिग आरोपित कें पकड़लक

जयनगर, समदिया

जयनगर 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बलक बी कंपनी, सीमा चौकी परसाक कार्यक्षेत्र मे अवैध शराबक तस्करीक विरुद्ध कारबाइ करैत एक नाबालिग आरोपित कें 36 लीटर नेपाली शराबक संग पकड़ल गेल।बी कंपनी मधवापुरक सहायक कमांडेंट सं भेटल सूचनाक आधारपर सीमा स्तंभ संख्या 298/01 लग नाकापार्टी तैनात कएल गेल छल। नाका पार्टी कें किछु संदिग्ध व्यक्ति बोरा लए नेपाल दिस सं भारत दिसआबैत देखाइ पड़ल। नाका पार्टीपर नजरि पड़ितहि संदिग्ध सभ बोरा छोड़ि भागबाक प्रयास कएलनि। एहि दौरान एक नाबालिग आरोपित कें सामानक संग पकड़ि लेल गेल। तलाशी लेलाक दौरान बोरा मे सं नेपाली सोफी शराबक 120 बोतल बरामद भेल। प्रत्येक बोतल 300 मिलीलीटरक छल, जाहि अनुसार कुल 36 लीटर शराब बरामद भेल।पकड़ल गेल नाबालिग आरोपित परिगामा गाम, चिकना चक डाकघर, चोरौत थाना, सीतामढ़ी जिलाकनिवासी बताओल गेल अछि। प्रारंभिक पूछताछ मे नाबालिग आरोपित बरामद शराब नेपाल सं भारतआनल गेल होयबाक जानकारी देलक। मामिला मे आगांक कानूनी कारबाइ लेल बरामद शराब आनाबालिग आरोपित कें मधवापुर थाना, मधुबनीक सुपुर्द करबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। एहि अवसरपर 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक कमांडेंट राजेंद्र कुमार कहलनि जे भारत-नेपाल सीमापर अवैध शराब आ अन्य प्रतिबंधित वस्तुक तस्करी रोकबाक लेल सशस्त्र सीमा बल लगातार सतर्कता आ प्रभावी कारबाइ कए रहल अछि। सीमापर कोनो प्रकारक अवैध गतिविधि रोकबाक लेल जवान सभ कें विशेष रूप सं सतर्क रहबाक निर्देश देल गेल अछि। ओ कहलनि जे सीमा सुरक्षाक संग सीमावर्ती क्षेत्र मे नशाक अवैध कारोबारपर अंकुश लगेनाइ सेहो बलक महत्वपूर्ण प्राथमिकता मे शामिल अछि।

जमीन आ रस्ताक विवाद मे माइरपीट मे चारि घायल, दू आरोपित गिरफ्तार

अलीनगर, समदिया

थाना क्षेत्रक किरतपुर (गोस्वा) गाम मे जमीन आ रास्ताक विवाद कें लए कए भेल मारपीटक मामिला मेअलीनगर पुलिस कारबाइ करैत दू नामजद आरोपित कें गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार आरोपितकपहचान राम उदगार चौपाल आ राम अवतार चौपालक रूप मे भेल अछि। मामिला कें लए कए गामनिवासी सुरेश चौपालक पत्नी राम रेखा देवी अलीनगर थाना मे आवेदन दए छह गोटेपर मारपीट आगाली-गलौजक आरोप लगौलनि अछि। आवेदनक अनुसार जमीनक नापी कएलाक बाद रास्ता कें लए कएदुनू पक्षक बीच विवाद चलि रहल छल। 12 अगस्त 2026क राति करीब नौ बजे वर्षाक पानि जमीनपरबहबाक बात कें लए कए विवाद बढ़ि गेल। आरोप अछि जे कहासुनीक बाद लाठी, फरसा आ रॉड सं मारपीट कएल गेल। एहि घटना मे नरेश चौपालक माथपर फरसा सं प्रहार कएल गेल, जाहि सं ओ गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह। घटना मे शुभकला देवी, आरती देवी आ कंचन देवी सहित कतेको लोक घायल भेलाह। आवेदन मे कंचन देवीककरीब छह मासक बच्चा कें सेहो चोट लगबाक बात कहल गेल अछि। घायल सभ कें इलाज लेल अलीनगरप्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र अनल गेल, जतऽ नरेश चौपालक गंभीर स्थिति देखैत नीक इलाज लेल डीएमसीएचरेफर कए देल गेल। सूचना भेटलाक बाद अलीनगर थानाध्यक्ष रंजीत कुमार शर्माक नेतृत्व मे सहायक अवर निरीक्षक हरे राम आ पुलिस बल कारबाइ करैत राम उदगार चौपाल आ राम अवतार चौपाल केंविधिवत गिरफ्तार कयलक। पुलिस गिरफ्तार दुनू आरोपित सं पूछताछ कए आगांक कानूनी कारबाइ मे जुटल अछि।

दरभंगाक विकास कार्य मे तेजी आनबाक लेल मुख्यमंत्री सं भेंट केलनि सांसद

दरभंगा, समदिया

बिहार मे विकास कार्य कें गाम धरि पहुंचाबयक पहल तेज कएल जा रहल अछि। दरभंगा संसदीय क्षेत्रक विकास योजना मे तेजी आनबाक लेल स्थानीय सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डा. गोपाल जी ठाकुर बृहस्पति कें बिहारक मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सं भेट कए विभिन्न मुद्दापर विस्तार सं चर्चा कएलनि। सांसद मुख्यमंत्रीक समक्ष दरभंगा एयरपोर्टक समीक्षा करबाक आग्रह कएलनि, जाहि सं प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी द्वारा नवंबर मे प्रस्तावित उद्घाटनक तैयारी मे तेजी आबि सकय। ओ एयरपोर्ट विस्तार, यात्री सुविधा आ संपर्क व्यवस्था कें समयपर पूरा करबाक बात कहलनि। सांसद दरभंगा रिंग रोडक प्रक्रिया तेज करबाक, कुशेश्वरस्थान कें पटना-पूर्णिया एक्सप्रेसवे आ दरभंगा एयरपोर्ट सं जोड़बाक लेल स्पर लिंक विकसित करबाक तथा सुपौल-दरभंगा फोरलेनक निर्माण कार्य मे तेजी आनबाक आग्रह कएलनि। बेनीपुर आ बिरौल मे केंद्रीय विद्यालयक स्थापना लेल आवश्यक भूमि आ राज्यस्तरीय प्रक्रिया शीघ्र पूरा करबाक मांग सेहो कएलनि। ओ दरभंगा शहर मे यातायातक दबाव घटाबय लेल प्रस्तावित एलिवेटेड रोड आ लंबित रेलवे ओवरब्रिजक निर्माण मे तेजी, दरभंगा एम्सक निर्माण कार्य कें गति देबाक तथा रैयाम आ सकरी चीनी मिल कें पुनः चालू करबाक प्रक्रिया तेज करबाक आग्रह कएलनि। सांसद जलजमावक स्थायी समाधान, आधुनिक खेल सुविधा, ग्रामीण क्षेत्र मे औद्योगिक विकास, नमो गार्डन लेल भूमि उपलब्धकराबय तथा दरभंगा कें मखाना उत्पादन, प्रसंस्करण आ निर्यातक प्रमुख केंद्र बनेबाक दिशा मे पहल करबाक बात कहलनि। मैथिली कें शास्त्रीय भाषाक दर्जा देबाक लेल राज्यक प्रस्ताव शीघ्र केंद्र सरकार कें पठेबाक आग्रह सेहो कएलनि। डा. ठाकुर कहलनि जे दरभंगाक विकासक गति शहर सं गाम, मुहल्ला आ गली धरि पहुंचाबय लेल मुख्यमंत्री सं निर्णायक चर्चा भेल अछि।

स्व. सतीश चंद्र मिश्रक जयंती पर ब्राह्मण महासभा कएलक पुष्पांजलि अर्पित

सहरसा, समदिया

कोसीक धरतीपर अपन कर्म आ व्यक्तित्वक बलपर विशिष्ट पहचान बनेनिहार श्रद्धेय स्वर्गीय सतीश चंद्र मिश्रक जयंतीपर शुक्रदिन ब्राह्मण महासभाक सदस्य सभ पुष्पांजलि अर्पित कए हुनका श्रद्धापूर्वक नमनकएलनि। एहि अवसरपर महासभाक कतेको गणमान्य व्यक्ति आ समाजसेवी उपस्थित छलाह आ हुनकरव्यक्तित्व आ कृतित्व कें स्मरण कएलनि। ब्राह्मण महासभाक अध्यक्ष डब्बू मिश्रा कहलनि जे स्व. सतीश चंद्र मिश्र सर्वसमाज लेल ईश्वर स्वरूप व्यक्ति छलाह। हुनकर जीवन समाजसेवा आ सामाजिक उत्थान लेल समर्पित रहल। महासभाक कोषाध्यक्ष रौशन माधव मिश्रा कहलनि जे हुनकर व्यक्तित्व आ कृतित्वक विषय मे किछु कहब सूर्य कें दीप देखेबाक समान अछि। प्रमंडलीय संयोजक रमन झा कहलनि जे श्रद्धेय सतीश चंद्र मिश्र समाज लेल सदिखन प्रेरणास्रोत बनल रहताह। हुनकर विचार आइयो समाजक लोकक बीच जीवंत अछि। महासभाक अभिभावक मधुकांत झा कहलनि जे समाजक सांस्कृतिक आ आर्थिकविकास मे हुनकर योगदान कें सदिखन स्मरण कएल जाएत। पारस झा आ सुमन समाज कहलनि जे स्व.मिश्र समाजक प्रत्येक वर्गक हित आ अधिकार लेल सदिखन ठाढ़ रहलाह। युवा समाजसेवी सुदीप सुमन स्व. मिश्र सं जुड़ल कतेको संस्मरण साझा कएलनि। उपस्थित लोक कहलनि जे धार्मिक आ सामाजिकउत्थान लेल हुनका द्वारा उठाओल गेल कदम अतुलनीय छल। हुनकर आदर्श आ विचार आगांक पीढ़ी कें सेहो प्रेरणा दैत रहत। एहि अवसरपर प्रभाकरन देव, मधुकांत झा, पारस झा, सुमन समाज, पंकज मिश्रा,मनखुश झा, रौशन चौधरी, राहुल, शिवम, सुशील, रौशन, सुदीप सुमन सहित कतेको लोक उपस्थित छलाह।

श्रीकृष्ण जन्मोत्सव कें लए कए निकलल कलश शोभायात्रा

जयनगर, समदिया

कमला नदी सं जल बोझि पूजा स्थल पहुंचल श्रद्धालु सभक टोली

श्री श्री 108 श्री कृष्ण जन्मोत्सव समिति, सुभाष चौक गोइत टोल, जयनगरक तत्वावधान मे श्रीकृष्ण जन्मोत्सव कें लए कए शुक्रदिन भव्य कलश शोभायात्रा निकालल गेल। भक्तिमय वातावरण मे निकलल एहि शोभायात्रा मे पैघ संख्या मे श्रद्धालु आ स्थानीय ग्रामीण सहभागी भेलाह। एहि दौरान पूरा क्षेत्र भगवान श्रीकृष्णक जयकारा सं गूंजैत रहल। कलश शोभायात्रा निर्धारित पूजा स्थल सं शुरू भेल। श्रद्धालु हाथ मे कलश लए विभिन्न चौक-चौराहा होइत कमला नदीक तटपर पहुंचलाह। बाट मे जगह-जगह स्थानीय लोक शोभायात्राक स्वागत कएलनि। नदीक तटपर विधि-विधानक संग श्रद्धालु सभ कलश मे जल बोझलनि। तकर बाद जल सं भरल कलश लए श्रद्धालु सभ पुनः शोभायात्राक रूप मे पूजा स्थलपरपहुंचलाह, जतय धार्मिक अनुष्ठानक बीच कलश स्थापित कएल गेल।श्रीकृष्ण जन्मोत्सव कें लए कए सुभाष चौक गोइत टोल सहित आसपासक क्षेत्र मे उत्साहक माहौल अछि। आयोजन समितिक दिस सं विभिन्न धार्मिक आ सांस्कृतिक कार्यक्रमक तैयारी कएल गेल अछि। आयोजकक अनुसार स्थानीय लोकक सहभागिता लगातार बढ़ि रहल अछि। कलश शोभायात्रा मे पूर्वविधायक प्रत्याशी बृज किशोर यादव, राजदक वरिष्ठ नेता प्रदीप यादव, लक्ष्मण यादव, शशिभूषण साह, मनोज वर्मा, सतेंद्र यादव, बबलू यादव, नीतीश कुमार, विकास कुमार, श्याम कुमार, प्रकाश कुमार, सुभाष, पंकज कुमार, प्रमोद कुमार, सरोज कुमार सुमन, देवेंद्र कुमार, संतोष कुमार सहित पैघ संख्या मे ग्रामीण आ श्रद्धालु उपस्थित छलाह। समितिक अनुसार 5 सितंबर 2026कें अपराह्न 3 बजे मटका फोड़ कार्यक्रमआयोजित होयत। एहि कार्यक्रम कें लए कए युवा आ बच्चा मे विशेष उत्साह अछि। ओही दिन राति 8बजे जागरण आ भव्य झांकी कार्यक्रम सेहो होयत। झांकीक माध्यम सं भगवान श्रीकृष्णक जीवन आहुनकर लीलाक प्रस्तुति कएल जाएत। संगहि भजन आ धार्मिक कार्यक्रम सेहो आयोजित होयत। आयोजककहलनि जे श्रीकृष्ण जन्मोत्सव मात्र धार्मिक आयोजन नहि, बल्कि समाज मे एकता आ आपसी भाइचाराक संदेश देनिहार पर्व सेहो अछि। एहि उद्देश्य सं कार्यक्रम कें भव्य रूप देल जा रहल अछि।

33 बरख सं मेघवन मे धूमधाम सं मनाओल जा रहल कृष्ण जन्माष्टमी

बेनीपट्टी, समदिया

251 कुंवारी कन्या सं निकलल भव्य कलश शोभायात्रा

» राधा-कृष्ण आ वीर बजरंगीक झांकी रहल आकर्षणक केंद्र

प्रखंड क्षेत्रक मेघवन गाम मे कृष्ण जन्माष्टमी कें लए कए श्री श्री 108 श्री कृष्ण जन्माष्टमी पूजा समिति यादव टोलक तत्वावधान मे भव्य कलश शोभायात्रा निकालल गेल। एहि शोभायात्रा मे 251 कुंवारी कन्यासहित पैघ संख्या मे ग्रामीण सहभागी भेलाह। गाजे-बाजेक संग निकालल गेल शोभायात्रा पूजा स्थलसं शुरू भए पूरा गामक भ्रमण करैत नजरा गाम आ असलम चौक होइत कमला घाट धरि पहुंचल, जतय कलश मे जल भरल गेल। तकर बाद शोभायात्रा नजरा पंचायत भवन लग बांधक बाटे पुनः मेघवन यादव टोल स्थित पूजा स्थलपर पहुंचल। ओतय पंडितसभक मंत्रोच्चारक बीच विधि-विधान सं कलश स्थापित कएल गेल। शोभायात्रा मे राधा-कृष्ण आ वीर बजरंगीक आकर्षक झांकी सेहो निकालल गेल, जेश्रद्धालुसभक लेल विशेष आकर्षणक केंद्र बनल रहल। एहि दौरान भगवान श्रीकृष्ण आ राधा रानीक जयकारा, नंद के आनंद भयो, जय कन्हैया लाल की सहित विभिन्न भक्तिमय गीत सं पूरा वातावरणगूंजैत रहल। श्रद्धालुसभक उमड़ल भीड़ आ भक्तिमय माहौल सं पूरा मेघवन गाम कृष्णमय देखाइतरहल। पूजा समितिक अध्यक्ष गुलाब यादव, उपाध्यक्ष अखिलेश कुमार, सचिव मिंटू कुमार आ कोषाध्यक्ष अमन कुमार कहलनि जे मेघवन मे करीब 33 बरख सं धूमधाम सं कृष्ण जन्माष्टमी पूजनोत्सव मनाओल जा रहल अछि। एहि बेर आयोजन कें आओर भव्य रूप देल गेल अछि। 4 सितंबरक मध्यरात्रि मे विधि-विधान सं जन्मोत्सव आ पूजाक बाद 5 सितंबर कें मेला आ मटकाउत्सव आयोजित होयत। राति मे महाकाल ग्रुप द्वारा भव्य जागरण कार्यक्रम सेहो कएल जाएत। 6 सितंबर कें विसर्जन, कुंवारी कन्या आ बटुक भोजन सह महाभंडारा तथा प्रतिमा विसर्जनक आयोजनहोयत। ओम्हर, कृष्ण जन्माष्टमी शांतिपूर्ण वातावरण मे संपन्न कराबय लेल बेनीपट्टी पुलिस सेहो सक्रिय अछि। थानाध्यक्ष इंस्पेक्टर अनूप कुमारक निर्देशपर पीएसआई सुप्रिया कुमारी दलबलक संग कलश शोभायात्राक संग चलैत रहलथि आ विधि-व्यवस्था कायम रखबाक लेल मोर्चा सम्हारने रहलथि।

नुसरत, मुमताज आ रंजीता अपन समर्पण सं बदललनि कतेको जीवन

सीतामढ़ी, शिवहर, समदिया

शिक्षक मात्र पाठ्यपुस्तकक ज्ञान देनिहार नहि होइत छथि, बल्कि समाज आ आगांक पीढ़ीक भविष्य कें दिशा देनिहार निर्माता सेहो होइत छथि। शिक्षा प्रति समर्पण, जिम्मेदारी आ निरंतर प्रयास सं शिक्षक समाज मे सकारात्मक परिवर्तनक मजबूत आधार तैयार कए सकैत छथि। नुसरत जहां, मुमताज बेगम आरंजीता कुमारी एहन तीन शिक्षिका छथि, जे अपन कार्य सं एहि बातक प्रेरक उदाहरण प्रस्तुत कए रहल छथि। संघर्षक बीच प्रधानाध्यापिका बनलनि नुसरत जहां शिवहर जिलाक उच्च माध्यमिक विद्यालय, कमरौलीक प्रधानाध्यापिका नुसरत जहांक सेवायात्रा संघर्ष, मेहनत आ निरंतर सीखबाक प्रेरणादायी कहानी अछि। नियोजित शिक्षिकाक रूप मे अपन करियर शुरू कएनिहार नुसरत एसटीईटी परीक्षा उत्तीर्ण करबाक बाद बीएड पूरा केलनि। 2015 मे हुनकर नियुक्ति सीतामढ़ीक बलहा मुसहरी स्थित प्रोजेक्ट गर्ल्स हाई स्कूल मे भेल। आगू बढ़बाक प्रयास मे ओ बीपीएससीशिक्षक नियुक्ति परीक्षाक पहिल आ दोसर चरण मे सफलता प्राप्त केलनि। बाद मे प्रधानाध्यापकक परीक्षा सेहो उत्तीर्ण कए वर्तमान मे कमरौली उच्च माध्यमिक विद्यालयक शैक्षणिक आ प्रशासनिक दायित्व संभालि रहल छथि। नौकरीक संग पढ़ाई जारी रखैत 2023 मे नेट-जेआरएफ परीक्षा उत्तीर् केलनि आ वर्तमान मे पीएचडीक पढ़ाई कए रहल छथि। शिक्षा क्षेत्र मे योगदान लेल हुनका 2022 मे बिहार राज्य शिक्षक सम्मान सं सम्मानित कएल गेल छल। मुमताज बेगम लेल शिक्षा जीवनक मिशन सीतामढ़ीक सोनबरसा प्रखंडक बेताही मध्य विद्यालय मे कार्यरत शिक्षिका मुमताज बेगम लेल शिक्षिका होयब मात्र नौकरी नहि, बल्कि बच्चासभक भविष्य संवारबाक मिशन अछि। समयक पाबंदी, सरल शिक्षण शैली आ बच्चासभक प्रति आत्मीय व्यवहार हुनकर पहचान अछि। ओ कठिन पाठ कें सेहो सरल भाषा आउदाहरणक माध्यम सं बुझबैत छथि तथा बच्चासभक प्रतिभा पहचानि हुनका आगू बढ़बाक लेल प्रोत्साहितकरैत छथि। पारिवारिक जिम्मेदारीक बीच सेहो ओ शिक्षण कार्य सं कहियो समझौता नहि केलनि। हुनकर एक पुत्री सिविल सेवाक तैयारी कए रहल छथि, दोसर शिक्षिका बनबाक दिशा मे आगू बढ़ि रहल छथि, जखन कि पुत्र बीटेकक पढ़ाई कए रहल छथि। रंजीता कुमारी भूमिहीन विद्यालय कें देलनि पहिचान सोनबरसा प्रखंडक नवसृजित विद्यालय, भगवानपुरक विकासक कथा शिक्षिका रंजीता कुमारीक समर्पणक बिना अधूर अछि। 2007 मे पंचायत शिक्षिकाक रूप मे योगदान देनिहार रंजीता प्रधानाध्यापिका बनलाकबाद विद्यालयक विकास लेल उल्लेखनीय कार्य केलनि। विद्यालयक आरंभिक समय मे अपन जमीन धरि नहि छल आ बच्चा सभ खुले आकाशक नीचां पढ़ैत छलाह। रंजीता अपन वेतनक राशि आ लोकसभकस्वैच्छिक सहयोग सं जमीन खरीदबाक पहल कए विद्यालय कें अपन अस्तित्व प्रदान करौलनि। विशेषअभियान चलाकऽ छात्र संख्या करीब 250 सं 300 धरि पहुंचाओल गेल। पौधारोपण, नव शिक्षण प्रयोग आ अभिभावकसभक संग नियमित बैठकक माध्यम सं शिक्षाक वातावरण मजबूत कएल गेल। हुनकर मार्गदर्शन मे विद्यालयक छात्र सुशांत कुमार देशस्तरीय विज्ञान मेला मे प्रथम स्थान प्राप्त कए विद्यालयक नाम रोशन केलनि। उत्कृष्ट कार्य लेल रंजीता कें विभिन्न संस्थानद्वारा सम्मानित सेहो कएल गेल अछि। तीनू शिक्षिकाक यात्रा संघर्षपूर्ण अछि, मुदा हुनकर संकल्प संघर्ष सं पैघ अछि। हुनकालेल सम्मान सं बेसी महत्व बच्चासभक उज्ज्वल भविष्य संवारबाक संतोषक अछि।

125 यूनिट धरि मुफ्त बिजली, अगस्तक बिल मे फिक्स्ड चार्ज समायोजित भेल : अमित

सहरसा, समदिया

मुख्यमंत्री विद्युत उपभोक्ता सहायता योजनाक अंतर्गत जुलाई 2025 सं घरेलू उपभोक्ता कें प्रत्येक मास 125 यूनिट धरि बिजली खपतपर पूर्ण अनुदानक संग निःशुल्क बिजली देल जा रहल अछि। जखन कि 125 यूनिट सं बेसी बिजली खपत करयवाला उपभोक्ताक विद्युत विपत्र मे नियमानुसार अनुदानित ऊर्जा शुल्क, विद्युत कर आ फिक्स्ड चार्ज लागू कएल जाइत अछि। विद्युत कार्यपालक अभियंता ई. अमित कुमार कहलनि जे बिलिंग व्यवस्था कें बेसी सटीक, पारदर्शी आ उपभोक्ता हितैषी बनेबाक उद्देश्य सं राजस्व प्रबंधन प्रणाली लागू कएल गेल अछि। एहि अंतर्गत बिलिंग प्रक्रिया मे तकनीकी सुधार कएल जा रहल अछि आ सामने आबि रहल समस्याक त्वरित समाधान कएल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे जून आ जुलाई 2026 मे ओहि शहरी उपभोक्तासभक मासिक बिजली खपत 125 यूनिट सं बेसी छल, हुनका जमा राशि सं तकनीकी कारण सं फिक्स्ड चार्जक कटौती नहि भए सकल छल। एहि अवधि मे एहि आधारपर कोनो उपभोक्ताक विद्युत संबंध विच्छेद नहि कएल गेल। तकनीकी त्रुटि दूर भेलाक बाद फिक्स्ड चार्जक राशि अगस्त 2026क विद्युत विपत्र मे एकमुश्त समायोजित कएल गेल अछि। अभियंता कहलनि जे स्मार्ट प्रीपेड मीटर मे प्रत्येक मासक पहिल तिथि सं 125 यूनिट धरि ऊर्जा शुल्क नहि काटल जाइत अछि। तकर बाद नियमानुसार ऊर्जा शुल्क आ फिक्स्ड चार्जक कटौती होइत अछि। विभाग उपभोक्ता सं अपन विद्युत बिल नियमित रूप सं जांच करबाकअपील कएलक अछि। कोनो शिकायत अथवा जानकारी लेल 1912 टोल-फ्री नंबरपर संपर्क कएल जा सकैत अछि।

भीड़ मे सेहो एकाकी होयबाक वैश्विक त्रासदी

डॉ. ऋतु सारस्वत

हालहि जापानक प्रधानमंत्री साने ताकाइची सोशल मीडिया पर अपन कार्यालयक एकटा अनुभव साझा केलनि। ओ बतौलनि जे राति मे काज करैत काल हुनका ओतय एकटा कॉकरोच देखाइ पड़ल। ओ स्वयं ओकरा नहि मारलनि आ किछु समय धरि ओतहि रहल। बाद मे हुनकर कर्मचारी सभ ओकरा हटा देलनि। तखन ओ लिखलनि – राहति तं भेटल, मुदा कनी एकांत आ उदासी सेहो अनुभव भेल। मुदा कनी एकांत आ उदासी सेहो अनुभव भेल – ई पांति मोन मे हजार प्रश्न उठबैत अछि। सभ सं महत्वपूर्ण प्रश्न अछि – की हम सभ कतहु ने कतहु भीतर सं अत्यंत एकाकी छी? अंततः एहन किएक अछि जे लोक सं भरल एहि संसार मे सेहो ककरो किछु क्षणक उपस्थिति हमर एकाकीपन कें भरि दैत अछि आ ओकर अनुपस्थिति मे पुनः ओहि एकांतक अनुभूति होमय लगैत अछि? की मनुष्य कें सार्थक आवश्यकता मात्र तखन होइत अछि, जखन ओ वास्तव मे एकटा हो, अथवा भीड़ मे सेहो ककरो अपनाक उपस्थिति ओतबे आवश्यक अछि? वास्तव मे, हम सभ एकटा पैघ भ्रम कें सत्य मानि लेने छी–जे व्यक्ति प्रभावशाली, धनवान अथवा प्रसिद्ध अछि, से संसार मे सभ सं सुखी अछि। सुखक ई परिभाषा हमरा सभ कें निरंतर एहन दौड़ मे धकेलि रहल अछि, जतय उपलब्धिक ऊंचाइ कें जीवनक सार्थकता मानि लेल गेल अछि। मुदा की जीवन मे कोनो मोकाम प्राप्त कए लेबा सं मनुष्य कें भीतर सं ओहि खुशी, आत्मसंतोष आ तृप्तिक अनुभूति भए जाइत अछि, जकर खोज मे ओ एहि संपूर्ण दौड़ मे सम्मिलित होइत अछि? फिल्म निमार्ता करण जौहर अपन फिल्म रॉकी और रानी की प्रेम कहानी लेल राष्ट्रीय फिल्म पुरस्कार भेटलाक बादक एकटा अनुभव साझा केलनि। ओ बतौलनि जे उपलब्धिक खुशीक बीच एकटा क्षण एहन आएल, जखन हुनकर मन मे प्रश्न उठल–आइ राति हम की करी? ककर घर जाउ? ककर हाथ पकडू? खुशी अनुभव करबाक लेल हुनका पाछां एकटा छोट–सन थपकीक आवश्यकता छल आ ओ तकर प्रतीक्षा करैत छलाह। उपलब्धिक ई क्षण स्वयं मे ई स्पष्ट करैत अछि जे खुशीक संपूर्ण अर्थ ओकरा ककरो संग बांटबा मे निहित अछि। एकाकीपन मात्र एहि आधार पर निर्धारित नहि होइत अछि जे हमर चारूकात कतेक लोक छथि। वास्तविक प्रश्न ई अछि जे ओहि लोक सभक बीच हम स्वयं कें कतेक जुड़ल आ आत्मीय अनुभव करैत छी। हमर जीवन मे एहन संबंधक आवश्यकता होइत अछि, जतय हम अपन खुशी बांटि सकी, अपन दुःख कहि सकी आ कोनो संकोच बिना मोनक बात राखि सकी। शायद एहि कारणें भीड़ मे सेहो एकाकीपनक अनुभूति ओतबे वास्तविक भए सकैत अछि, जतेक पूर्णतः एकांत मे रहला पर। एहि मानवीय आवश्यकता कें आब वैश्विक स्तर पर सेहो गंभीरतापूर्वक बुझल जा रहल अछि। विश्व स्वास्थ्य संगठनक सामाजिक जुड़ाव पर गठित आयोगक रिपोर्ट



फ्रॉम लोनलीनेस टू सोशल कनेक्शन : चार्टिंग अ पाथ टू हेल्दियर सोसाइटीज बतबैत अछि जे सामाजिक अलगाव आ एकाकीपन व्यापक समस्या बनि गेल अछि आ एकर गंभीर प्रभाव व्यक्तिक स्वास्थ्य, कल्याण आ समाज पर पड़ि रहल अछि। रिपोर्ट सामाजिक संबंध कें सुदृढ़ करबाक लेल ठोस आ व्यापक स्तर पर लागू कएल जा सकयबला उपाय सभक आवश्यकता पर बल दैत अछि। रिपोर्ट अनुसार, संसार मे लगभग प्रत्येक छठम व्यक्ति एकाकीपनक अनुभव करैत अछि। ई समस्या कोनो एकटा आयु–वर्ग अथवा समाज धरि सीमित नहि अछि। विशेष रूप सं किशोर आ युवा सभ मे एकर प्रसार बेसी अछि। मजबूत सामाजिक संबंध मात्र व्यक्तिक सुख आ कल्याण लेल नहि, बल्कि ओकर स्वास्थ्य, दीर्घ जीवन आ व्यापक सामाजिक जीवन लेल सेहो अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। ई तं मात्र दर्ज कएल गेल आंकड़ा अछि; वास्तविकता संभवतः एकरा सं कतेको बेसी व्यापक अछि। सत्य ई अछि जे हम सभ भीड़ मे कतहु ने कतहु एकाकी छी। शायद संसार मे विरले एहन व्यक्ति होयत, जे जीवनक कोनो ने कोनो पड़ाव पर एकाकीपनक अनुभूति नहि केने हो। विश्व स्वास्थ्य संगठन जाहि गंभीर प्रश्न पर चिंता प्रकट केने अछि, तकर चर्चा दशक सभ पूर्व द लोनली क्राउड नामक पुस्तक मे सेहो सार्थक रूप सं भेल छल। 1950 मे प्रकाशित ई पुस्तक आधुनिक समाज मे व्यक्तिक सामाजिक जीवन आ ओकर भीतर बढ़ैत एकाकीपनक विभिन्न पक्ष कें उजागर करैत अछि। द लोनली क्राउड ई प्रश्न उठबैत अछि जे लोक सभक बीच रहितो मनुष्य एकाकी किएक अनुभव कए सकैत अछि आ सामाजिक जीवनक विस्तार भेला पर सेहो ओ भीतर सं अलग–थलग किएक पड़ि सकैत अछि। बेसी काल हम मानि लैत छी जे सफलता, उपलब्धि आ जीवनक कोनो पैघ मोकाम प्राप्त कए लेलाक बाद मनुष्य कें दोसराक साथक आवश्यकता कम भए जाइत अछि। मुदा मनोवैज्ञानिक रॉय बॉमिस्टर आ मार्क लीरीक 1995 केर शोध–पत्र द नीड टू बिलॉन्ग एहि धारणा कें दोसर दृष्टिकोण दैत अछि। हुनकर अनुसार, मजबूत आ स्थायी मानवीय संबंध बनायब आ ओकरा कायम रखब मनुष्यक एकटा मूलभूत मनोवैज्ञानिक आवश्यकता अछि। जीवन मे हम जतबा ऊंचाइ धरि पहुंचि जाइ, तथापि हमरा सभ कें एहन संबंधक आवश्यकता रहैत अछि जतय स्नेह हो, परस्पर परवाह हो आ ई विश्वास हो जे कियो हमर सुख मे वास्तव मे प्रसन्न होयत आ दुःखक समय मे हमर संग ठाढ़ रहत। सफलता, पद अथवा धन–संपत्ति एहि आवश्यकता कें समाप्त नहि करैत अछि। वास्तव मे, एकाकीपन ओ सामाजिक पीड़ा अछि जे धीरे–धीरे मनुष्य कें भीतर सं तोड़ैत चलि जाइत अछि। मनोवैज्ञानिक जॉन कैसिओप्पो आ लुईस हॉकली अपन शोध लोनलीनेस मैटर्स मे स्पष्ट करैत छथि जे एकाकीपन मात्र लोकक अनुपस्थितिक परिणाम नहि अछि। लोक सभ चारूकात रहितो जं संबंध मे आत्मीयता आ जुड़ावक अनुभूति नहि हो, तं मनुष्य एकाकी भए सकैत अछि। दीर्घकाल धरि बनल रहनिहार एकाकीपन व्यक्तिक भावना आ व्यवहार कें प्रभावित कए सकैत अछि आ ओकर निद्रा आ शारीरिक स्वास्थ्य पर सेहो प्रतिकूल प्रभाव दए सकैत अछि। अतः एकाकीपन सं बचबाक लेल मात्र लोकक भीड़ अथवा सहायता पर्याप्त नहि अछि। मनुष्य कें एहन पारस्परिक संबंधक आवश्यकता अछि, जतय ओ दोसराक लेल उपस्थित रहय आ दोसर सेहो ओकरा लेल उपलब्ध रहय। शायद व्यस्तता सं भरल एहि जीवन मे हम सभ एहि बात कें सभ सं बेसी बिसरैत जा रहल छी। हम अपन लेल समय निकालैत छी, अपन सफलता आ प्राथमिकता कें स्थान दैत छी – मुदा की अपन संबंध सभ लेल सेहो ओतबे स्थान बना रहल छी?

एकाकीपन मात्र एहि आधार पर निर्धारित नहि होइत अछि जे हमर चारूकात कतेक लोक छथि। वास्तविक प्रश्न ई अछि जे ओहि लोक सभक बीच हम स्वयं कें कतेक जुड़ल आ आत्मीय अनुभव करैत छी। हमर जीवन मे एहन संबंधक आवश्यकता होइत अछि, जतय हम अपन खुशी बांटि सकी, अपन दुःख कहि सकी आ कोनो संकोच बिना मोनक बात राखि सकी। शायद एहि कारणें भीड़ मे सेहो एकाकीपनक अनुभूति ओतबे वास्तविक भए सकैत अछि, जतेक पूर्णतः एकांत मे रहला पर। एहि मानवीय आवश्यकता कें आब वैश्विक स्तर पर सेहो गंभीरतापूर्वक बुझल जा रहल अछि। विश्व स्वास्थ्य संगठनक सामाजिक जुड़ाव पर गठित आयोगक रिपोर्ट फ्रॉम लोनलीनेस टू सोशल कनेक्शन : चार्टिंग अ पाथ टू हेल्दियर सोसाइटीज बतबैत अछि जे सामाजिक अलगाव आ एकाकीपन व्यापक समस्या बनि गेल अछि आ एकर गंभीर प्रभाव व्यक्तिक स्वास्थ्य, कल्याण आ समाज पर पड़ि रहल अछि। रिपोर्ट सामाजिक संबंध कें सुदृढ़ करबाक लेल ठोस आ व्यापक स्तर पर लागू कएल जा सकयबला उपाय सभक आवश्यकता पर बल दैत अछि। रिपोर्ट अनुसार, संसार मे लगभग प्रत्येक छठम व्यक्ति एकाकीपनक अनुभव करैत अछि। ई समस्या कोनो एकटा आयु–वर्ग अथवा समाज धरि सीमित नहि अछि। विशेष रूप सं किशोर आ युवा सभ मे एकर प्रसार बेसी अछि। मजबूत सामाजिक संबंध मात्र व्यक्तिक सुख आ कल्याण लेल नहि, बल्कि ओकर स्वास्थ्य, दीर्घ जीवन आ व्यापक सामाजिक जीवन लेल सेहो अत्यंत महत्वपूर्ण अछि।

100 सं बेसी जनरल कें हटा कए शी जिनपिंग चीनक सेना आ ताइवान कें कोन संकेत दए रहल छथि

मेजर जनरल मंदीप सिंह

लगभग 228 ईसा पूर्व चीनक वारिंग स्टेट्स पीरियड मे झाओ राज्यक किन राज्य सं युद्ध चलि रहल छल। ली म्यू एक विलक्षण रणनीतिकार आ निडर सेनानायक छलाह। ओ झाओ सेनाक सेनापति छलाह। किन राज्य कें बुझि पड़ल जे जाबत धरि ली म्यू कें हटाओल नहि जाएत, ताबत धरि झाओ कें पराजित करब कठिन अछि। तखन किनक लोक सभ झाओ दरबारक एक अधिकारी कें घूस दए ई अफवाह फैला देलक जे ली म्यू किन कें पराजित कए झाओक सिंहासन हथियाबय चाहैत छथि। अफवाहक प्रभाव मे राजा कियान ली म्यू कें मरबा देलनि। मात्र तीन मासक बाद कमजोर किन, मजबूत मुदा नेतृत्वहीन झाओ पर निर्णायक विजय प्राप्त कए लेलक। लगैत अछि चीनक राष्ट्रपति शी जिनपिंग चीनक प्राचीन इतिहास सं पर्याप्त शिक्षा नहि लेलनि। चीनी सेनाक पश्चिमी थिएटर कमांडक पूर्व कमांडर जनरल झाओ जोंग्की कें शी पछिला सप्ताह पद सं हटा देलनि। हुनका संग अखन धरि शी 102 पैघ सैन्य कमांडर कें हटाएल गेल। बात एतबे नहि अछि। चीन मे साम्यवादक आरंभ लेनिनवादी–मार्क्सवादी विचारधारा सं भेल, जे रूसक माध्यम सं चीन धरि पहुंचल। एहि विचारधारा सं प्रभावित भए माओ जेदोंग आ हुनकर सहयोगी सभ 1921 मे चीनी कम्युनिस्ट पार्टी (सीसीपी) केर स्थापना केलनि। रूसी प्रभाव चीनक सेना पर सेहो गहींर रहल। 2015 धरि पीपुल्स लिबरेशन आर्मी (पीएलए) मे जनरल बनबाक लेल अधिकारी सभक प्रशिक्षण रूसी युद्धकला अनुसार होयब आवश्यक मानल जाइत छल। स्टालिन अपन सत्ता लेल प्रत्येक संभावित चुनौती कें समाप्त करबाक उद्देश्य सं रूसक रेड आर्मी मे व्यापक शुद्धीकरण अभियान चलौलनि। एहि क्रम मे डीप बैटल सिद्धांतक

प्रमुख विचारक मिखाइल तुखचेव्स्की सहित पांच मे सं तीन सोवियत मार्शल कें या तं मारि देल गेल अथवा जेल मे दए देल गेल। 15 मे सं 12 आर्मी कमांडर आ लगभग 30–40 हजार अधिकारी कें हटाओल गेल। एकर परिणामस्वरूप हिटलर कें विश्वास भए गेल जे सोवियत सेना नेतृत्वविहीन अछि। तकर बाद 1941 मे ओ तेलक विशाल भंडारबला कॉकसस आ स्टालिनग्राद पर अधिकार करबाक उद्देश्य सं ऑपरेशन बार्बरोसा शुरू केलनि। हिटलरक प्रसिद्ध कथन छल जे सोवियत व्यवस्थाक ढांचा एतेक जर्जर अछि जे मात्र धक्का देबाक आवश्यकता अछि। मुदा युद्धक समय स्टालिन कें अंततः किछु जनरल कें जेल सं मुक्त कए पुनः सेनाक नेतृत्व मे आनय पड़लनि। आरंभ मे सोवियत सेना कमजोर पड़ल, मुदा लगभग तीन वर्ष बाद 1944 मे ओ जर्मन सेना कें पाछां धकेलबा मे सफल भेल।

पीएलए सं लगातार निष्कासन किएक? : शी जिनपिंग चीनक राष्ट्रपति, सीसीपी केर अध्यक्ष आ सेंट्रल मिलिटरी कमीशन (सीएसी) केर अध्यक्ष बनिते चीनक राजनीति, पार्टी आ सेनाक सर्वोच्च नेतृत्व अपन हाथ मे लए लेलनि। तकर बाद ओ पीएलए कें विश्वस्तरीय सेना बनाबय लेल रिवोल्यूशन इन मिलिटरी अफेयर्स (आरएमए) शुरू केलनि। सैन्य सुधारक अतिरिक्त भ्रष्टाचार, चापलूसी, गुटबाजी आ स्वार्थपरक संस्कृतिक अंत करब सेहो आवश्यक छल। शी पीएलए केर नेतृत्व पर कठोर निगरानी शुरू केलनि। हुनकर स्पष्ट नीति छल जे पद चाहे जतबा पैघ हो, भ्रष्टाचार आ अनुशासनहीनता कें बर्दाश्त नहि कएल जाएत। 2012 मे हुनका द्वारा आठसूत्री नियमावली लागू कए नौकरशाही, सुखवाद, फिजूलखर्ची आ नियमक अवहेलना विरुद्ध अभियान चलाओल गेल। लाखो पार्टी सदस्य कें अनुशासनात्मक कारवाईक सामना करय पड़ल। मुदा प्रश्न उठैत अछि जे 14 वर्ष धरि लगातार सैन्य अधिकारी सभ अनुशासन आ कानूनक गंभीर उल्लंघन करैत रहलाह–की समस्या मात्र भ्रष्टाचार अछि? सेंटर फॉर स्ट्रेटेजिक एंड इंटरनेशनल स्टडीज केर चाइना पावर प्रोजेक्ट द्वारा जनवरी 2022 सं फरवरी 2026 धरि कएल अध्ययन सं महत्वपूर्ण तथ्य सामने आएल।

हीरा सं लए कए हथियार धरि, बेल्जियमक संग मोदी यूरोप लेल बनौलनि पैघ रणनीतिक योजना

नीरज कुमार

भारत आ बेल्जियमक संबंधक सभ सं चमकदार पहिचान आइ धरि हीरा रहल अछि। एंटवर्प सं मुंबई आ सूरत धरि पसरल हीराक कारोबार दुनू देश कें जोड़ैत रहल अछि। मुदा आब ई संबंध मात्र चमकैत हीरा धरि सीमित नहि रहत। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ बेल्जियमक प्रधानमंत्री बार्ट डी वेवरक नई दिल्ली मे भेल भेंट भारत-बेल्जियम संबंध कें रक्षा, सेमीकंडक्टर, हरित ऊर्जा, महत्वपूर्ण खनिज, समुद्री सुरक्षा, अंतरिक्ष, साइबर सुरक्षा आ निवेश जेकां रणनीतिक क्षेत्र धरि विस्तारित करबाक स्पष्ट मार्गदर्शन देलक अछि। बेल्जियमक प्रधानमंत्री बार्ट डी वेवरक 2 सं 4 सितंबर धरि भारत यात्रा आ दुनू देशक बीच भेल समझौता ई संकेत दैत अछि जे बदलैत वैश्विक व्यवस्था मे भारत यूरोपक संग अपन संबंध कें नव सामरिक गहराइ दए रहल अछि। प्रधानमंत्री मोदीक कूटनीतिक दृष्टिकोणक महत्वपूर्ण पक्ष ई अछि जे भारत आब द्विपक्षीय संबंध कें अलग-अलग घटनाक रूप मे नहि, बल्कि व्यापार, सुरक्षा, प्रौद्योगिकी आ वैश्विक राजनीति सं जोड़ि कए एकटा व्यापक रणनीतिक ढांचा तैयार कए रहल अछि।

साझा इतिहास, भविष्यक रणनीतिक साझेदारी : भारत-बेल्जियम संबंधक जड़ि बहुत गहींर अछि। प्रथम विश्वयुद्धक समय फ्लैंडर्सक युद्धक्षेत्र मे 9,000 सं बेसी भारतीय सैनिक सर्वोच्च बलिदान देलनि। बेल्जियम स्वतंत्र भारतक संग 1947 मे राजनयिक संबंध स्थापित कएनिहार आरंभिक यूरोपीय देश सभ मे छल। आब 2027 मे दुनू देश अपन राजनयिक संबंधक 80म वर्षगांठ मनाओत। बेल्जियमक

प्रधानमंत्री डी वेवर भारत यात्रा शुरू करैत राजघाट पर महात्मा गांधी कें श्रद्धांजलि देलनि। ई प्रतीकात्मक घटना ओहि संबंधक आधार दिस संकेत करैत अछि, जे लोकतंत्र, विधिक शासन, बहुलवाद आ परस्पर विश्वास पर आधारित अछि। मुदा एहि बेर इतिहास सं बेसी महत्व भविष्यक अछि। 15 जुलाई 2026 कें ब्रुसेल्स मे आरंभ भेल प्रथम भारत-बेल्जियम रणनीतिक संवाद दुनू देशक संबंध कें नियमित आ व्यापक संस्थागत आधार देत। व्यापार आ निवेश सं लए कए हरित परिवर्तन, प्रौद्योगिकी, संपर्क, रक्षा आ सुरक्षाधरि सहयोग लेल स्थायी मंच तैयार कएल गेल अछि।

भारत-यूरोपीय संघक समीकरण मे बेल्जियमक बढ़ैत महत्व : एहि यात्राक वैश्विक महत्व भारत-यूरोपीय संघ संबंध सं सेहो जुड़ल अछि। जनवरी 2026 मे भारत-ईयू मुक्त व्यापार समझौता वार्ताक सफल समापन के ऐतिहासिक घटनाक्रम मानल जा रहल अछि। मोदी आ डी वेवर एहि समझौता पर शीघ्र अमल करबाक आवश्यकता पर जोर देलनि। भारत आ यूरोपीय संघ दुनियांक दू पैघ लोकतांत्रिक आ आर्थिक शक्ति अछि। वर्तमान समय मे वैश्विक आपूर्ति श्रृंखला भू-राजनीतिक तनाव, युद्ध आ आर्थिक प्रतिस्पर्धा सं प्रभावित अछि। एहन परिस्थिति मे भारत-ईयू आर्थिक साझेदारी मात्र व्यापारक विषय नहि, बल्कि चीन-केंद्रित निर्भरता सं आपूर्ति श्रृंखला कें बाहर निकालि अधिक विविध आ सुरक्षित व्यवस्था बनेबाक रणनीति सेहो अछि। एहि समीकरण मे बेल्जियमक विशेष भूमिका भए सकैत अछि। एंटवर्प यूरोपक महत्वपूर्ण व्यापारिक आ बंदरगाह केंद्र मे सं एक अछि, जखनकि भारत हिंद महासागर क्षेत्रक विशाल बाजार आ तीव्र गति सं उभरैत आर्थिक शक्ति अछि।

भोटेकोशीक क्षति : नेपाल विश्व सं सहयोग मांगि रहल अछि वा जलवायु न्याय?

कृष्ण बहाब

भोटेकोशी मे आएल विनाशकारी बाढ़ि नेपाल कें फेर एक बेर पैघ विपत्ति सं जुझबाक परिस्थिति मे पहुंचा देलक। घर सभ बहि गेल, सड़क आ पुल सभ ध्वस्त भए गेल, सैकड़ो परिवार विस्थापित भेल आ हजारो लोकक जीवन प्रत्यक्ष रूप सं प्रभावित भेल। मुदा बाढ़िक पानि धीरे-धीरे घटैत गेलापर एकटा महत्वपूर्ण प्रश्न उठय लागल अछि - भोटेकोशी सं भेल एहि क्षतिक भार नेपाल मात्र किएक वहन करय? जलवायु परिवर्तनक प्रभाव सं बढ़ैत एहन विपत्ति सं भेल क्षतिपूर्ति लेल नेपाल अंतर्राष्ट्रीय समुदाय सं की मांगि रहल अछि - सहयोग, क्षतिपूर्ति अथवा जलवायु न्याय? एहि प्रश्नक पृष्ठभूमि मे नेपाल सरकार संयुक्त राष्ट्रक जलवायु संरचनाक अंतर्गत फन्ड फर रेस्पन्डिङ टु लस एन्ड डेमेज (एफआरएलडी) सं तत्काल वित्तीय सहयोगक मांग करैत पत्राचार केलक अछि। विदेश मंत्री शिशिर खनाल एहि विषय कें आगू बढ़बैत कहलनि जे नेपाल कें आब मात्र सहयोग नहि, बल्कि जलवायु न्याय केर बहस उठेबाक चाही। एहि अभिव्यक्तिक बाद भोटेकोशीक क्षति अंतर्राष्ट्रीय चर्चाक विषय बनि गेल अछि। भारतक प्रमुख संचार माध्यम सभ सेहो जलवायु संकट लेल जिम्मेवारीक प्रश्न पर नेपाल द्वारा उठाओल गेल मुद्दा कें महत्व देलक अछि। मुदा एतय एकटा बात स्पष्ट होयब आवश्यक अछि। नेपाल द्वारा एफआरएलडी कें पठाओल पत्र मे कोनो निश्चित राशि निर्धारित कए ई नहि कहल गेल अछि जे एतेक अरब डॉलर क्षतिपूर्ति देल जाय। सरकारक कहब अछि जे विस्तृत क्षति मूल्यांकनक काज एखन जारी अछि आ विपत्तिक व्यापकता नेपालक तत्कालीन क्षमता आ साधन सं बाहर अछि। प्रारंभिक अनुमान अनुसार पुनर्निर्माण आ पुनर्स्थापनाक लेल चारि सं पांच अरब अमेरिकी डॉलर धरि आवश्यकता भए सकैत अछि। मुदा वास्तविक आवश्यकता विस्तृत अध्ययनक बादे स्पष्ट होयत। एहि कारणें वर्तमान आग्रह कें सीधे-सीधे क्षतिपूर्तिक मांगक रूप मे बुझब उचित नहि होयत। मुदा विदेश मंत्री द्वारा उठाओल जलवायु न्यायक प्रश्न मात्र राहति आ सहयोग धरि सीमित नहि अछि। सहयोग आ न्यायक अंतर एतय स्पष्ट होइत अछि। सहयोग कियो अपन इच्छानुसार दए सकैत अछि। मुदा न्याय दोसर प्रश्न उठबैत अछि - जलवायु संकट उत्पन्न करबा मे नेपालक योगदान कतेक अछि आ ओकर प्रभाव नेपाल कतेक भोगि रहल अछि? जं योगदान अत्यंत न्यून अछि तं क्षतिक भार सेहो नेपाल कें मात्र किएक वहन करय? विश्वव्यापी हरितगृह गैस उत्सर्जन मे नेपालक योगदान नगण्य अछि। मुदा

तापमान मे वृद्धि, हिमनदीक पघिलब, हिमतालक खतरा आ चरम मौसमी घटनाक प्रभाव नेपाल गंभीर रूप सं भोगि रहल अछि। हिमालयी क्षेत्र मे भेल परिवर्तन बाढ़ि, भूस्खलन आ अन्य प्राकृतिक विपत्तिक खतरा बढ़ा रहल अछि। ताहि लेल नेपाल आब संसार सं दया नहि, बल्कि जिम्मेवारीक प्रश्न उठा रहल अछि। जलवायु परिवर्तन सं होमयबला हानि-नुकसानक समाधान मे अंतर्राष्ट्रीय समुदायक सेहो दायित्व अछि - नेपालक तर्क मूलतः एहि आधार पर अछि। एहि संदर्भ मे एफआरएलडी महत्वपूर्ण अछि। 2022 केर कॉप-27 सम्मेलन मे स्थापित आ कॉप-28 मे संचालन प्रक्रिया मे आएल ई संयंत्र जलवायु परिवर्तनक कारण होमयबला हानि-नोकसान कें संबोधित करबाक लेल बनाओल गेल अछि। नेपाल एखन एहि कोष सं सहयोग मांगने अछि। मुदा एकर अर्थ ई नहि जे अमेरिका, चीन अथवा भारत कें कोनो न्यायालय द्वारा निर्धारित क्षतिपूर्ति नेपाल कें देबहि पड़त। एफआरएलडी कोनो अंतर्राष्ट्रीय न्यायालय नहि अछि; एकर उद्देश्य प्रभावित देश सभ कें वित्तीय सहायता उपलब्ध करायब अछि। नेपालक रणनीति एखन दू स्तर पर आगू बढ़ैत देखाइ पड़ैत अछि। पहिल, भोटेकोशी जेकां विपत्ति सं भेल क्षतिक समाधान लेल एफआरएलडीक माध्यम सं तत्काल आर्थिक सहायता प्राप्त करब। दोसर, जलवायु संकट मे न्यून योगदान कएनिहार नेपाल जेकां देश सभ असमान रूप सं पैघ क्षति भोगि रहल अछि - एहि विषय कें अंतर्राष्ट्रीय स्तर पर जलवायु न्यायक बहस बनायब। एहि कारणें अमेरिका, चीन आ भारत जेकां पैघ उत्सर्जक देश सभक नाम चर्चा मे अबैत अछि। नेपालक तर्क अछि जे जिनका हरितगृह गैस उत्सर्जन मे पैघ हिस्सा अछि, हुनका जलवायु वित्त, अनुकूलन आ हानि-नुकसानक समाधान मे सेहो बेसी जिम्मेवारी लेबाक चाही। मुदा एहि बहस कें मजबूत बनेबाक लेल नेपालक लग पर्याप्त तथ्य आ प्रमाण रहब आवश्यक अछि। सभ सं महत्वपूर्ण प्रश्न ई अछि जे भोटेकोशीक विपत्ति मे जलवायु परिवर्तनक भूमिका कतेक छल? हिमालयी क्षेत्रक विपत्ति एकमात्र कारण सं नहि होइत अछि। हिमनदीक अवस्था, तापमान, बरखा, हिमपहाड़क खसकब, चट्टान खसबाक प्रक्रिया आ भूगर्भीय अवस्थाक संयुक्त प्रभाव रहैत अछि। भोटेकोशी घटना मे हिमपहाड़ खसकब, चट्टान खसब आ पर्माफ्रोस्ट मे परिवर्तन जेकां विषय सेहो जुड़ल अछि। मुदा एकरा जलवायु परिवर्तनक प्रत्यक्ष परिणाम कहबाक लेल एखन आर वैज्ञानिक अध्ययन आवश्यक अछि। ताहि लेल आब नेपालक अगिला काज तथ्य संकलन आ वैज्ञानिक प्रमाण तैयार करब अछि। कतेक जनसंख्या प्रभावित भेल, कतेक आर्थिक क्षति भेल, बाढ़ि सं पूर्व हिमालयी क्षेत्रक पर्यावरणीय अवस्था कोन छल आ जलवायु परिवर्तनक भूमिका कतेक छल -एहि सभ प्रश्नक उत्तर ताकब आवश्यक अछि। नेपालक नैतिक आधार मजबूत अछि, कारण वैश्विक उत्सर्जन मे ओकर योगदान अत्यंत न्यून अछि, मुदा ओकर प्रभाव असमान रूप सं ओहि पर पड़ि रहल अछि। तथापि कानूनी आधार स्थापित करबाक लेल आर प्रमाण आवश्यक होयत। अंतर्राष्ट्रीय न्यायालय (आईसीजे) केर हालक जलवायु संबंधी सलाहकारी राय राज्य सभक जलवायु दायित्व पर महत्वपूर्ण व्याख्या प्रस्तुत केलक अछि। मुदा एकर अर्थ ई नहि जे भोटेकोशीक क्षतिलेल कोनो देश कें नेपाल कें धन देनाइ अनिवार्य भए गेल अछि। दायित्व, क्षति आ कारण-संबंध प्रमाणित करबाक प्रक्रिया एखन सेहो जटिल अछि। ताहि लेल वर्तमान समय मे नेपालक प्राथमिकता भावना सं बेसी ठोस तथ्य आ वैज्ञानिक प्रमाण तैयार करब होयबाक चाही। अंततः भोटेकोशीक बहस मात्र आर्थिक सहयोगक प्रश्न नहि अछि। ई आब जलवायु न्याय, अंतर्राष्ट्रीय जिम्मेवारी आ हिमालयी राष्ट्र सभक अस्तित्व सं जुड़ल विषय बनि गेल अछि। नेपाल एखन संसार सं एकटा पैघ प्रश्न पूछि रहल अछि - जं जलवायु संकट उत्पन्न करबा मे हमर योगदान नगण्य अछि, तं ओकर मूल्य सेहो हमही सभ किएक चुकाबी? भोटेकोशीक बाद उठल ई प्रश्न आब मात्र नेपालक प्रश्न नहि रहल; ई संपूर्ण विश्वक जलवायु न्यायिक प्रतिबद्धताक परीक्षा बनि ठाढ़ भेल अछि।

अखिलेश यादव सं आशुतोष रांकाक डेढ़ घंटाक भेंट, यूपी मे नव राजनीतिक समीकरणक चर्चा तेज

उत्तर प्रदेश मे 2027 मे होयबला विधानसभा चुनाव कें लए राजनीतिक हलचल तेज भए गेल अछि। राजनीतिक दल सभ अपन-अपन समीकरण साधय मे जुटल छथि। एहि बीच समाजवादी पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव आ कॉकरोच जनता पार्टी (सीजेपी)क राष्ट्रीय प्रवक्ता आशुतोष रांकाक भेंट नव चर्चाक जन्म दए देने अछि।

लखनऊ स्थित सपा मुख्यालय मे दुनू नेताक बीच करीब डेढ़ घंटा धरि बंद कोठली मे बातचीत भेल। भेंटक बाद राजनीतिक गलियारा मे ई सवाल उठय लागल अछि जे की सपा आ सीजेपी आगू चलि कए छात्र आ युवा सं जुड़ल मुद्दा पर एक संग आबि सकैत अछि। मुदा दुनू दलक दिस सं राजनीतिक गठबंधन अथवा चुनावी तालमेल कें लए एखन धरि कोनो आधिकारिक घोषणा नहि कएल गेल अछि। लखनऊ स्थित समाजवादी पार्टीक मुख्यालय मे अखिलेश यादव आ आशुतोष रांकाक भेंट भेल। कहल जा रहल अछि जे एहि दौरान रांका सं हुनक सात सहयोगी सेहो मौजूद छलाह। दुनू पक्षक बीच करीब डेढ़ घंटा धरि विभिन्न मुद्दा पर बातचीत भेल।

सीजेपी प्रवक्ताक दिस सं दिल्लीक जंतर-मंतर पर भेल पार्टीक आंदोलनक दौरान समाजवादी पार्टीक सांसद आ नेता सभक सहयोग कें लए अखिलेश यादवक आभार जताओल गेल। एहि आंदोलन मे सपा सांसद डिंपल यादव समेत पार्टीक कतेको नेता शामिल भेल छलाह। मुदा बैठकक बाद अखिलेश यादव आ आशुतोष रांका दिस सं कोनो आधिकारिक बयान सामने नहि आयल अछि।

मीडिया रिपोर्टक अनुसार सपा प्रवक्ता फखरुल हसन चांद कहलनि जे आशुतोष रांका अखिलेश यादव सं आभार व्यक्त करबाक लेल भेटल छलाह। ओ कहलनि जे दिल्लीक जंतर-मंतर पर जखन देशभरक युवा अपन मांग कें लए प्रदर्शन कए रहल छलाह, तखन समाजवादी पार्टी सड़क सं लए कए सदन धरि युवा सभक आवाज उठौने छल। डिंपल यादव समेत सपाक कतेको नेता युवा सभक मुद्दा कें मजबूती सं उठौलनि। एहि

सिलसिला मे सीजेपीक नेता अखिलेश यादव सं भेंट करबाक लेल पहुंचल छलाह। सपा प्रवक्ता दावा कएलनि जे भेंट मे कोनो राजनीतिक विषय पर चर्चा नहि भेल।

आशुतोष रांका आ सीजेपी पछिला किछु समय सं छात्र, प्रतियोगी परीक्षा, रोजगार आ शिक्षा सं जुड़ल मुद्दा कें लए सक्रिय अछि। नीट पेपर लीक सं लए कए सरकारी स्कूलक स्थिति धरि कतेको मुद्दा पर पार्टीक दिस सं आवाज उठाओल गेल अछि। दोसर दिस समाजवादी पार्टी सेहो बेरोजगारी, पेपर लीक आ शिक्षा व्यवस्था कें लए योगी सरकार पर लगातार हमला करैत रहल अछि। अखिलेश यादव कतेको अवसर पर स्कूल बंद होयब आ प्राथमिक शिक्षाक स्थिति कें लए सरकार कें घेरैत रहल छथि। एहि कारण दुनू पक्षक भेंट कें छात्र आ युवा मुद्दाक दृष्टि सं महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि।

युवा आ पहिल बेर मतदान करयबला मतदाता सभक भूमिका महत्वपूर्ण

उत्तर प्रदेश मे 2027क विधानसभा चुनाव कें देखैत युवा आ पहिल बेर मतदान करयबला मतदाता सभक भूमिका महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। अखिलेश यादव सेहो लगातार युवा आ नव पीढ़ी सं जुड़ल मुद्दा कें राजनीतिक विमर्श मे स्थान दैत रहल छथि। सीजेपीक ह्यस्कूल ठीक करू अभियानह्क आ सपाक पिछड़ा, दलित आ अल्पसंख्यक अर्थात पीडीए सामाजिक समीकरण अलग-अलग राजनीतिक आधार पर काज करैत अछि। मुदा शिक्षा, रोजगार आ छात्र हित जेकां मुद्दा पर दुनूक सुर एक जकां देखाइ पड़य लागल अछि।

राजनीतिक जानकार सभक नजरि आब एहि बात पर अछि जे आगू दुनू संगठन कोनो साझा मंच पर देखाइ पड़ैत अछि अथवा ई भेंट मात्र शिष्टाचार आ आभार व्यक्त करबा धरि सीमित रहैत अछि।

आशुतोष रांका पछिला किछु मास सं छात्र आ शिक्षा व्यवस्था सं जुड़ल मुद्दा कें लए सक्रिय रहल छथि। पछिला मास राजस्थान मे ह्यस्कूल ठीक करूह्क अभियानक दौरान रांका पर कथित रूप सं हमला भेलाक बात सामने आयल छल। एहि घटना कें बाद अखिलेश यादव सेहो एहि मुद्दा कें सार्वजनिक रूप सं उठौने छलाह। एहि कारण दुनू नेताक हालक भेंट कें एहि पूरा घटनाक्रम सं जोड़ि कए सेहो देखल जा रहल अछि।

अखिलेश यादव आ आशुतोष रांकाक भेंटक बाद सपा आ सीजेपीक बीच संभावित राजनीतिक तालमेल कें लए अटकल जरूर तेज भए गेल अछि, मुदा एखन धरि कोनो औपचारिक गठबंधनक घोषणा नहि भेल अछि। सपाक मुख्य प्रवक्ता राजेंद्र चौधरी सेहो दुनू नेताक भेंटक पुष्टि केने छथि।

मुदा बैठक मे की तय भेल आ आगू दुनू पक्ष कोनो पैघ राजनीतिक मंच पर एक संग नजरि आएत अथवा नहि, एहि संबंध मे एखन आधिकारिक रूप सं किछु स्पष्ट नहि अछि। एहि कारण फिलहाल एहि भेंट कें युवा, छात्र, शिक्षा आ रोजगार जेकां मुद्दा पर संभावित सहयोगक शुरूआतक रूप मे देखल जा रहल अछि। आगू के मास मे यूपीक राजनीति पर एहि भेंटक असर कतेक देखाइ पड़ैत अछि, एहि पर सभक नजरि रहत।

की बिहार भाजपा मे पुरान चेहराक फेर बढ़त भूमिका? सम्राट चौधरीक आमंत्रण पर जुटताह 250 सं बेसी पूर्व जिलाध्यक्ष

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी भाजपा कें 250 सं बेसी पूर्व जिलाध्यक्षक बैठक लोक सेवक आवास मे बजौलनि अछि। नेक संवाद मे होयबला एहि बैठक कें मात्र संगठनात्मक मुलाकातक रूप मे नहि, बल्कि राजनीतिक रूप सं बहुत महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री बनलाक बाद सम्राट चौधरीक पार्टीक पुरान संगठनात्मक चेहरा सभ सं ई पहिल सीधा संवाद अछि। एकरा भाजपाक आगामी राजनीतिक रणनीतिक संकेतक रूप मे देखल जा रहल अछि। बैठक मे सहभागी होयबला पूर्व जिलाध्यक्ष सभक मुख्यमंत्री स्वयं अभिनंदन करताह। दुपहरक भोजनक सेहो व्यवस्था कएल गेल अछि। दरअसल, पूर्व जिलाध्यक्ष सभ दीर्घ समय धरि जिला मे पार्टीक रीढ़ रहल छथि। एहि कारण हुनका स्थानीय राजनीतिक समीकरण, कार्यकर्ता सभक सक्रियता, सामाजिक समूहक रुख आ विपक्षी गतिविधिक जमीनी जानकारी रहैत अछि। मानल जा रहल अछि जे मुख्यमंत्री एहि नेता सभ सं

फीडबैक लए कए सरकार आ संगठनक बीच समन्वय कें आरो मजबूत करबाक प्रयास करताह। बैठक मे राष्ट्रीय संगठक नागेंद्र नाथ त्रिपाठी, प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी एवं प्रदेश संगठन महामंत्री भीखू भाई दलसानियाक सहभागिता रहत। सम्राट चौधरी मुख्यमंत्री बनलाक बाद भाजपा संगठन मे सेहो बदलावक प्रक्रिया तेज भेल अछि। कतेको जिला मे नव अध्यक्षक नियुक्तिक बाद पुरान संगठनात्मक नेतृत्व कें संग लए कए चलब पार्टीक लेल महत्वपूर्ण अछि। पूर्व जिलाध्यक्ष सभके एक मंच पर बजौला सं संगठनक पुरान आ नव नेतृत्वक बीच संवाद बढ़ेबाक संदेश सेहो जाएत। बैठकक एक महत्वपूर्ण राजनीतिक पक्ष ई सेहो अछि जे पूर्व जिलाध्यक्ष सभ अपन-अपन क्षेत्रक प्रभावशाली कार्यकर्ता आ सामाजिक समीकरण सं गहींर रूप सं जुड़ल छथि। आगामी विधान परिषद चुनावक राजनीति कें देखैत मुख्यमंत्री हुनका सभ सं जमीनी फीडबैक लए सकैत छथि। सरकारक योजना सभक जनता पर पड़ल प्रभाव, संगठनक स्थिति आ कोन क्षेत्र मे पार्टी कें अतिरिक्त राजनीतिक सक्रियताक आवश्यकता अछि, एहि तरहक मुद्दा पर चर्चा होयबाक संभावना अछि। एकरा सम्राट चौधरीक सरकारक संग संगठन कें सेहो साधबाक रणनीतिक रूप मे देखल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री बनलाक बाद पार्टीक पुरान पदाधिकारी सभ सं हुनक संवाद ई संकेत दैत अछि जे ओ सत्ता आ संगठनक बीच दूरी नहि, बल्कि सीधा राजनीतिक

संगठन आ सरकारक बीच समन्वय मजबूत करबाक पर जोर देल जायत

संपर्क बना राखय चाहैत छथि। संगहि, पूर्व जिलाध्यक्ष सभक सक्रियता कें आगू भाजपाक राजनीतिक विस्तार आ जनसंपर्क अभियान मे सेहो उपयोग कएल जा सकैत अछि। विशेष रूप सं प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक कार्यकालक 25 वर्ष पूरा भेलाक अवसर पर 17 सितंबर सं 17 अक्टूबर धरि चलयबला कार्यक्रम मे बढ़ि-चढ़ि कए सहभागिता सुनिश्चित करबाक अपील पार्टीक संगठन महामंत्री करताह।

एको सीट नहि 0.11% वोट..., तखन यूपी विधानसभा चुनाव पर किएक नजरि गड़ौने अछि जदयू?

नीतीशक पार्टीक योजना तैयार

जनता दल यूनाइटेड (जदयू) अगिला वर्ष उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव मे अपन संभावना फेर सं तलाशि रहल अछि। एहि लेल यूपी आ बिहार मे बैठकक दौर जारी अछि। चुनाव कें लए यूपी आ बिहार मे बैठकक सिलसिला नियमित रूप सं चलि रहल अछि, मुदा एखन धरि ई तय नहि भए सकल अछि जे जदयू पिछला विधानसभा चुनाव जकां एकसर चुनाव लड़त अथवा गठबंधनक बात आगू बढ़त। वर्ष 2022क यूपी विधानसभा चुनाव मे जदयू कें आरंभ मे योजना छल जे ओ एनडीए गठबंधनक घटकक रूप मे चुनाव लड़त, मुदा एहि पर बात नहि बनि सकल। सीट कें लए सहमति नहि बनल। तकर बाद जदयू अपन बूते चुनाव मे उतरेबाक निर्णय लेल। वर्ष 2022क उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव मे जदयू 27 विधानसभा क्षेत्र सं अपन प्रत्याशी ठाढ़ कएलनि, मुदा एको सीट पर सफलता नहि भेटल। हाल ई रहल जे जदयू कें एक प्रतिशत वोट सेहो नहि भेटि सकल। उपलब्ध आंकड़ा अनुसार उक्त चुनाव मे जदयू कें मात्र 0.11 प्रतिशत वोट भेटल। अधिकांश सीट पर जदयू प्रत्याशीक जमानत जब्त भए गेल। वर्ष 2022क

विधानसभा चुनाव मे जदयू पूर्वांचलक सीट पर बेसी जोर देने छल। एहि अंतर्गत जौनपुरक मल्हानी, मड़ियाहू, मुंगरा-बादशाहपुर, वाराणसीक रोहनिया, वाराणसी कैंट, चुनार, सोनभद्रक राबर्टसगंज, दुद्धी, कुशीनगरक तुमकुही राज, कुशीनगर, देवरियाक पथरदेवा, बलियाक फेफना, गाजीपुरक जहूराबाद, मुगलसरायक संग-संग लखनऊ कैंट, प्रयागराजक करछना, प्रतापपुर, रानीगंज, रायबरेलीक सलोन आदि सीट पर अपन उम्मीदवार देल गेल छल। 2017 मे सेहो जदयू उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव मे भाग्य आजमाबयक तैयारी केने छल। भाजपा सं गठबंधनक प्रयास कएल गेल छल, मुदा बात नहि बनल। आखिर मे ई तय भेल जे जदयू चुनाव नहि लड़त। अगिला वर्ष यूपी मे होयबला विधानसभा चुनाव कें लए जदयू सक्रियता फेर आरंभ केने अछि। यूपी जदयू प्रभारी श्रवण कुमार लगातार यूपीक दौरा कए रहल छथि। एतबे नहि, पश्चिमी यूपी मे सेहो बैठक भए रहल अछि। यूपीक पार्टी नेता सभक संग हालहि मे राजगीर मे सेहो बैठक भेल अछि। पार्टीक शीर्ष नेतृत्व सं एहि विषय पर चर्चा कएल जाएत आ तकर बाद ई तय होयत जे पार्टी कतय-कतय सं चुनाव लड़त।

यूपी चुनावक मोड मे भाजपा : सभ 6 प्रांतक कार्यसमिति घोषित

उत्तर प्रदेश मे भारतीय जनता पार्टी चुनावी तैयारीक मोड मे आबि गेल अछि। पार्टी क्षेत्रीय कार्यसमितिक गठन कए देने अछि। सभ 6 प्रांतक नव क्षेत्रीय कार्यसमिति गठित कएल गेल। प्रदेश अध्यक्ष पंकज चौधरीक संस्तुति के बाद क्षेत्रीय अध्यक्ष सभ कार्यसमितिक पदाधिकारीक नामक घोषणा कएलनि। यूपीक अवध, कानपुर-बुंदेलखंड, ब्रज, पश्चिम, काशी आ गोरक्ष प्रांतक कार्यसमिति घोषित कएल गेल अछि। नामक सूची सामने अयलाक बाद आब प्रदेशक राजनीति गरमायबाक संभावना जताओल जा रहल अछि। प्रदेश अध्यक्ष पंकज चौधरी नवनियुक्त क्षेत्रीय कार्यकारिणीक पदाधिकारी आ सदस्य सभके बधाइ देलनि। ओ भरोसा जतौलनि जे सभ मिलि कए पार्टीक मूलमंत्र संगठनक सेवा आ समर्पणक संग पूरा निष्ठा सं काज करताह आ पार्टी कें नव ऊंचाइ धरि पहुंचेबाक लेल अपन ऊर्जा लगौताह।

अवध प्रांत मे 10 क्षेत्रीय उपाध्यक्ष

अवध प्रांतक नव कार्यसमिति मे 10 क्षेत्रीय उपाध्यक्ष बनाओल गेल छथि। एकर अतिरिक्त चारि महामंत्री, 10 मंत्री आ 10 कार्यसमिति सदस्य कें शामिल कएल गेल अछि। क्षेत्रीय उपाध्यक्ष पद पर नीरज वर्मा, राजकिशोर मौर्य, नितिन मित्तल, पीके वर्मा, ठाकुर प्रसाद गंगवार, अवधेश पांडेय बादल, मनीष शुक्ला, रेशु भाटिया, दिनेश सिंह आ अनूप बाजपेयी कें जिम्मेदारी देल गेल अछि। क्षेत्रीय महामंत्री पद पर राजीव मिश्रा, राहुल राज रस्तोगी, डॉ. विमल सिंह आ अवधेश कटियारक नियुक्ति कएल गेल अछि। क्षेत्रीय मंत्री पद पर विकास सिंह, महेंद्र लोधी, काशीराम रावत, अंकित सिंह चंदेल, गौरव भाटिया, विकास श्रीवास्तव बाबा, पूजा मिश्रा, राम कुमार वर्मा, विजय कुमार भुर्जी आ अंजली मौर्य कें नियुक्त कएल गेल अछि।

रामदेव पाल, शंकर दयाल पांडेय, संजीव सिंह, रामकिशोर राजभर, जसवंत लाल सोनकर, जगदीश पासवान, देवेंद्र सिंह, सरदार मनदीप सिंह वालिया, अच्छेलाल निषाद आ अनीता श्रीवास्तव कें सदस्य बनाओल गेल अछि।

गोरखपुर प्रांतक नव कार्यकारिणीक गठन कएल गेल अछि। एहि मे चारि क्षेत्रीय महामंत्री, 10 क्षेत्रीय उपाध्यक्ष आ 10 क्षेत्रीय मंत्रीक घोषणा कएल गेल अछि। क्षेत्रीय कार्यसमितिक पद पर 15 नेता कें नियुक्त कएल गेल अछि। हालांकि, 6 पद पर घोषणा एखन बाकी अछि।

गोरखपुर प्रांतक क्षेत्रीय उपाध्यक्ष पद पर राधेश्याम पांडेय, संजीव राय, हरिचरण कुशवाहा, भाजयुमोक प्रदेश उपाध्यक्ष रणजीत राय पैघ, अरजीत सिंह, गोरखपुरक पूर्व जिलाध्यक्ष युधिष्ठिर सिंह, पूर्व महानगर अध्यक्ष राजेश गुप्ता, कृष्ण गोपाल जायसवाल, जयप्रकाश शाही आ राजेंद्र प्रसाद पांडेयक नियुक्ति कएल गेल अछि।

क्षेत्रीय महामंत्री पद पर डॉ. बच्चा पांडेय नवीन, डॉ. सत्येंद्र सिन्हा, राहुल श्रीवास्तव आ भास्कर निषाद कें नियुक्त कएल गेल अछि।

रणविजय चौहान, राजेश पाल चौधरी, हरिकेश गुप्ता, कन्हैया पासवान, बब्लू प्रसाद बेलदार, वैभव पांडेय, सिद्धार्थ शंकर पांडेय, ध्रुव श्रीवास्तव, सुनीता अग्रहरि आ बृजेश राम त्रिपाठी कें क्षेत्रीय मंत्री बनाओल गेल अछि।

गोरखपुर प्रांतक क्षेत्रीय कार्यकारिणी मे सुनील गुप्ता, अनिल कुमार श्रीवास्तव, सेतुभान राय, लालजी त्रिपाठी, सज्जनमणि त्रिपाठी, सिद्धार्थ शंकर मिश्र, शिवसागर तिवारी, नेहा मणि आर्य, मनीष सिंह, श्रीकृष्ण सिंह किशन, अंबुज शाही, रामपाल सिंह, डॉ. आरडी सिंह, नवनीत नंदन मिश्र आ अंशुमान जायसवाल कें सदस्य बनाओल गेल अछि।

कानपुरक क्षेत्रीय अध्यक्ष राम किशोर साहूक टीम मे 38 कार्यकर्ता कें नव जिम्मेदारी देल गेल अछि। एहि मे 10 उपाध्यक्ष, चारि महामंत्री, 10 मंत्री आ 14 कार्यकर्ता कें सदस्य बनाओल गेल अछि।

क्षेत्रीय कार्यकारिणी मे नरेंद्र राजपूत, भुवन प्रकाश गुप्ता, अशोक राजपूत, नीतू सिंह, पवन प्रताप सिंह, अखिलेश नाथ दीक्षित, आशीष कोल, अर्चना त्रिपाठी, अमित समाधिया आ अरविंद मुखिया कें क्षेत्रीय उपाध्यक्ष बनाओल गेल अछि।

आनंद सिंह, आदित्य त्रिवेदी, शिवसिंह भारती आ राजेश पटेल क्षेत्रीय महामंत्री बनाओल गेल छथि।

क्षेत्रीय मंत्री पद पर बीरेंद्र तिवारी, प्रशांत राव चौबे, मनीष तिवारी, सरदार मनजीत सिंह, शिवेंद्र सिंह शैली, रमेश कुशवाहा, आनंद पटेल, विनोद कुशवाहा, रीता कठेरिया आ धीरेंद्र वर्माक नियुक्ति कएल गेल अछि।

सुधा मौर्य, आशा पाल, बसंती लारिया, निधि राजपाल, रागिनी भदौरिया, अमित चिरवारिया, संजय विश्वकर्मा, रामपाल प्रजापति, नीरज श्रीवास्तव, लालबहादुर आर्य, मनोज निषाद, रामनरेश तिवारी, कुलदीप दुबे आ बंशीधर श्रीवास कें सदस्य बनाओल गेल अछि।

यूपी भाजपा पश्चिम प्रांतक कार्यकारिणी मे 37 नामक घोषणा केने अछि। एहि मे 10 क्षेत्रीय उपाध्यक्ष बनाओल गेल छथि। विनोद त्यागी, मानसिंह गोस्वामी, हरेंद्र जाटव, प्रवीण मित्तल, बिजेंद्र कश्यप, अंकुर राणा, राजीव सिसोदिया, प्रदीप सैनी, विनोद चौधरी आ सुभाष वाल्मीकि कें क्षेत्रीय उपाध्यक्ष बनाओल गेल अछि।

अशोक मोंगा, हरीश सिंह, संजीव सिक्का (गोयल) आ रूपेंद्र सैनी कें क्षेत्रीय महामंत्री बनाओल गेल अछि।

क्षेत्रीय मंत्री पद पर अजय भारद्वाज मचजा, कुमुदिनी चौघरी (सैनी), हरजिंदर कौर, सुखविंदर सोम, नितिन मलिक, महेश बाली, दीपक ऋषि गांव, वरुण गोयल, सौरव पाल लोधी आ आयुष पवार कें नियुक्त कएल गेल अछि।

नाम जारी

क्षेत्रीय कार्यसमिति सदस्यक रूप मे मनोज शर्मा, गीता शर्मा, नितिन शर्मा, राजे कसाना, रवीना सिंह, कृष्ण चंद सैनी, रोहिल वाल्मीकि, हरमीत बख्शी, हेमंत लोधी, ललित गर्ग मोदी, संजय राणा, सतेंद्र चौधरी आ राजीव लोचन प्रजापति कें नियुक्त कएल गेल अछि।

यूपी भाजपा काशी प्रांत लेल घोषित कार्यकारिणी मे 36 नामक घोषणा कएल गेल अछि। एहि मे 10 क्षेत्रीय उपाध्यक्ष बनाओल गेल छथि।

क्षेत्रीय उपाध्यक्ष पद पर विपिन सिंह, अवधेश गुप्ता, अनीता त्रिपाठी, सर्वेश कुशवाहा, अनिल श्रीवास्तव, सुनील पटेल, अमित राय, भानू प्रताप सिंह, राकेश शर्मा आ नवरतन राठीक नियुक्ति कएल गेल अछि।

कार्यकारिणी मे चारि क्षेत्रीय महामंत्री घोषित कएल गेल छथि। एहि मे कविता पटेल, विद्याधर तिवारी, अनूप जायसवाल आ अजीत रावतक नाम शामिल अछि।

क्षेत्रीय मंत्री पद पर सतीश पांडेय, प्रवीण सिंह गौतम, देवेंद्र मौर्य, रामसुंदर निषाद, राजेश राजभर, विजय यादव, डॉ. अभिषेक रावत, शिवशंकर पटेल, जगदीश त्रिपाठी आ अजीत सिंह कें नियुक्त कएल गेल अछि।

कार्यकारिणी सदस्यक रूप मे डॉ. उत्तम ओझा, अशोक मिश्रा, शशिकांत पांडेय, प्रमोद कुमार सिंह (सीए), विक्रम सिंह (बंटी), अखंड सिंह, सोनू पंडित, संजय सिंह त्रिलोक चंदी, रमेश पांडेय, सुबोध सिंह, अनिल गुप्ता आ अजय उपाध्याय कें नियुक्त कएल गेल अछि।

ब्रज प्रांत लेल घोषित भाजपाक क्षेत्रीय कार्यकारिणी मे 37 सदस्यक नाम शामिल अछि। एहि मे 10 क्षेत्रीय उपाध्यक्ष बनाओल गेल छथि।

क्षेत्रीय उपाध्यक्ष पद पर डॉ. निवेदिता श्रीवास्तव, गिरिराज सिंह कुशवाहा, शरद महेश्वरी, रितु दिवाकर, अनुराग पांडेय, सुग्रीव सिंह चौहान, अरुण गुप्ता, प्रवीण राज सिंह, यादवेंद्र प्रताप सिंह आ चौधरी नेत्रपाल सिंहक नियुक्ति कएल गेल अछि।

संजीव शर्मा एडवोकेट, राजेश्वर सिंह पटेल, अशोक कुमार पिप्पल आ मधुलिका सिंह राघव कें क्षेत्रीय कार्यकारिणी मे महामंत्री बनाओल गेल अछि।

कार्यकारिणी मे बबलू लोधी, दीपक सोनकर, सतनाम सिंह, मनीष गौतम, डीएस लोधी, बीना लवानिया, महेश राठौर, डॉ. आदेश गंगवार, वीरेंद्र शाक्य आ महेश योगी क्षेत्रीय मंत्री बनल छथि।

क्षेत्रीय कार्यकारिणी सदस्यक रूप मे शेर सिंह भदौरिया, सत्यभान सिंह भदौरिया, पवन शर्मा, सुनीता सास्वत, प्रदीप चौहान, वीरेंद्र अग्रवाल, निर्मल सिंह धनगढ़, बाबी कश्यप एडवोकेट, संजीव प्रताप सिंह, डॉ. अवधेश रावत, चंचल गंगवार, वीर सिंह पाल आ यतिन भाटियाक नियुक्ति कएल गेल अछि।

बिथानक तेलनी गाम मे 318 किलो गांजा बरामद, चारि महिला गिरफ्तार

समस्तीपुर, रोसड़ा, समदिया

मोबाइल आ डायरी सेहो जब्त

» घर मे भारी मात्रा मे गांजा राखि बिक्री करबाक सूचना पर पुलिस कएलक छापामारी

बिथान थाना क्षेत्रक तेलनी गाम मे पुलिस पैघ कारबाइ करैत एकटा घर सं 318.769 किलोग्राम गांजा बरामद कएलक अछि। पुलिसक अनुसार बरामद गांजाक दाम करीब 9 सं 10 लाख टाका आंकलन कएल गेल अछि। मामिला मे पुलिस चारि महिला कें गिरफ्तार कएलक अछि। छापेमारीक दौरान तीनटा मोबाइल फोन आ एकटा डायरी सेहो जब्त कएल गेल अछि। पुलिस आब गांजा कोतऽ सं आनल गेल छल आ एहि कारोबार सं जुड़ल आन लोकक संबंध मे जानकारी जुटाबय मे लागल अछि। पुलिस कें सूचना भेटल छल जे तेलनी गाम निवासी स्व. मुसो महतोक परिवारक सदस्य बजरंगी महतो अपन भाइ आ घरक आन सदस्यक संग बाहर सं गांजा मंगबैत ओकर बिक्री करैत छथि। घर मे भारी मात्रा मे गांजा राखल गेल रहबाक सूचना भेटलाक बाद एकर जानकारी पुलिस अधीक्षक कें देल गेल। पुलिस अधीक्षककनिर्देशपर मामिलाक गंभीरता कें देखैत अंचल पुलिस निरीक्षक रोसड़ा मनोज कुमारक नेतृत्व मे विशेष टीम गठित कएल गेल। एहि क्रम मे बृहस्पति राति पुलिसक टीम तेलनी गाम स्थित संबंधित घर मे छापेमारी कएलक। अंचल अधिकारी रूबी कुमारी सह दंडाधिकारीक उपस्थिति मे घरक तलाशी लेल गेल। तलाशी मे घर सं भारी मात्रा मे गांजा बरामद भेल। पुलिस गांजा कें विधिवत जब्त करैत मौका सं खुशबूदेवी पति छोटू महतो, गीता देवी पति बजरंगी महतो, दिव्या भारती पिता बजरंगी महतो आ निधि देवीपति राम पदारथ महतो कें गिरफ्तार कएलक। पुलिस आब एहि बातक जांच मे जुटल अछि जे एतेक पैघ मात्रा मे गांजा कतऽ सं आनल गेल छल आ एहि कारोबारक पाछां के-के लोक शामिल अछि। गांजाक बिक्री कोन-कोन स्थानपर आ केकर माध्यम सं कएल जाइत छल, एकर जानकारी सेहो जुटाओल जा रहल अछि। बरामद तीन मोबाइल फोन आ डायरी कें पुलिस महत्वपूर्ण सुराग मानि रहल अछि। मोबाइलक जांच आ डायरी मे दर्ज विवरणक आधारपर गांजा तस्करी सं जुड़ल आन लोक धरि पहुंचबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। शुक्रदिन रोसड़ा अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी संजय कुमार सिन्हा अपन कार्यालय मे प्रेस वार्ता कए पूरा मामिलाक जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे पुलिस कें भेटल सूचनाक आधारपर वरीय अधिकारीक निर्देश मे कारबाइ कएल गेल, जाहि मेभारी मात्रा मे गांजा बरामद भेल अछि। पुलिस मामिलाक जांच करैत पूरा नेटवर्कक पड़ताल मे जुटल अछि। छापेमारी दल मे बिथान थानाध्यक्ष राजकिशोर राय, पुलिस अवर निरीक्षक अवध साह, पुलिस अवर निरीक्षक नवनीत कुमार सिंह, सहायक अवर निरीक्षक हरिवंश नारायण सिंह, सहायक अवर निरीक्षक मुकेश कुमार राय आ पीटीसी हेमलता शामिल छलीह। पूछताछ तथा जब्त मोबाइल आ डायरीक जांच सं गांजाक आपूर्ति करयवाला आ बिक्री मे शामिल आन लोकक संबंध मे महत्वपूर्ण जानकारी भेटबाक संभावना अछि। पुलिस मामिला मे आगांक कारबाइ मे जुटल अछि।

सेवा संकल्प अभियान लेल भाजपाक जिलास्तरीय कार्यशाला आयोजित

बेनीपुर, समदिया

भारतीय जनता पार्टी दरभंगा पूर्वी जिलाक तत्वावधान मे बेनीपुर स्थित कर्पूरी भवन परिसर मे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक सार्वजनिक जीवनक 25 बरख पूरा होयबाक उपलक्ष्य मे सेवा संकल्प अभियानकें सफल बनेबाक उद्देश्य सं जिलास्तरीय कार्यशालाक आयोजन कएल गेल। अध्यक्षता भाजपा दरभंगा पूर्वी जिलाध्यक्ष विनय पासवान कएलनि, जखन कि संचालन जिला सह कोषाध्यक्ष संतोष कएलनि। कार्यशाला मे जिला महामंत्री संजय सिंह उर्फ पप्पू सिंह आ जिला प्रभारी राजीव रंजन विशेष रूप सं उपस्थितछलाह। कार्यशाला मे अभियानक रूपरेखा, संगठनात्मक तैयारी, आगामी कार्यक्रम आ कार्यकर्तासभक भूमिकापर विस्तार सं चर्चा कएल गेल। जिलाध्यक्ष विनय पासवान कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक 25 वर्षक सार्वजनिक जीवन सेवा, सुशासन आ राष्ट्रहितक प्रति समर्पणक प्रेरणादायी यात्राक उदाहरण अछि। एहि अभियानक माध्यम सं समाजक आखरी व्यक्तिधरि सेवा आ जनकल्याणक भावनाक पहुंचाओल जाएत।अभियानक संयोजक संजय सिंह पप्पू सिंह कहलनि जे ई मात्र कार्यक्रम नहि, बल्कि सेवा, समर्पण आ राष्ट्र निर्माणक संकल्प कें जन-जन धरि पहुंचाबयवला अभियान अछि। ओ जनधन, उज्ज्वला, प्रधानमंत्री आवास, आयुष्मान भारत, स्वच्छ भारत, जल जीवन मिशन, मुद्रा, पीएम किसान आ डिजिटल इंडिया कें जनकल्याणकारी उपलब्धि बतौलनि। जिला प्रभारी राजीव रंजन कार्यकर्ता सभ सं सभ कार्यक्रम कें पूरा निष्ठा आ सक्रियता सं सफल बनेबाक आह्वान कएलनि। एहि दौरान जनसंघ कालीन कार्यकर्ता बचनूमंडलक निधनपर दू मिनट मौन धारण कए श्रद्धांजलि अर्पित कएल गेल।

महिषी मे छापामारी, देसी राइफल बाइक बरामद

सहरसा, समदिया

अपराध नियंत्रण आ अवैध हथियारक विरुद्ध चलाओल जा रहल अभियानक अंतर्गत महिषी थाना पुलिस पैघ कारबाइ करैत एकटा घर सं देशी राइफल आ यामाहा आर-15 मोटरसाइकिल बरामद कएलक अछि।पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहागक निर्देशपर जिला मे आपराधिक गतिविधि मे संलिप्त लोकक विरुद्धलगातार विशेष अभियान चलाओल जा रहल अछि। एहि क्रम मे महिषी थाना पुलिस कें गुप्त सूचनाभेटल छल जे टिकोलवा गामक वार्ड नंबर 10 निवासी रतन सादा, पिता रमेश सादा,क घर मे अवैध हथियार नुकाओल गेल अछि। सूचनाक सत्यापनक बाद पुलिसक टीम ओकर घरपर छापेमारी कएलक। एहि दौरान घर सं एकटा देशी राइफल बरामद भेल। ओतहि, मौका सं एकटा यामाहा आर-15 मोटरसाइकिल सेहो भेटल। पुलिसक अनुसार बरामद राइफल आ मोटरसाइकिलक संबंध मे कोनो वैध कागजात प्रस्तुत नहि कएल गेल। दुनू कें विधिवत जब्त कए लेल गेल अछि। मामिला मे महिषी थाना मे सुसंगत धाराक अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज कए कारबाइ शुरू कए देल गेल अछि। फरार अभियुक्त रतनसादाक गिरफ्तारी लेल संभावित ठिकानासभपर छापेमारी जारी अछि। करबाइ मे पु0अ0नि0 संदीप कुमार सहित सशस्त्र बलक जवान शामिल छलाह।

महामंत्रक गूंज सं भक्तिमय भेल मकरंदाक राधागोविंद मंदिर

मनीगाछी, समदिया

नौ दिन सं लगातार संकीर्तन सं गाम मे उत्सवक माहौल

मनीगाछी प्रखंड क्षेत्र मे तीन दिवसीय कृष्ण जन्माष्टमी पूजाक आयोजन धूमधाम सं कएल जा रहल अछि। मकरंदा आ माउबेहट गाम मे स्थायी रूप सं बनल राधाकृष्ण मंदिरक संगहि मनीगाछी, नेहरा,राघोपुर, जतुका सहित प्रखंड क्षेत्रक कतेको गाम मे अस्थायी पूजा पंडाल मे राधाकृष्णक प्रतिमा स्थापित कए जन्माष्टमी पूजा मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसरपर मंदिर आ पूजा पंडाल सभ कें आकर्षक रंग-बिरंगी रोशनी सं सजाओल गेल अछि। कतेको पूजा स्थलपर पूजा समितिक दिस सं सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन सेहो कएल गेल अछि। जतुका गाम मे भव्य कलश शोभायात्रा निकालल गेल। ओतहि, प्राचीन मकरंदा स्थित श्री राधा-गोविंद मंदिर एहि समय भक्ति, आस्था आ उल्लासक दिव्य प्रकाश सं आलोकित अछि। श्रीकृष्ण जन्माष्टमीक पावन अवसरपर मंदिर परिसर मे नौ दिन सं लगातार महामंत्र संकीर्तन कएल जा रहल अछि। हरे कृष्ण हरे कृष्ण, कृष्ण कृष्ण हरे हरे। हरे राम हरे राम, राम राम हरे हरेक मधुर गूंज सं पूरा गाम कृष्णमय भए गेल अछि। भोर सं सांझ धरि गूंजैत महामंत्रक बीच वातावरणमे आध्यात्मिक ऊर्जा आ उत्सवक अद्भुत संगम देखबा लेल भेटि रहल अछि। अत्यंत प्राचीन श्री राधा-गोविंद मंदिर क्षेत्र मे आस्थाक प्रमुख केंद्र अछि। एतय वर्षभरि दूर-दराज सं आबि रहल साधु-संत आ महात्मासभक सेवा-सत्कारक परंपरा चलि रहल अछि। श्रद्धालु सभ लेल समय- समयपर भंडाराक आयोजन सेहो कएल जाइत अछि। जन्माष्टमीक अवसरपर मंदिर कें विशेष रूप संसजाओल गेल अछि आ धार्मिक अनुष्ठानसभक तैयारी पूरा कएल गेल अछि। ग्रामीण प्रो. प्रीतम कुमार मिश्र कहलनि जे नौ दिन सं चलि रहल महामंत्र संकीर्तन सं पूरा गाम उत्सवक रंग मे रंगा गेल अछि। ओ कहलनि जे कलियुग मे भगवानक नाम-स्मरण आ संकीर्तनक महिमा अत्यंत व्यापक अछि। नाम- संकीर्तन मनुष्य कें आध्यात्मिक शांति प्रदान करैत मुक्ति मार्ग दिस लए जाइत अछि। शांतिपूर्ण ढंग सं पूजा संपन्न कराबय लेल मनीगाछी, नेहरा आ बाजितपुर थाना क्षेत्रक पूजा स्थलसभक थानाध्यक्ष क्रमशः रंजीत कुमार सिंह, मोती कुमार आ मुकेश कुमार लगातार भ्रमण कए पूजा समितिक सदस्य सभ सं शांतिपूर्ण ढंग सं पूजा करबाक आग्रह कए रहल छथि। ओ सभ पूजा समितिक सदस्य सभ कें असामाजिक तत्वपर विशेष नजरि रखबाक आ एहन लोकक सूचना तत्काल थाना कें देबाक निर्देश देलनि।

शिक्षक दिवस विशेष : नवाचार शिक्षा सं बनल अलग पहिचान

राजकीय पुरस्कार लेल चयनित भेलाह शिक्षक राकेश कुमार

समस्तीपुर, रोसड़ा, समदिया

शिक्षाक क्षेत्र मे नवाचार आ रचनात्मक प्रयोगक माध्यम सं बच्चा सभ मे पढ़ाईक प्रति रुचि जगाबयवाला रोसड़ा नगर परिषद क्षेत्रक प्राथमिक कन्या विद्यालय लक्ष्मीपुरक विशिष्ट शिक्षक राकेश कुमार कें एहि बरख शिक्षक दिवसपर राजकीय शिक्षक पुरस्कार देल जाएत। सीमित संसाधनक बावजूद बच्चा सभ कें सहज, रोचक आ गतिविधि आधारित ढंग सं पढ़ेबाक हुनक प्रयासक आधारपर राज्यक 38 जिला सं चयनित एक-एक शिक्षक मे हुनको चयन भेल अछि। 5 सितंबर कें शिक्षक दिवसक अवसरपर हुनका सम्मानित कएल जाएत। राकेश कुमार 26 मार्च 2010कें प्राथमिक कन्या विद्यालय लक्ष्मीपुर मे योगदान देने छलाह। तखन सं ओ शिक्षा के मात्र किताब धरि सीमित नहि रखैत ओकरा मनोरंजक, प्रयोगात्मक आ गतिविधि आधारित बनेबाक लेल लगातार प्रयासरत छथि। बच्चा सभ मे बुनियादी साक्षरता आ संख्या ज्ञान मजबूत करब हुनक प्रमुख उद्देश्य अछि। ओ निपुण भारत मिशनक लक्ष्य कें विद्यालय मे प्रभावी ढंग सं लागू करयपर विशेष जोर दैत छथि। खेल-खेल मे शिक्षा, गतिविधि आधारित शिक्षण आ स्थानीय संसाधनक उपयोग सं बच्चा सभ कें पढ़ेबाक प्रयास कएल जाइत अछि। टीएम फ्लैन, प्रभावी चेतना, बाल संसद आ सुरक्षित शनि सहित विभिन्न गतिविधिक माध्यम सं बच्चा सभ कें विषय कें सहज ढंग संबुझबाक आ अपन प्रतिभा देखेबाक अवसर भेटैत अछि। बदलैत समयक संग राकेश कुमार डिजिटल लर्निंग प्लेटफॉर्मक उपयोग सेहो शुरू कएलनि। एहि माध्यम सं बच्चासभक शैक्षणिक गतिविधि आ प्रगतिक लगातार निगरानी कएल जाइत अछि। विद्यालय मे स्वच्छता, अनुशासन आ सकारात्मक वातावरणपर सेहो विशेष ध्यान देल जाइत अछि। राकेश कुमारक मानब अछि जे गुणवत्तापूर्ण शिक्षाक लेल हमेशा महंग संसाधन जरूरी नहि अछि। शिक्षक जं रचनात्मक सोच आ उपलब्ध साधनक नीक उपयोग करथि तं सीमित संसाधन मे सेहो बच्चा सभ कें प्रभावी शिक्षा देल जा सकैत अछि। हुनक चयन सं रोसड़ा क्षेत्र मे गौरवक माहौल अछि। हुनक प्रयास ई संदेश दैत अछि जे समर्पण, नवाचार आ रचनात्मक सोचक माध्यम सं सरकारी विद्यालयक शिक्षा कें सेहो नव दिशा देल जा सकैत अछि।

कृष्णोत्सव आस्था, सामाजिक एकता आ भाइचाराक महापर्व : विधायक ईश्वर मंडल

मनीगाछी, समदिया

कलश शोभायात्राक संग कृष्णोत्सवक शुभारंभ मे शामिल भेलाह विधायक

दरभंगा ग्रामीण विधानसभा क्षेत्रक मनीगाछी प्रखंड अंतर्गत मकरंदा, चनौर, मनीगाछी बाजार, राजे, अमई आ सोनकी-सहला गाम मे शुक्रदिन 500 कुमारी कन्याक भव्य कलश शोभायात्राक संग कृष्णोत्सवक शुभारंभभेल। स्थानीय विधायक सह जदयू जिलाध्यक्ष राजेश मंडल उर्फ ईश्वर मंडलक उपस्थिति मे निकलल कलश शोभायात्रा मे पैघ संख्या मे श्रद्धालु शामिल भेलाह। शोभायात्राक दौरान नंद के आनंद भयो, जय कन्हैया लाल की सहित भगवान श्रीकृष्णक जयकारा सं पूरा वातावरण भक्तिमय भए गेल। कलश शोभायात्रा मे शामिल कुमारी कन्या आ श्रद्धालु सभ पूरा उत्साह आ श्रद्धाक संग भगवान श्रीकृष्णक स्मरण कएलनि। एहि दौरान क्षेत्र मे आस्था, भक्ति आ उत्सवक अद्भुत माहौल देखबा लेल भेटल। एहि अवसरपर विधायक ईश्वर मंडल क्षेत्रक तेलहन, खरुआ सहित दर्जनों पूजा पंडालक भ्रमण कए भगवान द्वारकाधीशक दर्शन कएलनि। ओ पूजा-अर्चना कए विश्व कल्याण, क्षेत्रक सुख-शांति, समृद्धि आ आपसी भाइचाराक कामना कएलनि। विधायक कहलनि जे भगवान श्रीकृष्णक जीवन धर्म, सत्य, कर्म आलोककल्याणक संदेश दैत अछि। कृष्णोत्सव जेकां धार्मिक आयोजन समाज मे आपसी प्रेम, सद्भाव आ सांस्कृतिक एकता कें मजबूत करबाक काज करैत अछि। ओ सभ श्रद्धालु कें श्रीकृष्ण जन्मोत्सवक शुभकामना दैत कहलनि जे भगवान श्रीकृष्णक कृपा सभपर बनल रहय आ समाज मे शांति आ समृद्धि कायम रहय। एहि दौरान पूजा समितिक सदस्य, स्थानीय जनप्रतिनिधि, सामाजिक कार्यकर्ता आ पैघ संख्यामे श्रद्धालु सभ विधायक ईश्वर मंडल कें पाग, चादर आ गुलदस्ता सं स्वागत कएलनि। मौकापर मुरारी मोहन मिश्र, रामविलास यादव, देवनारायण ठाकुर, अजय राम, विजय पोद्दार, राम ठाकुर, परितोष यादव, शंकर वर्णवाल, संजय यादव, धनेश्वर मंडल, सुनील सिंह, अशोक गिरी, जेतेश्वर चौधरी, मनोज मंडल सहित दर्जनों लोक उपस्थित छलाह।

समाजसेवी अमल कुमार वर्मा कें देलगेल श्रद्धांजलि

सीतामढ़ी, समदिया

शहरक महंत साह चौक स्थित केंद्रीय सनातन धर्म पुस्तकालयक सभागार मे पत्रकार सुमित श्रीवास्तवक पिता आ समाजसेवी अमल कुमार वर्मा कें श्रद्धांजलि देल गेल। चित्रांश युवा मंचक तत्वावधान मे आयोजित श्रद्धांजलि सभा मे उपस्थित लोकनि स्व. अमल कुमार वर्माक चित्रपर पुष्पअर्पित कए हुनका श्रद्धांजलि देलनि। वक्ता सभ कहलनि जे ओ कायस्थ समाजक स्नेही अभिभावक, मार्गदर्शक आ समर्पित समाजसेवी छलाह। समाजक एकजुटता आ सामाजिक विकास लेल हुनक योगदान उल्लेखनीय रहल। हुनक निधन कें समाज लेल अपूरणीय क्षति बतबैत वक्ता सभ कहलनि जे हुनक सामाजिक काज आ विचार कें सदिखन याद कएल जाएत।

सुल्तानगंज मे बढ़ैत जलस्तर सं बढ़ल चिंता

गंगा खतराक निशान सं 20 सेंटीमीटर ऊपर, कहलगाम मे सेहो एक मीटर ऊपर

भागलपुर, समदिया

गंगाक बढ़ैत जलस्तर सं भागलपुर जिला मे बाढ़िक चिंता बेसी बढ़ि गेल अछि। जल संसाधन विभागक केंद्रीय बाढ़ि नियंत्रण प्रकोष्ठ, पटनाक दिस सं 4 सितंबर कें अपराह्न 2 बजे जारी आंकड़ाक अनुसार भागलपुर मे गंगाक जलस्तर 33.88 मीटर दर्ज कएल गेल, जे निर्धारित खतराक निशान 33.68 मीटर सं 20 सेंटीमीटर ऊपर अछि। पछिला 24 घंटा मे एतय गंगाक जलस्तर मे 40 सेंटीमीटरक वृद्धि दर्ज कएलगेल अछि। ओतहि, कहलगाम मे गंगाक जलस्तर 32.09 मीटर दर्ज भेल अछि। एतय खतराक स्तर 31.09 मीटर निर्धारित अछि आ नदी एक मीटर ऊपर बहि रहल अछि। पछिला 24 घंटा मे कहलगाम मे गंगाक जलस्तर 24 सेंटीमीटर बढ़ल अछि। भागलपुर आ कहलगामक आंकड़ा गंगाक लगातार बढ़ैत जलस्तरक स्थिति स्पष्ट करैत अछि। खास कए भागलपुर मे 24 घंटाक भीतर 40 सेंटीमीटरक वृद्धि प्रशासन आ नदीक कातक क्षेत्र लेल महत्वपूर्ण संकेत अछि। केंद्रीय बाढ़ि नियंत्रण प्रकोष्ठक आंकड़ाकअनुसार 3 सितंबर कें भागलपुर मे गंगाक जलस्तर 33.48 मीटर छल, जे 4 सितंबरक अपराह्न 2 बजेबढ़ि कए 33.88 मीटर पहुंचि गेल। अर्थात एक दिन मे जलस्तर मे 0.40 मीटरक वृद्धि भेल। भागलपुरमे गंगाक उच्चतम बाढ़ि स्तर 34.86 मीटर दर्ज अछि। वर्तमान जलस्तर उच्चतम बाढ़ि स्तर सं एखन 98 सेंटीमीटर नीचां अछि, मुदा खतराक निशान पार कए चुकल अछि। कहलगाम मे सेहो स्थिति सामान्य नहि अछि। एतय गंगाक वर्तमान जलस्तर 32.09 मीटर दर्ज कएलगेल अछि, जखन कि खतराक निशान 31.09 मीटर अछि। एहि प्रकारें नदी एतय खतराक निशान सं एक मीटर ऊपर बहि रहल अछि। 3 सितंबर कें कहलगाम मे जलस्तर 31.85 मीटर छल। 24 घंटा मे एहि मे 0.24 मीटरक वृद्धि दर्ज भेल। कहलगामक उच्चतम बाढ़ि स्तर 32.87 मीटर अछि आ वर्तमान जलस्तर एहि सं 78 सेंटीमीटर नीचां अछि। गंगाक तटीय क्षेत्र मे स्थित होयबाक कारण सुल्तानगंज सेहो भागलपुर जिला मे बढ़ैत जलस्तरक बीच महत्वपूर्ण संवेदनशील क्षेत्र अछि। गंगाक बढ़ैत दबावक असर आगू मुंगेर मे सेहो देखल जा रहल अछि। केंद्रीय बाढ़ि नियंत्रण प्रकोष्ठक आंकड़ाक अनुसार 4 सितंबर कें अपराह्न 2 बजे मुंगेर मे गंगाक जलस्तर 39.36 मीटर दर्ज भेल। एतय खतराक निशान 39.33 मीटर अछि। अर्थात गंगा खतराक निशान सं 3 सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। पछिला 24 घंटा मे मुंगेर मे गंगाक जलस्तर 46 सेंटीमीटर बढ़ल अछि। ई वृद्धि सेहो गंगाक बढ़ैत जलस्तरक व्यापक स्थिति कें स्पष्ट करैत अछि।

5 आ 6 सितंबर कें प्रखंड कांग्रेस अध्यक्ष सभक प्रशिक्षण शिविरक आयोजन

» बिहार कांग्रेस प्रभारी कृष्णा अल्लावरू आ प्रदेश अध्यक्ष राजेश रामक सहभागिता

सीतामढ़ी, समदिया

बिहार प्रदेश कांग्रेस कमिटीक तत्त्वावधान मे बिहारक नवनियुक्त प्रखंड अध्यक्षसभक दू दिवसीय प्रशिक्षण शिविर सीतामढ़ीक सिद्धिविनायक होटल परिसर मे 5 आ 6 सितंबर कें आयोजित होयत। एहि शिविर मे सीतामढ़ी, शिवहर, समस्तीपुर, दरभंगा, पश्चिमी चंपारण, पूर्वी चंपारण, गोपालगंज, सीवान, सारण, मुजफ्फरपुर, वैशाली सहित 18 जिलाक सभ प्रखंड कांग्रेस अध्यक्ष कें प्रशिक्षण देल जायत। उक्त जानकारी दैत बिहार कांग्रेसक प्रशिक्षण प्रभारी सह राष्ट्रीय प्रवक्ता प्रो. रणजीत कुमार मिश्र कहलनि जे प्रशिक्षण कोनो संगठन कें मजबूत बनेबाक लेल सभ सं प्रभावी माध्यम अछि। उचित प्रशिक्षणक माध्यमे सं मजबूत संगठन आ सक्षम नेतृत्व तैयार होइत अछि। एहि क्रम मे आब धरि करीब तीन सय प्रखंड अध्यक्षक प्रशिक्षण भए चुकल अछि। ई छठम प्रशिक्षण शिविर अछि। एहि सं पहिने पटना मे दूटा तथा वीरपुर (सुपौल), भागलपुर आ औरंगाबाद मे एक-एकटा प्रशिक्षण शिविर आयोजित कएल गेल अछि। सीतामढ़ी जिला कांग्रेस कमिटीक अध्यक्ष, पूर्व विधायक तथा स्थानीय कार्यक्रम संयोजक अमित कुमार टुन्ना कहलनि जे प्रशिक्षण शिविरक उद्घाटन लेल बिहार कांग्रेसक प्रभारी कृष्णा अल्लावरू आ प्रदेशअध्यक्ष राजेश राम शनिदिन सीतामढ़ी पहुंचि रहल छथि। शिविर मे 14 अकादमिक सत्रक अतिरिक्त प्रभात फेरी, श्रमदान आ सांस्कृतिक कार्यक्रम सेहो आयोजित कएल जायत। एहि अवसरपर विभिन्न विषयक विशेषज्ञ अपन-अपन विषयपर व्याख्यान देताह।

संस्कृत विश्वविद्यालय मे शिक्षक दिवस पर सम्मान समारोह

दरभंगा, समदिया

कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालय मे शिक्षक दिवसक अवसरपर शनि कें सम्मान समारोहक आयोजन कएल गेल अछि। मुख्यालय स्थित दरबार हॉल मे अपराह्न 2 बजे कुलपति प्रो. लक्ष्मी निवास पांडेयक अध्यक्षता मे प्रस्तावित कार्यक्रम मे शिक्षक, पदाधिकारी सहित कतेको कर्मी कें सम्मानित कएल जाएत। संस्कृत प्रेमी विश्वविद्यालयक सिंडिकेट सदस्य सह सीनेटर विधायक डॉ. विनय कुमार चौधरी मुख्य अतिथिक रूप मे समारोहक शोभा बढ़ौताह। जखन कि प्रो. दिलीप कुमार झाक संयोजकत्व मे आयोजित एहि सम्मान समारोहक विशिष्ट अतिथि परिसर स्थित एसबीआई शाखाक प्रबंधक सुनीति हेताह। सेवानिवृत्त प्राचार्य डॉ. अमरनाथ मिश्र, डॉ. विनोद कुमार पांडेय आ डॉ. श्रवण कुमार चौधरीक सेहो गरिमामय उपस्थिति रहत। डॉ. यदुवीर स्वरूप शास्त्रीक मंच संचालन मे होयवला कार्यक्रम मे प्रो. दिलीप कुमार झा स्वागत भाषण देताह, जखन कि धन्यवाद ज्ञापन कुलसचिव डॉ. दिनेश झा करताह।

धनबाद-गया रूट पर 242 किमी धरि दू नव रेल लाइनक बाट साफ

झुमरीतिलैया (कोडरमा) ,समदिया

120 वर्ष पुरान हावड़ा-नई दिल्ली रेलमार्ग पर घटत दबाव

» 242 किमी तेसर-चारिम रेल लाइन परियोजना शुरू

करीब 120 वर्ष पुरान हावड़ा-नई दिल्ली रेलमार्गक ग्रैंड कार्ड सेक्शन मे ट्रेनक बढ़ैत दबाव कें कम करबाक दिस सं महत्वपूर्ण पहल शुरू भए गेल अछि। धनबाद रेल मंडलक अंतर्गत धनबाद-कोडरमा-गया रेलखंड पर तेसर आ चारिम रेल लाइन बिछेबाक तैयारी शुरू कए देल गेल अछि। मल्टी ट्रैकिंग परियोजनाक अंतर्गत पहाड़पुर सं कोडरमा होइत औरंगाबादक चिरैला-पौथू धरि करीब 242 किलोमीटर लंबा अतिरिक्त रेल लाइनक निर्माण कएल जाएत। एहि परियोजनाक पूरा भेलाक बाद धनबाद-कोडरमा-गया रेलखंड पर ट्रेनक परिचालन क्षमता मे उल्लेखनीय वृद्धि होयत। मौजूदा दू रेल लाइन पर ट्रेनक अत्यधिक दबावक कारण जतय परिचालन प्रभावित होइत अछि, ओतहि कतेको बेर ट्रेन कें विभिन्न स्टेशन पर रोकि कए आगूक बाट देल जाइत अछि। नव रेल लाइन बनलाक बाद ट्रेनक निर्बाध परिचालन मे सहायता भेटत आ यात्री ट्रेनक समयपालन मे सेहो सुधार होयबाक आशा अछि। करीब 242 किलोमीटर लंबा एहि महत्वाकांक्षी परियोजना कें धरातल पर उतारबाक प्रक्रिया तेज कए देल गेल अछि। परियोजना लेल पूर्व मध्य रेलक सिग्नल एंड टेलीकॉम विभाग दिस सं ईपीसी (इंजीनियरिंग, प्रोक्योरमेंट एंड कंस्ट्रक्शन) मोड मे टेंडर जारी कएल गेल अछि। ईपीसी व्यवस्था अंतर्गत चयनित एजेंसी कें परियोजनाक डिजाइन, सामग्रीक आपूर्ति आ निर्माण सहित विभिन्न काजक जिम्मेदारी एकहि संग देल जाएत। एहि सं परियोजनाक क्रियान्वयन मे समन्वय नीक रहबाक आ निर्माण काज मे गति अयबाक आशा अछि। धनबाद-कोडरमा-गया रेलखंड रेलवे लेल बहुत महत्वपूर्ण अछि। ई मार्ग हावड़ा-नई दिल्ली रेलमार्गक व्यस्त ग्रैंड कार्ड सेक्शनक हिस्सा अछि। एहि रेलखंड सं मालगाड़ी सभक संग प्रतिदिन 100 सं बेसी यात्री ट्रेनक परिचालन होइत अछि। एहि मे वंदे भारत, राजधानी एक्सप्रेस आ दुरंतो एक्सप्रेस जकां महत्वपूर्णट्रेन सेहो शामिल अछि। यात्री ट्रेनक अतिरिक्त एहि मार्ग पर पैघ संख्या मे मालगाड़ी सभक सेहो आवागमन होइत अछि। औद्योगिक आ व्यावसायिक दृष्टि सं महत्वपूर्ण एहि रेलखंड पर माल आ यात्री ट्रेनक संख्या लगातार बढ़ि रहल अछि। एहन स्थिति मे मौजूदा दू रेल लाइन पर परिचालनक दबाव सेहो बढ़ैत जा रहल अछि। दू अतिरिक्त रेल लाइन उपलब्ध भेलाक बाद यात्री आ मालगाड़ी सभक परिचालन लेल अलग-अलग ट्रैकक नीक प्रबंधन संभव भए सकत। एहि सं प्राथमिकताक अनुसार ट्रेन संचालित करबा मे रेलवे कें सुविधा होयत। संगहि, वर्तमान मे क्षमता कमी रहबाक कारण जकरा चलते नव ट्रेन चलय मे व्यावहारिक कठिनाइ होइत अछि, तकर लेल सेहो बाट आसान भए सकैत अछि। परियोजना पूरा भेलाक बाद एहि महत्वपूर्ण रेलखंडक लाइन क्षमता बढ़त आ भविष्य मे यात्रीक बढ़ैत मांगक अनुरूप नव यात्री ट्रेनक परिचालनक संभावना सेहो मजबूत होयत।नव रेल लाइनक निर्माणक संग आधुनिक सिग्नल आ टेलीकॉम प्रणाली विकसित करबाक सेहो योजना अछि। एहि सं ट्रेन परिचालन कें बेसी सुरक्षित, विश्वसनीय आ कुशल बनाबय मे सहायता भेटत। आधुनिक सिग्नलिंग व्यवस्थाक कारण ट्रेनक बीच नीक समन्वय स्थापित कएल जा सकत आ रेलपरिचालन मे मानवीय हस्तक्षेप कम करबा मे सेहो सहायता भेटत। अतिरिक्त ट्रैक उपलब्ध भेलाक बाद ट्रेन कें अनावश्यक रूप सं रोकबाक जरूरत कम होयत। एहि सं यात्रा समय घटेबाक आ ट्रेनक औसत गति मे सुधारक दिस सेहो सकारात्मक असर पड़ि सकैत अछि। गौरतलब अछि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी 1 मार्च 2024 कें एहि महत्वपूर्ण परियोजनाक शिलान्यास कएलनि छलाह। आब टेंडर प्रक्रिया शुरू भेलाक संगहि परियोजनाक निर्माण काज धरातल पर उतरबाक आशा बढ़ि गेल अछि। रेलवे विस्तार सं मात्र धनबाद-कोडरमा-गया रेलखंडक क्षमता नहि बढ़त, बल्कि हावड़ा-नई दिल्ली जकां देशक महत्वपूर्ण रेलमार्ग मे शामिल एहि सेक्शन पर परिचालन कें आरो सुचारुबनाबय मे सेहो सहायता भेटत। 242 किलोमीटर लंबा एहि मल्टी ट्रैकिंग परियोजना कें क्षेत्रक रेल यातायात लेल महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। परियोजना पूरा भेलाक बाद ट्रेनक बढ़ैत दबाव सं राहति भेटबाक, परिचालन मे सुधार अयबाक आ भविष्य मे रेल सेवा विस्तार लेल जरूरी आधारभूत संरचना तैयार होयबाक आशा अछि।

तिलैया डैमक जलस्तर 3 दिन मे 5 फीट बढ़ल, लबालब पानि सं निखरल डैमक नजारा

कोडरमा ,समदिया

कोडरमा मे बीतल तीन दिन सं भए रहल लगातार बरखाक असर तिलैया डैमक जलस्तर पर साफ देखाइ देमय लागल अछि। कोडरमा-हजारीबाग जिलाक सीमा पर स्थित तिलैया डैम मे पानि बढ़लाक संग एकर खूबसूरती आ बेसी निखरि गेल अछि। डैम मे लबालब पानि आ आसपासक हरियर- भरियर गाछ-गाछ सं मनोरम दृश्य बनि गेल अछि, जकरा देखबा लेल आसपासक लोक आ पर्यटक पहुंचय लगल छथि।जंगल आ नेशनल हाईवे सं सटल तिलैया डैम अपन प्राकृतिक सौंदर्य लेल पहिनहि सं जानल जाइत अछि, मुदा लगातार बरखाक बाद एतुक्का नजारा आरो आकर्षक भए गेल अछि। जइ-जइ जलस्तर बढ़ि रहल अछि, तइ-तइ लोकक आवाजाही सेहो बढ़ि रहल अछि।डैमक नीक कनेक्टिविटी आ प्राकृतिक सुंदरताक कारण एतय कोडरमा अतिरिक्त हजारीबाग, चतरा, रामगढ़, गिरिडीह सहित बिहार आ पश्चिम बंगाल सं सेहो पर्यटक पहुंचैत छथि। 1201 सं बढ़ि कए 1206 फीट भेल जलस्तरतीन दिनक बरखाक बाद तिलैया डैमक जलस्तर करीब 5 सं 6 फीट धरि बढ़ि गेल अछि। हेडल सैयद मेहताब कादरीक अनुसार, 30 आ 31 अगस्त कें डैमक जलस्तर 1201 फीट छल, जे आब बढ़ि कए करीब1206 फीट पहुंचि गेल अछि। हालांकि, फिलहाल डैमक जलस्तर खतरेक निशान सं बहुत नीचा अछि।ओ बतौलनि जे तिलैया डैमक डेंजर वाटर लेवल 1218 फीट अछि। एहन स्थिति मे फिलहाल डैमक फाटक खोलबाक जरूरत नहि अछि। लगातार बरखा सं जलस्तर मे आरो बढ़ोतरी होयबाक संभावना कें देखैत डैमप्रबंधन स्थिति पर नजरि रखने अछि।दोसर दिस, पानि बढ़लाक संग आसपासक प्राकृतिक वातावरण सेहो आरो हरियर-भरियर भए गेल अछि,जाहि सं एतय पहुंचनिहार लोक कें बरखाक मौसिम मे डैमक अलग रूप देखबा लेल भेटि रहल अछि। बोटिंग लेल खास आकर्षण, आधुनिक बोटक सुविधा तिलैया डैम अएनिहार पर्यटक लेल बोटिंग खास आकर्षणक केंद्र अछि। एतय जिला प्रशासनक दिस सं अलग-अलग प्रकारक कतेको आधुनिक बोटक व्यवस्था कराओल गेल अछि। एहि मे डबल डेकर आफ्लोटिंग रेस्टोरेंट सेहो शामिल अछि। बरखाक बाद डैम मे पानि बढ़ल आ चारू दिस हरियाली छा गेलाक कारण बोटिंगक आनंद लेबाक लेल सेहो पर्यटकक रुचि बढ़ल अछि।डैमक मनोरम दृश्य, जंगलक हरियाली आ पानि सं घेरायल वातावरण एतय अएनिहार लोक कें आकर्षितकरैत अछि। एहि कारण बरखाक बाद आसपासक क्षेत्रक लोक सेहो परिवार आ मित्र सभक संग एतयघूमय पहुंचि रहल छथि। नीक सड़क संपर्कक कारण दोसर जिला आ पड़ोसी राज्य सं अएनिहार पर्यटक लेल सेहो तिलैया डैम पहुंचब आसान अछि।पर्यटकक सुरक्षा पर पुलिसक नजरिदूर-दराज सं अएनिहार पर्यटकक सुरक्षा प्रशासन लेल पैघ चुनौती होइत अछि। एहि कें देखैत तिलैया डैम मे कोडरमा पुलिसक जवानक तैनाती लगातार बनल अछि। पुलिसकर्मी डैम घूमय अएनिहार लोक कें पानिक लग जाय सं रोकैत छथि आ बोटिंगक दौरान सेहो सुरक्षा नियमक पालन करबाक अपील करैत छथि।बरखाक बाद जलस्तर बढ़लाक कारण पानिक आसपास सुरक्षा कें लए विशेष सतर्कता जरूरी भए गेल अछि। प्रशासन आ पुलिसक प्रयास अछि जे पर्यटक डैमक खूबसूरती आ बोटिंगक आनंद सुरक्षित तरहेलथि। फिलहाल जलस्तर 1206 फीटक आसपास अछि, जखनकि खतरेक स्तर 1218 फीट अछि।

तीन दिवसीय स्काउट्स एंड गाइड प्रशिक्षण शिविरक समापन

लोहरदगा ,समदिया

ब्लैक पैंथर टीम बनल विजेता

एडी पब्लिक स्कूल मे आयोजित तीन दिवसीय स्काउट्स एंड गाइड प्रशिक्षण शिविरक बुध दिन उत्साह आ उमंगक संग समापन भेल। बीतल तीन दिन सं चलि रहल एहि शिविर मे विद्यार्थी सभ अनुशासन, प्राथमिक चिकित्सा, गांठ बान्हब, बिना बर्तन भोजन बनायब, टेंट निर्माण, आपदा प्रबंधन जकां कतेको जीवनोपयोगी कौशल सीखलनि। बच्चा सभ कठिन अभ्यासक दौरान टीम वर्क आ आत्मनिर्भरता कें उत्कृष्ट प्रदर्शन कएलनि। समापन समारोह मे मुख्य अतिथिक रूप मे सरस्वती शिशु मंदिरक प्रधानाध्यापक बिमलेश कुमार तिवारी उपस्थित छलाह। मुख्य अतिथि स्कूलक डायरेक्टर उज्जवल शुक्ला आ प्रधानाचार्या शालिनी शुक्लाक संग बच्चा सभ द्वारा निर्मित टेंट आ बनाओल गेल भोजनक निरीक्षण कएलनि। मुख्य अतिथि कहलनि जे स्काउट्स एंड गाइड मात्र एकटा प्रशिक्षण नहि, बल्कि जीवन जीबाक एकटाश्रेष्ठ कला अछि। ई बच्चा सभ मे देशप्रेम, सेवाक भावना आ अनुशासनक बीजारोपण करैत अछि। स्कूलक प्रधानाचार्या कहलनि जे एहि तरहक शिविर बच्चा सभक सर्वांगीण विकास मे बहुत सहायक होइतअछि। ई हुनका मे नेतृत्व क्षमता सेहो विकसित करैत अछि। ट्रेनर हरिओम सभ विद्यार्थी आ उपस्थित लोक कें स्काउट्स एंड गाइडक महत्व, एकर इतिहास आ दैनिकजीवन मे एकर उपयोगिताक विषय मे विस्तार सं जानकारी देलनि। तीन दिनक प्रदर्शन आ ओवरऑल मार्किंगक आधार पर उत्कृष्ट प्रदर्शन कएनिहार टीम सभ कें पुरस्कृत कएल गेल। एहि मे क्रमशः प्रथम स्थान ब्लैक पैंथर, दोसर स्थान रोज आ तेसर स्थान ब्लैक टाइगर टीम कें भेटल। विजेता आ प्रतिभागी टीम सभ कें मेडल आ प्रमाण पत्र दए सम्मानित कएल गेल। कार्यक्रमक समापन राष्ट्रगान आ स्काउट्स एंड गाइडक नारा सभक संग भेल।

बागजोरी मे घर-घर विधिक जागरूकता अभियान, ग्रामीण कें बताओल गेल कानूनी अधिकार

जामताड़ा ,समदिया

जिला विधिक सेवा प्राधिकार, जामताड़ा दिस सं बुध दिन जामताड़ा प्रखंडक बागजोरी गाम स्थित मोमिन टोला मे घर-घर विधिक जागरूकता अभियान चलाओल गेल। अभियानक उद्देश्य ग्रामीण सभ कें कानूनी अधिकार, निःशुल्क विधिक सहायता आ सरकारी कल्याणकारी योजना सभक जानकारी देब छल। टीम घर-घर जा कए लोक सभ सं बातचीत कएलक। आरिफा खातून ग्रामीण सभ कें 'सुरक्षित बचपन-सुरक्षित भविष्य', डायन प्रथा उन्मूलन, आशा योजना, जागृति योजना आ बच्चा सभक संरक्षण सं जुड़ल पोक्सो अधिनियमक जानकारी देलनि। टीम बतौलक जे बच्चा सभक संग यौन अपराध अथवा शोषणक मामिला मे कानूनक अंतर्गत कड़ा कारबाइक प्रावधान अछि। बाल विवाह आ बाल श्रम रोकबा सं जुड़ल कानूनी प्रावधान सेहो बुझाओल गेल। ग्रामीण सभ सं कहल गेल जे एहन घटनाक सूचना संबंधित विभाग अथवा सक्षम प्राधिकार कें दिअ। डायन प्रथा कें अंधविश्वास पर आधारित सामाजिक कुरीति बतबैत कहल गेल जे एकर नाम पर कोनो महिला अथवा व्यक्ति कें प्रताड़ित करब अपराध अछि। विवादक स्थिति मे कानूनी रास्ता अपनयबाक सलाह देल गेल।अभियानक दौरान सड़क दुर्घटना सं जुड़ल दावा वाद, दिव्यांगजनक अधिकार आ सुविधा सभक जानकारी सेहो देल गेल। दिव्यांग प्रमाण पत्र बनेबाक प्रक्रिया बुझाओल गेल। महिला सभ कें घरेलू हिंसा सं संरक्षण सं जुड़ल अधिकार आ उपलब्ध कानूनी सहायता संबंधी जानकारी देल गेल। टीम नालसा, झालसा आ जिला विधिक सेवा प्राधिकारक माध्यम सं भेटनिहार निःशुल्क विधिक सहायता संबंधी जानकारी सेहो ग्रामीण सभ कें देलनि।

बोकारो मे हर बूथ पर जुड़त 60 नव मतदाता, डीसी अधिकारी सभ कें देलनि लक्ष्य

बोकारो ,समदिया

एसआईआर-2026 अभियान, नव मतदाताक पंजीकरण, अनमैप्ड मतदाताक सुनवाइ आ जनगणना काजक प्रगति कें लए उपायुक्त-सह-जिला निर्वाचन पदाधिकारी अजय नाथ झा बुध दिन देर सांझ वीडियो संवादक माध्यम सं समीक्षा कएलनि। ओ सभ संबंधित पदाधिकारी कें निर्धारित लक्ष्यक अनुरूप काज करैत पात्र नागरिक कें मतदाता सूची सं जोड़बाक आ लंबित काज कें समयबद्ध तरहे पूरा करबाक निर्देश देलनि। उपायुक्त फॉर्म-6क माध्यम सं मतदाता सूची मे नव नाम जोड़बाक लेल युवा सभ कें विशेष रूप सं जागरूक करबाक कहलनि। ओ जिलाक सभ मतदान केंद्र पर कम सं कम 60 नव मतदाता कें मतदाता सूची सं जोड़बाक लक्ष्य निर्धारित करैत विशेष अभियान चलयबाक निर्देश देलनि।उपायुक्त सभ ईआरओ आ एईआरओ कें मान्यता प्राप्त राजनीतिक दलक प्रतिनिधि सभक संग बैठक करबाक निर्देश देलनि। संगहि बीएलओ-2क माध्यम सं नव मतदाता कें जोड़बाक लेल जरूरी कारबाइ सुनिश्चित करबाक कहलनि। ओ सोशल मीडिया पर YuvaBokaro अभियान चलाकए युवा सभ कें मतदाता सूची मे नाम दर्ज करय लेल प्रेरित करबाक निर्देश देलनि। उपायुक्त युवा सभ सं अपील करैत कहलनि जे ओ भारतक नागरिक छथि आ चुनाव व्यवस्था सं जुड़थि। ओ ईआरओ आ एईआरओ कें ई सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि जे हुनकर क्षेत्र मे कोनो पात्र नव मतदाता मतदाता सूची मे नाम दर्ज करय सं वंचित नहि रहय।उपायुक्त जिला शिक्षा पदाधिकारी आ जिला शिक्षा अधीक्षक कें जिलाक सभ विद्यालय मे होमय बला प्रार्थना सभा दौरान मतदाता सूची मे नाम दर्ज करयबाक संदेश देबाक निर्देश देलनि। ओ विद्यार्थी सभ कें शपथ दिलेबाक कहलनि। एहि मे बच्चा सभ कें ई संकल्प दिलाओल जाएत जे ओ अपन परिवारक 18 वर्ष अथवा ताहि सं बेसी आयुक एहन सदस्य, जकर नाम मतदाता सूची मे दर्ज नहि अछि, हुनकर फॉर्म-6 भरबा मे सहयोग करताह। एकर अतिरिक्त फॉर्म-6 सं संबंधित ऑडियो-वीडियो संदेश तैयार कए सोशल मीडिया पर प्रसारित करबाक तथा शहरक महत्वपूर्ण चौक-चौराहा पर बैनर आ पोस्टरक माध्यम सं जागरूकता अभियान चलयबाकनिर्देश देल गेल। बैठकक दौरान उपायुक्त अनमैप्ड मतदाताक सुनवाइक प्रगतिक सेहो समीक्षा कएलनि। ओ सभ विधानसभा क्षेत्र मे एखन धरि भेल सुनवाइक जानकारी लेलनि आ संबंधित पदाधिकारी कें सभ मामिला मे तत्परताक संग कारबाइ करबाक निर्देश देलनि।मौका पर उप-विकास आयुक्त शताब्दी मजूमदार, प्रशिक्षु आईएएस अरविंद राधाकृष्णन, जिला उप-निर्वाचन पदाधिकारी प्रेमचंद सिन्हा, जिला जनसंपर्क पदाधिकारी रवि कुमार, जिला शिक्षा पदाधिकारी प्रवीण रंजन, जिला शिक्षा अधीक्षक अतुल कुमार चौबे, सहायक जनसंपर्क पदाधिकारी अविनाश कुमार सिंह, वरीय लेखा पदाधिकारी पंकज दूबे सहित अन्य उपस्थित छलाह।

जन्माष्टमी पर जमशेदपुर मे बदलत ट्रैफिक

जमशेदपुर,समदिया

कृष्ण जन्माष्टमीक मौका पर शहर मे विधि-व्यवस्था आ भीड़ कें देखैत जिला प्रशासन ट्रैफिक परिचालन मे बदलाव कएलक अछि। एहि कें लए कए उपायुक्त, एसएसपी आ ट्रैफिक डीएसपीक दिस सं संयुक्त आदेश सेहो जारी कएल गेल अछि।जारी आदेश मे 4 सितंबरक दुपहर 4 बजे सं राति 2 बजे धरि बस कें छोड़ि सभ प्रकारक भारी वाहनक परिचालन बंद रहत। जाम आ दुर्घटना कें ध्यान मे राखैत जिला प्रशासन दिस सं ई आदेश जारी कएल गेल अछि। एहि आदेशक जानकारी जिलाक सभ ट्रैफिक थाना प्रभारी आ अन्य थाना प्रभारी कें दए देल गेल अछि। एहि मौका पर पुलिस-प्रशासन लोक सं अपील कएलक अछि जे जन्माष्टमीक दौरान वैकल्पिक मार्गक उपयोग करू आ ट्रैफिक पुलिसक सहयोग करू।

पाकुड़ पुलिस कें भेटल 18 बाइक आ 14 बोलेरो, थाना-ओपी कें पठाओल गेल 32 नव पेट्रोलिंग वाहन

पाकुड़,समदिया

जिला मे अपराध नियंत्रण आ पुलिस गश्ती कें मजबूत करबाक लेल पुलिस कें 18 नव मोटरसाइकिल आ 14 बोलेरो वाहन भेटल अछि। बृहस्पति दिन राजमहल सांसद विजय हांसदा, महेशपुरविधायक प्रोफेसर स्टीफन मरांडी, पाकुड़ विधायक निसात आलम, डीसी मेघा भारद्वाज आ एसपी अनुदीप सिंह हरियर झंडी देखा कए सभ वाहन कें विदा कएलनि। एसपी अनुदीप सिंह बतौलनि जे झारखंड सरकार आ पुलिस मुख्यालय रांची दिस सं जिला कें कुल 14 बोलेरो आ 18 नव मोटरसाइकिल उपलब्ध कराओल गेल अछि। एहि वाहन सभ कें जिला कें अलग-अलग थाना आ ओपी मे पठाओल गेल अछि, जाहि सं जरूरतक अनुसार पुलिस गश्ती आ कारबाइ कें तेज कएल जा सकय। एसपी बतौलनि जे नव वाहन सं खास कए रातिक गश्ती कें मजबूत करबा मे सहायता भेटत। मोटरसाइकिलक माध्यम सं पुलिसकर्मी थाना क्षेत्रक ओहि तंग गली आ संकर स्थान धरि सेहो सहजहि पहुंचि सकताह, जतय पैघ वाहन सं गश्ती करब कठिन होइत अछि। एहि सं संदिग्ध गतिविधि पर नजरि रखबा आ आपराधिक घटना रोकबा मे पुलिस कें सहायता भेटत। बोलेरो आ मोटरसाइकिलक उपयोग अपराध नियंत्रण, कानून-व्यवस्था कायम रखबा आ आपात स्थिति मे तत्काल कारबाइ लेल कएल जाएत। पुलिसक उद्देश्य गश्ती व्यवस्था कें बेसी प्रभावी बना कए घटना पर शीघ्र प्रतिक्रिया देब अछि।नव पेट्रोलिंग वाहन कें विदा करबाक बाद जिला मे फ्लैग मार्च सेहो निकालल गेल। फ्लैग मार्चक माध्यम सं पुलिस जिला मे अपन सक्रिय मौजूदगीक संदेश देलक। एकर उद्देश्य आम नागरिकक बीच सुरक्षा भावमजबूत करब आ पुलिसक प्रति विश्वास बढ़ेबाक छल। पुलिस दिस सं ई संदेश देबाक प्रयास कएल गेल जे कानून-व्यवस्था कायम रखबा आ अपराध पर नियंत्रण लेल पुलिस लगातार सक्रिय अछि। नव वाहन भेटलाक बाद विभिन्न थाना क्षेत्र मे पुलिसक आवाजाही आ गश्ती बढ़बाक आशा अछि। राजमहल सांसद विजय हांसदा कहलनि जे राज्य सरकार जिला मे आपराधिक घटना कम करबाक लेल लगातार नीक काज कए रहल अछि। पुलिस कें भेटल नव वाहन सं गश्ती आ आपातकालीन कारबाइक क्षमता बढ़त। कार्यक्रमक दौरान जनप्रतिनिधि आ अधिकारी सभ पुलिसक नव वाहन कें विदा कएलनि। पुलिस अधिकारी सभक अनुसार, एहि वाहन सभ कें जरूरतक हिसाब सं अलग-अलग थाना आ ओपी क्षेत्र मे तैनात कएल जाएत। एहि सं राति मे नियमित पेट्रोलिंगक संग अपराध नियंत्रण आ कानून-व्यवस्था सं जुड़ल परिस्थिति मे पुलिसक त्वरित पहुंच सुनिश्चित करबा मे सहायता भेटत।

मानक अनुसार नहि रहला पर सील होयत प्रतिष्ठान

होटल आ रेस्टोरेंट मे खाद्य सामग्रीक होयत जांच

दुमका ,समदिया

जिलावासी सभ कें गुणवत्तापूर्ण आ मानकक अनुरूप खाद्य सामग्री उपलब्ध करयबाक लेल उपायुक्त अभिजीत सिन्हा दिन संबंधित अधिकारी सभक संग बैठक कएलनि। बैठक मे ओ खाद्य पदार्थक गुणवत्ता जांच कें लए कड़ा निर्देश देलनि। उपायुक्त फूड सेफ्टी ऑफिसर कें जिलाक सभ रेस्टोरेंट, होटल, ढाबा आ अन्य खाद्य प्रतिष्ठान मे नियमित आ सघन जांच अभियान चलयबाक निर्देश देलनि।उपायुक्त कहलनि जे जांचक दौरान खाद्य सामग्रीक गुणवत्ता आ निर्धारित मानकक अनुरूप होयबाक विशेष रूप सं पड़ताल कएल जाए। जं कोनो रेस्टोरेंट, होटल, ढाबा अथवा अन्य खाद्य प्रतिष्ठान मे खाद्य सामग्री मानक पर खरा नहि उतरैत अछि तं संबंधित प्रतिष्ठानक विरुद्ध नियमानुसार कारबाइ कएल जाए। एहन मामिला मे जुर्माना वसूल करबाक संग प्रतिष्ठान कें सील करबाक कारबाइ सेहो कएल जाएत। ओ स्पष्ट कहलनि जे खाद्य पदार्थक गुणवत्ता संग कोनो स्तर पर समझौता स्वीकार नहि कएल जाएत। आम लोकक स्वास्थ्य कें ध्यान मे रखैत जिला मे उपलब्ध आ परोसल जा रहल खाद्य सामग्री निर्धारितमानकक अनुरूप होयब जरूरी अछि।कस्तूरबा आ आवासीय स्कूलक भोजनक सेहो होयत जांचबैठक मे उपायुक्त कस्तूरबा गांधी बालिका विद्यालय सहित अन्य आवासीय विद्यालय मे छात्र-छात्रा सभ कें देल जा रहल भोजनक गुणवत्ता जांच करबाक सेहो निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे आवासीय विद्यालय मे रहनिहार बच्चा सभ कें प्रतिदिन पौष्टिक आ गुणवत्तापूर्ण भोजन भेटब जरूरी अछि। एहि लेल भोजन तैयार करबा मे उपयोग होमय बला खाद्य सामग्रीक संग तैयार भोजनक सेहो नियमित जांच कएल जाए।

मुंगेर मे गंगा खतरा निशान सं 5 सेंटीमीटर ऊपर

जिलाक 6 प्रखंडक 38 पंचायतक 3.63 लाख लोक प्रभावित, कृष्णानगर मे 30 घर डूबल

मुंगेर, समदिया

मुंगेर मे गंगाक जलस्तर बृहस्पति दिन सं तेजी सं बढ़ि रहल अछि। गंगा एतय खतरा निशान 39.33 मीटर कें पार कए 39.38 मीटर पर पहुंचि गेल अछि, जे खतरा निशान सं 5 सेंटीमीटर ऊपर अछि। पानि प्रति घंटा करीब 2 सेंटीमीटरक गति सं बढ़ि रहल अछि। गंगाक बढ़ैत जलस्तर कें देखैत जिला प्रशासन सेहो सतर्कता बढ़ा देने अछि। मुंगेर जिलाक 6 प्रखंडक 38 पंचायतक 3,63,138 लोक बाढ़ि सं प्रभावित भेल छथि। डीएम निखिल धनराज निप्पणीकर कहलनि जे ऊपरी इलाका सं भेटल रिपोर्टक अनुसार एहि बेर गंगा 2016 केर रिकॉर्ड जलस्तर कें सेहो पार कए सकैत अछि। प्रशासन स्थिति पर लगातार नजरि रखने अछि।

प्रभावित इलाका मे अधिकारी सभ कें सतर्क रहबाक निर्देश देल गेल अछि। लोक सं सेहो सुरक्षित स्थान पर रहबाक आ प्रशासनक निर्देश पालन करबाक अपील कएल गेल अछि।

कृष्णानगर मे 30 सं बेसी घर डूबल

गंगाक बढ़ैत पानिक सब सं बेसी असर दियारा आ निचला इलाका मे देखबा मे आबि रहल अछि। हवेली खड़गपुर अनुमंडल क्षेत्रक कृष्णानगर गांवक स्थिति गंभीर बनल अछि। एतय 30 सं बेसी घर पूरा तरहे पानि मे डूबि चुकल अछि। गांव मे पानि प्रवेश कएलाक बाद कतेको परिवार सुरक्षित स्थान दिस

चलि गेल अछि।

ओतहि किछु परिवार एखन धरि घरक दोसर मंजिल अथवा छत पर छोट बच्चा आ बकरीक संग रहय लेल मजबूर छथि। ग्रामीण परमानंद यादव कहलनि जे हुनकर घर मे करीब पांच फीट पानि जमा भए गेल अछि। घरक सभ सदस्य कें रिश्तेदारक ओतय पठा देल गेल अछि। गांवक कतेको आन लोक सेहो घर मे ताला लगा कए ऊंच स्थान दिस चलि गेल छथि।

ग्रामीण भोगी यादव कहलनि जे गंगाक पानि लगातार बढ़ि रहल अछि, मुदा एखन धरि हुनका सभ कें कोनो तरहक राहति नहि भेटल अछि। ग्रामीणक आरोप अछि जे बाढ़िक स्थिति गंभीर होयबाक बादो कोनो अधिकारी गांवक स्थिति देखय नहि पहुंचलाह।

जाफरनगर, कुतलूपुर आ सीताकुंड डीह मे कटाव

जलस्तर बढ़लाक संग गंगा किनार कटावक खतरा सेहो बढ़ि गेल अछि। सदर प्रखंडक जाफरनगर, कुतलूपुर आ नौवागढ़ी उत्तरी पंचायतक सीताकुंड डीह गांव मे कटावक स्थिति बनल अछि। कतेको जगह नदीक दबाव बढ़ला सं ग्रामीण मे दहशत अछि। फ्लड कंट्रोल विभाग दिस सं कटाव रोकबाक लेल दियारा क्षेत्रक अतिरिक्त निचला इलाका मे सेहो पानि तेजी सं पसरि रहल अछि। कतेको गांव आ पंचायत बाढ़िक चपेट मे आबि गेल अछि।

सब सं बेसी असर सदर मुंगेर आ बरियारपुर प्रखंड मे बताओल जा रहल अछि। खेत मे पानि पसरला सं धानक फसल पूरा तरहे डूबि गेल अछि। एहि सं किसानक चिंता सेहो बढ़ि गेल अछि। लगातार बढ़ैत जलस्तरक कारण दियारा क्षेत्रक ग्रामीण जरूरी सामान समेटि सुरक्षित स्थान दिस जेबाक तैयारी कए रहल छथि।

सीएम करताह बाढ़ि प्रभावित जिलाक अधिकारी सभक संग बैठक

जिला आपदा पदाधिकारी कमल किशोर कहलनि जे गंगाक जलस्तर खतरा निशानक लग पहुंचि गेल अछि। स्थिति कें देखैत डीएम बृहस्पति सांझ सभ संबंधित अधिकारी सभक संग बैठक केने छथि। शुक्र दिन मुख्यमंत्री बाढ़ि प्रभावित जिलाक अधिकारी आ डीएमक संग बैठक करताह।

बैठक मे भेटनिहार निर्देश अनुसार आगूक कारबाइ कएल जाएत। ओ लोक सं अपील कएलनि जे गंगाक बढ़ैत जलस्तर कें देखैत सतर्क रहथि आ नदी तथा बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे अनावश्यक रूप सं जेबाक सं बचथि। प्रशासन दिस सं सेहो प्रभावित क्षेत्रक लगातार निगरानी कएल जा रहल अछि।

गयाजीक वृंदावन कॉलोनी मे जलजमाव, 200 घर प्रभावित

डीएम पानि निकालबाक देलनि निर्देश, पंप सेट लगा कए काज शुरू

गयाजी, समदिया

गयाजी शहरक वृंदावन कॉलोनी मे भारी बरखा के बाद जलजमाव भए गेल अछि। एहि सं करीब 200 घर प्रभावित छल। शुक्र दिन एकर जानकारी भेटिते जिलाधिकारी शशांक शुभंकर तत्काल कारबाइ कएलनि। ओ नगर निगमक नगर आयुक्त डॉ. गगन कुमार कें घटनास्थल पर जा कए स्थिति देखबाक आ शीघ्र पानि निकालबाक निर्देश देलनि।

डीएमक निर्देशक बाद नगर निगमक टीम तत्काल सक्रिय भए गेल। जलजमाव बला क्षेत्र मे पंप सेट आ दोसर जरूरी मशीन लगाक पानि निकालबाक काज शुरू कए देल गेल अछि। नगर आयुक्त डॉ. गगन कुमार अधिकारी आ कर्मचारी सभक संग वृंदावन कॉलोनीक दौरा कएलनि।

ओ घटनास्थल पर मौजूद अधिकारी सभ सं पानि जमा होयबाक कारण, निकासी मार्ग आ स्थानीय स्थिति संबंधी जानकारी लेलनि। नगर निगम जलजमाव हटाबय लेल पंप सेट आ दोसर जरूरी मशीन लगौने अछि। एहि मशीनक माध्यम सं पानि शीघ्र निकालल जा रहल अछि।

नगर आयुक्त डॉ. गगन कुमार कहलनि जे वृंदावन कॉलोनी नव बसावट बला क्षेत्र अछि। एतय मुख्यमंत्री समग्र विकास योजनाक अंतर्गत सड़क बनल अछि। हाल मे भेल तेज बरखा कारण एतय पानि जमा भए गेल।

ओ कहलनि जे एखन पंप सेट आ दोसर मशीनक माध्यम सं तत्काल पानि निकालल जा रहल अछि। प्रशासन मात्र पानि निकालबा पर नहि, बल्कि एहि समस्याक स्थायी समाधान पर सेहो ध्यान दए रहल अछि। नगर निगम स्पष्ट केने अछि जे फिलहाल जलजमाव हटेनाइ प्राथमिकता अछि, मुदा समस्याक स्थायी समाधान सेहो तलाशल जा रहल अछि।

गांधी चौक पर ट्रैफिक सिग्नल सं सुधरल यातायात व्यवस्था

बांका, समदिया

शहरक गांधी चौक पर ट्रैफिक सिग्नल लगाओल गेलाक बाद शहरक यातायात व्यवस्था मे सुधार देखबा मे आबि रहल अछि। सिग्नल शुरू भेलाक बाद वाहन चालक आब यातायात नियमक पालन करैत नजरि आबि रहल छथि। रेड सिग्नल पर वाहन रुकब आ ग्रीन सिग्नल होयते आगू बढ़ला सं गांधी चौक पर वाहनक आवाजाही व्यवस्थित भेल अछि।

एहि सं चौक पर अनावश्यक जामक स्थिति सेहो उत्पन्न नहि भए रहल अछि। स्थानीय लोकक कहब अछि जे गांधी चौक पर पहिने सेहो जामक समस्या बहुत बेसी नहि छल। एतय वाहनक आवागमन सामान्य रहबाक कारण यातायात व्यवस्था अपेक्षाकृत नीक छल। मुदा ट्रैफिक सिग्नल लगलाक बाद यातायात नियमक पालन सुनिश्चित करबा मे मदति भेटल अछि। खास कए पीक आवर मे चौक सं गुजरनिहार वाहन लेल सिग्नल व्यवस्था उपयोगी साबित भए रहल अछि।

ओतहि, शहरक शिवाजी चौकक स्थिति एकर विपरीत अछि। एतय रोज जामक समस्या बनल रहैत अछि। भोर आ सांझक समय वाहनक दबाव बढ़लाक कारण चौक पर अक्सर लंबा कतार लागि जाइत अछि। सड़कक दुनू कात वाहन रुकबाक आ यातायात नियंत्रित करबाक पर्याप्त व्यवस्था नहि रहबाक कारण लोक कें परेशानीक सामना करय पड़ैत अछि। जामक कारण वाहन चालकक संग-संग पैदल चलनिहार लोक कें सेहो बहुत दिक्कत होइत अछि।

स्थानीय लोक प्रशासन सं शिवाजी चौक पर सेहो शीघ्र ट्रैफिक सिग्नल लगाबयक मांग केने छथि। लोकक कहब अछि जे गांधी चौक पर सिग्नल व्यवस्था शुरू भेलाक बाद जाहि तरहे यातायात नियंत्रित भेल अछि, ओही तरहे शिवाजी चौक पर सेहो सिग्नल लगाओल गेला सं जामक समस्या कम भए सकैत अछि। एकर अतिरिक्त शहरक दोसर प्रमुख चौक-चौराहा पर सेहो यातायातक दबावक आकलन कए आवश्यक कदम उठेबाक जरूरत अछि। एहि संबंध मे यातायात डीएसपी नीरज कुमार कहलनि जे यातायात व्यवस्था कें नीक बनेबाक लेल पहिल चरण मे गांधी चौक पर ट्रैफिक सिग्नल लगाओल गेल अछि।

कटिहारक 20 मॉडल स्कूल मे अधिकारी लेताह कक्षा

कटिहार, समदिया

कटिहारक 20 मॉडल स्कूल मे बच्चा सभ कें नीक शिक्षा आ मार्गदर्शन देबाक लेल आब जिलाक 20 अधिकारी कें जिम्मेदारी देल गेल अछि। सभ नामित अधिकारी सप्ताह मे एक दिन अपन-अपन मॉडल स्कूल मे पहुंचि कए बच्चा सभ कें पढ़ौताह। एहि दौरान ओ बच्चा सभ कें विषय आधारित शिक्षा देताह। संगहि हुनकर प्रदर्शनक अध्ययन कए ओकरा नीक करबाक लेल प्रोत्साहित करताह।

ओहि क्रम मे बृहस्पति दिन सरस्वती विद्या निकेतन माहेश्वरी एकेडमी मॉडल स्कूल मे कटिहारक प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी राहुल कुमार सिंह पढ़ेनाइ शुरू कएलनि। ओ बच्चा सभक बीच कक्षा लए पढ़ौलनि आ हुनकर रुचि तथा प्रतिभा कें बुझबाक प्रयास कएलनि। संगहि बच्चा सभ कें अपन लक्ष्य दिस आगू बढ़बाक लेल प्रेरित कएलनि। एहि अवसर पर राहुल कुमार सिंह कहलनि जे शिक्षकक भूमिका निभाकए ओ गर्व महसूस कए रहल छथि। ओ कहलनि जे बच्चा सभक रुचि आ क्षमता कें बुझि कए हुनका ओही दिशा मे नीक करबाक लेल प्रेरित करब जरूरी अछि। बच्चा सभ कें नीक बनायब एहि पहलाक मुख्य उद्देश्य अछि। ओतहि, जिलाधिकारी आशुतोष द्विवेदी कहलनि जे जिलाक सभ 20 मॉडल स्कूल मे शिक्षा आ मार्गदर्शन देबाक लेल 20 अधिकारी कें जिम्मेदारी देल गेल अछि आ एहि पहलाक शुरूआत भए चुकल अछि।

किशनगंज मे तस्करी आ टैक्स चोरी रोकय लेल डीएम-एसपी देलनि निर्देश

किशनगंज, समदिया

किशनगंज मे अवैध तस्करी, टैक्स चोरी आ फजीर्वाड़ा पर रोक लगाबय लेल प्रशासन सख्ती शुरू कए देने अछि। ठाकुरगंज प्रखंड सभागार मे जिलाधिकारी नवीन कुमार आ पुलिस अधीक्षक संतोष कुमारक अध्यक्षता मे बैठक भेल। एहि मे गलगलिया चेक पोस्ट पर तैनात मजिस्ट्रेट आ पुलिस अधिकारी सभक संग विशेष समीक्षा कएल गेल। बैठकक मुख्य उद्देश्य बिहारक सीमा सं आबि-जाए बला वाहन सभक ठीक सं जांच करब आ अवैध कारोबार पर रोक लगेनाइ छल। एहि दौरान बाहर सं आबि रहल गिट्टी, बालू, कोयला, काठ, मवेशी, अवैध शराब, ब्राउन शुगर, स्मैक, गांजा, सोना आ चांदीक तस्करीक समीक्षा कएल गेल। संगहि फर्जी जीएसटी बिल आ माइनिंग चालानक माध्यम सं होमय बला फजीर्वाड़ाक सेहो पूरा समीक्षा कएल गेल।

डीएम आ एसपी अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे चेक पोस्ट पर तैनातीक दौरान पूरा

सावधानी बरतल जाए। प्रत्येक संदिग्ध वाहनक गहन जांच कएल जाए। ओ स्पष्ट कहलनि जे कोनो स्तर पर लापरवाही बर्दाश्त नहि कएल जाएत। अधिकारी सभ कें चौबीसो घंटा नजरि रखबाक आ अवैध गतिविधिक सूचना भेटिते तत्काल कारबाइ करबाक निर्देश देल गेल।

बैठक मे सहायक निदेशक (खान एवं भूतत्व) बालू आ गिट्टी लदल वाहनक जांच लेल निर्धारित नियम (एसओपी)क संबंध मे जानकारी देलनि। परिवहन, जीएसटी आ उत्पाद विभागक अधिकारी सभ सेहो वाहनक कागजातक जांच सं जुड़ल तकनीकी जानकारी दए आवश्यक निर्देश देलनि।

डीएम आ एसपी सभ विभागक बीच नीक समन्वय पर जोर देलनि। ओ कहलनि जे मिलि कए कारबाइ कएला सं तस्करी आ राजस्व चोरी पर प्रभावी रोक लगाओल जा सकैत अछि। ओ गलगलिया चेक पोस्ट कें संवेदनशील क्षेत्र बतबैत लगातार नजरि रखबाक आ सघन जांच अभियान चलाबयक निर्देश सेहो देलनि। बैठक मे अपर समाहर्ता (आपदा प्रबंधन), जिला खनन पदाधिकारी, जिला परिवहन पदाधिकारी, उत्पाद अधीक्षक आ पुलिस उपाधीक्षक समेत कतेको विभागक पैघ अधिकारी उपस्थित छलाह।

विविध

रिलायंसक बंपर कमाइ मुदा 2026 मे शेयर 17 प्रतिशत धरि टूटल

3.63 लाख करोड़क नोकसान भेल

भारतीय शेयर बाजारक पैघ कॉरपोरेट दिग्गज रिलायंस इंडस्ट्रीज लिमिटेडक शेयर मे चालू साल मे 17 प्रतिशत धरि पैघ गिरावट देखल गेल अछि। ई गिरावट तखन भेल अछि जखन कंपनीक मुख्य तेल-सं रसायन कारोबार मजबूत सिंगापुर जीआरएम (ग्रॉस रिफाइनिंग मार्जिन) आ रिफाइनिंग मार्जिन मे उछालक दम पर शानदार प्रदर्शन कए रहल अछि। बाजार विश्लेषक आ वैश्विक ब्रोकरेज फर्म जेफरीज आ जेपी मॉर्गनक मानब अछि जे दलाल स्ट्रीट फिलहाल रिलायंस रिटेलक सुस्त गति आ न्यू एनर्जी सेगमेंट पर पूंजीगत खर्च कें लए चिंतित अछि। एहि कारण ओ2सी सेगमेंटक मजबूत कमाइ आ जियो मे संभावित वैल्यू अनलॉकिंगक ट्रिगर पर बाजारक ध्यान कम भेल अछि। आंकड़ा पर नजरि देल जाए तं एहि कारण रिलायंसक वैल्यूएशन मे 3.63 लाख करोड़ रुपैयाक कमी भए चुकल अछि। कंपनीक शेयरक बात करी तं चालू साल मे 3 अगस्त धरि शेयर मे 17 प्रतिशतक गिरावट देखल गेल। पिछला सालक आखरी कारोबारी दिन कंपनीक शेयर 1,569.40 रुपैया पर बंद भेल छल। मुदा 3 अगस्त कें ई घटि कए 1,301.05 रुपैया पर आबि गेल। एहि तरहें कंपनीक शेयर मे 17 प्रतिशतक गिरावट भेल। चारि अगस्त यानी आइ बीएसई पर कंपनीक शेयर मे दू प्रतिशत सं बेसीक तेजी देखल गेल आ कारोबारी सत्रक दौरान शेयर 1,332.90 रुपैया धरि पहुंचल। एहि हिसाब सं आइ दिनक तेजी कें सेहो जोड़ल जाए तं चालू साल मे शेयरक गिरावट करीब 15 प्रतिशत रहि गेल अछि।

दोसर दिस कंपनीक वैल्यूएशन मे सेहो पैघ कमी आयल अछि। 3 अगस्त धरि कंपनीक वैल्यूएशन मे 3.60 लाख करोड़ रुपैया धरि नोकसान भए चुकल छल। बीएसईक आंकड़ा अनुसार पिछला सालक आखरी कारोबारी दिन कंपनीक वैल्यूएशन 21,23,796.62 करोड़ रुपैया छल, जे 3 अगस्त कें घटि कए 17,60,650.95 करोड़ रुपैया भए गेल। एहि तरहें कंपनीक वैल्यूएशन मे 3,63,145.67 करोड़ रुपैयाक कमी आयल अछि। रिलायंसक तेल-सं-रसायन कारोबार लेल कामकाजक माहौल बहुत नीक भेल अछि। जेफरीजक अनुमान अछि जे टकरावक कारण वैश्विक रिफाइनरी थ्रूपुटक करीब चारि प्रतिशत हिस्सा कम भेल अछि। मध्य पूर्व मे रिफाइनरीक कामकाज प्रतिदिन करीब 25 लाख बैरल कम भेल अछि, जखनकि पिछला साल रूस मे सेहो प्रतिदिन 15 लाख बैरलक कमी देखल गेल छल।

एहि रुकावटक कारण डीजल आ गैसोलीनक भंडार पिछला पांच सालक सब सं निचला स्तर पर पहुंच गेल अछि। वित्तीय वर्ष 2027क दोसर तिमाही मे एखन धरि सिंगापुरक ग्रॉस रिफाइनिंग मार्जिन औसतन 21.2 डॉलर प्रति बैरल रहल अछि, जखनकि वित्तीय वर्ष 2026 मे ई 7.5 डॉलर प्रति बैरल छल। पेट्रोकेमिकल स्प्रेड मे सेहो मजबूती आयल अछि। जेफरीजक अनुसार फरवरीक अंतक तुलना मे वित्तीय वर्ष 2027क दोसर तिमाही मे एखन धरि रिलायंसक पॉलीइथिलीन, पॉलीप्रोपाइलीन आ पॉलीइथिलीन टेरेफ्थेलेट मार्जिन मे औसतन 64 प्रतिशतक बढ़ोतरी भेल अछि। रिलायंसक स्पेशल इकोनॉमिक जोन रिफाइनरी, जाहि मे कंपनीक अधिकांश रिफाइनिंग क्षमता शामिल अछि, विंडफॉल टैक्स सं सेहो मुक्त अछि। एहि कारण कंपनी कें रिफाइनिंगक नीक माहौलक लाभ भेटि रहल अछि। जेफरीज कें उम्मीद अछि जे रिफाइनिंग आ पेट्रोकेमिकल्स मे आयल तेजी रिलायंसक वित्तीय वर्ष 2027क कमाइ कें सहारा देत। संगहि, कंपनीक अनुमान अछि जे वित्तीय वर्ष 2026 सं वित्तीय वर्ष 2029क बीच कंसोलिडेटेड ईबीआईटीडीए मे चक्रवृद्धि वार्षिक वृद्धि दर 10 प्रतिशत रहत। जेफरीज एहि लेल ह्यबायङ्क रेटिंग आ 1,710 रुपैयाक मूल्य लक्ष्य कायम रखने अछि।

सोना बिक्री ठप भेला सं परेशान भेलाह कारोबारी

पीएम मोदी कें पत्र लिखि राखलनि ई मांग

देश मे सोनाक घटैत मांगक बीच आभूषण कारोबार सं जुड़ल व्यापारी आ संगठन सभ चिंता जतौने छथि। चैंबर ऑफ ट्रेड एंड इंडस्ट्री (सीटीआई)क अध्यक्ष बृजेश गोयल प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कें पत्र लिखने छथि, जाहि मे देश मे सोनाक कारोबार पर मंडरा रहल संकट कें लए तत्काल सरकारी हस्तक्षेपक मांग कएल गेल अछि। ई पत्र पीएम मोदी दिस सं सोना खरीदारी नहि करबाक अपीलक बाद आभूषण कारोबार मे पैदा भेल उथल-पुथल कें देखैत लिखल गेल अछि।

सीटीआई चेतावनी देने अछि जे जं स्थिति मे सुधार नहि भेल तं भारत मे सोनाक वार्षिक खपत 800 टन सं घटि कए 500 टन पर आबि सकैत अछि। सीटीआई दिस सं प्रधानमंत्रीक समक्ष राखल गेल 5 पैघ मांग मे विशेष आर्थिक पैकेजक घोषणा करबाक मांग सेहो शामिल अछि। सीटीआईक कहब अछि जे छोट कारीगर, सुनार आ स्वर्ण कारोबार सं जुड़ल लोक लेल 10,000 करोड़ रुपैयाक विशेष आर्थिक पैकेजक घोषणा कएल जाए। संगहि सोना कारोबारियक प्रतिनिधिमंडलक संग प्रधानमंत्री सं भेंट करबाक समय सेहो मांगल गेल अछि, जाहि सं कारोबारी अपन समस्या हुनका समक्ष सीधे राखि सकथि।

सीटीआई आभूषण उद्योग कें भारी नोकसान सं बचाबय लेल केंद्र सरकार सं तत्काल हस्तक्षेप करबाक अपील केने अछि। संगठनक कहब अछि जे संकट केर एहि घड़ी मे छोट स्तर पर काज कएनिहार सुनारक रोजगारक सुरक्षा सुनिश्चित कएल जाए। उल्लेखनीय अछि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी गत 10 मई कें हैदराबाद मे एकटा जनसभा कें संबोधित करैत देशवासी सं एक साल धरि सोना खरीदारी सं बचबाक अपील केने छलाह। एहि दौरान ओ लोक सं स्वदेशी उत्पाद अपनाबय, पेट्रोल-डीजलक खपत कम करय आ आर्थिक आत्मनिर्भरता दिस कदम बढ़ाबयक आग्रह केने छलाह। पीएमक एहि अपीलक बाद आभूषण कारोबार सं जुड़ल व्यापारी आ संगठन सभ चिंता जतौने छलाह।

नेपालक बाढ़ि मे फंसल लोकक लेल वरदान साबित भए रहल अछि हेलिकॉप्टर

काठमांडू, एजेंसी

नेपालक प्रधानमंत्री बालेन शाह बुधदिन संसद मे कहलनि जे अनचोके आयल बाढ़िक तुरंत बाद नेपाली सेनाक पहिल हेलिकॉप्टर बचाव कार्य लेल विदा भए गेल छल। बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र सभ मे मचल अफरातफरीक बीच नेपाल सेनाक प्रवक्ता राजाराम बस्नेत कहलनि जे बाढ़ि सं भेल क्षतिक सही स्थितिक पहिल जानकारी हेलिकॉप्टरक माध्यमे भेटल। बस्नेत कहलनि जे पहिल दिन हमर चारि टा हेलिकॉप्टर तुरंत उड़ान भरय लागल। एकटा एमआइ-17 हेलिकॉप्टर 20 गोटे चिकित्सकक दल कें लए गेल आ पूर्वाह्न 11:30 बजे ओतय चिकित्सकीय आधार शिविर बना देल गेल। ओ कहलनि जे नेपाल मे एतेक पैघ स्तर पर बचाव अभियान पहिने कहियो नहि चलाओल गेल छल। एतेक छोट हवाई क्षेत्र मे हवाई अड्डा बना कए एहि तरहक पैघ बचाव अभियान चलाओल जे रहल अछि, से पहिल बेर भेल। मंगलदिन आयोजित पत्रकार सम्मेलन मे गृह मंत्री सुधन गुरूंग कहलनि जे ई संभवतः नेपाल मे अखन धरि चलाओल गेल सभ सं पैघ बचाव अभियान होयत। एहि बीच एक सप्ताहक दौरान सेना आ निजी हेलिकॉप्टरक सैकड़ो उड़ानक माध्य मे चारि हजार सं बेसी लोक कें हवाई मार्ग सं बचौलक अछि। सेनाक अनुसार, मात्र ओकर नेतृत्व मे 717 टा उड़ान संचालित कएल गेल। बचाव अभियान मे अलग-अलग समय पर निजी क्षेत्रक लगभग दू दर्जन हेलिकॉप्टर आ सेनाक सात टा हेलिकॉप्टर सहभागी रहल।

गंभीर परिस्थिति मे आशाक किरण बनल हेलिकॉप्टर : रासुवाक मुख्य जिला अधिकारी नरेंद्र परियारक अनुसार, बाढ़िक दिन दुपहर सं पहिनहि कतेको क्षेत्रक सड़क पूर्ण रूप सं कटि गेल छल आ सड़क संपर्क भंग भए गेल छल। परियार कहलनि जे तकर बाद सभक एकमात्र आशा हेलिकॉप्टर छल। आरंभ मे एहन बहुत कम स्थान छल जतय हेलिकॉप्टर उतरल जा सकैत छल। मुदा एहि सं बहुतो लोक कें आशा भेटल। हुनका सभ कें लागल जे एहि कठिन समय मे हुनका सभ कें असहाय छोड़ल नहि जायत। बचाव व्यवस्था मे एकहि स्थान सं समन्वय बनौने राखबाक आ कोनो तरहक अव्यवस्था सं बचबाक लेल हेलिकॉप्टरक परिचालन नेपाल सेनाक कमान मे रखबाक निर्णय लेल गेल। कैलाश हेलिकॉप्टरक चालक मनिराज लामा कहलनि जे हम नुवाकोट बैरकक लगपास बेर-बेर उड़ान भरैत रहलहुं। नीचांक दृश्य अत्यंत भयावह छल। हेलिकॉप्टर सभ लेल सेहो ई असामान्य परिस्थिति छल। एकटा छोट घाटी मे एक्कहि समय कतेको हेलिकॉप्टर उड़ि रहल छल। आवश्यकताक अनुसार कहियो हम एकल उड़ान भरैत छलहुं तं कहियो दू टा हेलिकॉप्टर एक संग उड़ैत छल। आरंभिक दिन सभ मे हेलिकॉप्टरक मुख्य काज लोक कें बचायब आ सुरक्षाकर्मी तथा राहति-बचाव दल कें प्रभावित क्षेत्र धरि पहुंचायब छल। मुदा आब एकर उपयोग शव निकालय सं लए कए राहति सामग्री पहुंचाबय धरि सभ प्रकारक काज मे कएल जा रहल अछि। पायलट सभक कहब अछि जे हालक दिन सभ मे जखन शव सड़य लागल अछि, तखन हुनका सं उत्पन्न स्वास्थ्य खतरा सं बचबाक लेल शव कें हेलिकॉप्टर सं जुड़ल रस्सी, जाहि कें लॉन्गलाइन कहल जाइत अछि, ओकर सहायता सं बाहर निकालल जा रहल अछि। लामाक अनुसार, आरंभिक दिन मे एक्कहि समय बहुत बेसी लोक फंसल छलाह। एहन स्थिति मे सभ सं बेसी संकटग्रस्त लोक कें प्राथमिकता देब कठिनतम काज छल। ओ कहलनि जे लोकक भावना आ संवेदनशीलताक ध्यान रखैत एहन परिस्थिति मे उड़ान भरय पड़ल, जतय एक्कहि समय दर्जन सं बेसी हेलिकॉप्टर उपलब्ध छल। बिमल कहलनि जे एतेक कठिन अछि। सिम्रिक एयरक चालक बिमल शर्मा कहलनि जे हेलिकॉप्टरक बचाव अभियानक समय आकाश मे एतेक बेसी हलचल ओ पहिने कहियो नहि देखने छलाह। शर्माक कहब छल जे एवरेस्ट पर आरोहणक मौसिम मे सेहो बहुत भीड़ रहैत अछि, मुदा ओतय ई स्पष्ट रहैत अछि जे कतय जायब आ की करब। मुदा एतय हमरा सभ कें देल गेल निदेर्शाक सेहो ठीक सं मेल नहि खाइत छल। हमरा सभ कें आसपास ताकय पड़ैत छल। ओ आगू कहलनि जे किछु एहन स्थान सेहो छल जतय उतरबाक लेल कहल गेल, मुदा ओतय हेलिकॉप्टर उतारबाक लेल कोनो जगह नहि छल।

नेपाल मे एतेक पैघ स्तर पर बचाव अभियान पहिने कहियो नहि चलाओल गेल छल

छोट क्षेत्र मे व्यस्त हवाई यातायात : बातचीत कएनिहार पायलट बिमल शर्मा आ मनिराज लामाक अनुसार, हुनका सभ कें चीन सीमा आ त्रिशूलीक बीच कतेको बेर एहन परिस्थिति मे उड़ान भरय पड़ल, जतय एक्कहि समय दर्जन सं बेसी हेलिकॉप्टर उपलब्ध छल। बिमल कहलनि जे एतेक संकरा घाटी मे एतेक संख्या मे हेलिकॉप्टर रहब बहुत बेसी अछि। एहि कारणें पायलट सभ किछु नियम बना लेने छथि आ एक-दोसराक संपर्क मे रहैत छथि। जेना घाटी मे उड़ानक समय बाम भाग मे रहब, आसपास उड़ि रहल दोसर हेलिकॉप्टर कें अपन स्थिति बतायब आ आपस मे सीधा संपर्क राखि एक-दोसराक बीच निर्धारित दूरी आ ऊंचाइ बनौने राखब। नेपालक नागरिक उड्डयन प्राधिकरण (सीएएएन)क प्रवक्ता ज्ञानेंद्र भुल कहलनि जे बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे अलग हवाई अड्डा नहि छल। एहि कारणें हेलिकॉप्टर काठमांडूक त्रिभुवन हवाई अड्डा सं संपर्क मे रहल आ पायलट सभक आपसी समन्वय सं ओतय उड़ान भरल गेल। भुलक अनुसार, एहि अनियंत्रित हवाई क्षेत्र मे जमीन पर नजरि राखब, दृश्यता पर ध्यान देब आ दोसर हेलिकॉप्टर सं सुरक्षित दूरी बनौने रखबाक जिम्मेवारी पायलटक छल। मुदा ड्रोन सेहो आब एकटा चुनौती बनि रहल अछि। ओ कहलनि जे फिलहाल ओतय हेलिकॉप्टर सभ लेल सभ सं पैघ चुनौती ड्रोन अछि। परिस्थिति बहुत गंभीर नहि अछि, मुदा एकरा नियंत्रित करबाक आवश्यकता अछि। हुनकर कहब अछि जे तेजी सं बदलैत जलवायुक परिस्थिति मे चाहे जतबे उत्तम समन्वय किएक नहि हो, खतरा सदिखन बनल रहत। लामा अपन अनुभव सुनबैत कहलनि जे जखन सभ संपर्क टूटि गेल छल, तखन आकाश मे उड़ैत हेलिकॉप्टर सभ लोक कें मानसिक रूप सं ई भरोसा दैत छल जे बचाव अभियान चलि रहल अछि आ देर-सबेर हमरा सभ कें अवश्य बचाओल जायत। ओ कहलनि जे एहन आशा सेहो आपदा मे लोक कें मानसिक रूप सं सम्हारैत अछि। नेपाल जेकां जटिल भौगोलिक बनावट बला देश लेल हेलिकॉप्टर कोनो वरदान सं कम नहि अछि। सेनाक प्रवक्ता राजाराम बस्नेतक अनुसार, रासुवा-नुवाकोट जेकां संकरा हवाई क्षेत्र आ जटिल भौगोलिक बनावट बला इलाका मे लाइट हेलिकॉप्टर अत्यंत प्रभावकारी साबित भेल अछि।

अनुभवी पायलटक महत्वपूर्ण भूमिका : नेपालक नागरिक उड्डयन प्राधिकरणक प्रवक्ता ज्ञानेंद्र भुल कहलनि जे रासुवा मे पायलट सभ पूर्ण सावधानी रखैत अपन क्षमता आ जिम्मेवारीक उत्तम प्रदर्शन कएलनि। हुनकर अनुसार, पर्यटन आ पर्वतारोहणक मौसिम मे काठमांडू आ लुक्ला जेकां हवाई अड्डा सं प्रतिदिन 150 सं 200 धरि हेलिकॉप्टर उड़ान भरैत अछि। भुल कहलनि जे ई सभ चार्टर्ड उड़ान होइत अछि। मुदा आपदाक समय मानवता कें सभ सं ऊपर राखल गेल अछि। एहि कारणें बचाव काज मे सहायता लेल किछु नियम मे सीमित स्तर पर ढील देल गेल अछि। मुदा उड़ानक सुरक्षा सं कोनो समझौता नहि कएल गेल।

केन्याक राष्ट्रपति देलनि टाटा केमिकल कें देश छोड़बाक फरमान

नई दिल्ली, एजेंसी

करीब एक सदी सं केन्या मे सोडा ऐशक खनन करैत आबि रहल टाटा केमिकल्स कें आब देश छोड़बाक फरमान भेटल अछि। हालहि मे केन्याक राष्ट्रपति विलियम रूटो सार्वजनिक मंच सं टाटाक विरुद्ध कड़ा वक्तव्य दैत कहलनि जे कंपनी सय वर्ष धरि देशक प्राकृतिक संसाधनक उपयोग कएलक, मुदा स्थानीय लोक कें एकर कोनो लाभ नहि भेटल। ओ टाटाक इकाई कें अपन सामान समेटि देश सं बाहर निकलि जेबाक लेल सेहो कहलनि। मुदा टाटा केमिकल्स राष्ट्रपति द्वारा लगाओल आरोप कें खारिज केने अछि। कंपनीक कहब अछि जे केन्या स्थित ओकर इकाई सभ नियम-कानूनक पूर्ण रूप सं पालन करैत अछि। टाटा इहो कहलनि जे कंपनी सरकारक संग सभ प्रकारक सहयोग करैत अछि। मुदा प्रश्न ई अछि जे आखिर टाटाक विरुद्ध एतेक पैघ आरोप किएक लगाओल जा रहल अछि?

राष्ट्रपति कहलनि, कंपनीक लाभ स्थानीय लोक कें नहि भेटल

किएक भड़कलाह केन्याक राष्ट्रपति विलियम रूटो? : केन्याक राष्ट्रपति सार्वजनिक रूप सं कंपनी कें देश छोड़ि देबाक बात कहलनि। किछु दिन पूर्व दक्षिणी क्षेत्र कजिआडोक मगाडी मे दौरा करबाक दौरान राष्ट्रपति रूटो टाटाक विरुद्ध सीधा हमला कएलनि। लोक कें संबोधित करैत ओ कहलनि जे टाटा लग सय वर्ष सं खननक अधिकार अछि, तैयो कजिआडो मे कंपनी किछु नहि बनौलनि। ओ सभ हमर संसाधन कें भारत आ दोसर स्थान पर लए जाइत अछि। की हम दोसर लोकक गुलाम छी? राष्ट्रपति कहलनि जे कंपनी मात्र प्राकृतिक सोडा ऐशक निर्यात करैत रहल अछि, मुदा केन्या मे कांच अथवा रसायनक निर्माण लेल कोनो पैघ कारखाना नहि लगाओल गेल। सरकार टाटा कें बाहर कए दूटा नव कंपनी कें अनबाक निर्णय सेहो लेने अछि। एकटा कंपनी कांचक निर्माण करत, जखन कि दोसर कंपनी रसायनक उत्पादन करत। कजिआडोक गवर्नर जोसेफ ओले लेंकूक अनुसार टाटाक खनन अधिकार 2023 मे समाप्त भए गेल छल।

रोकल गेल छल कंपनीक काजकाज : एकरा सं पहिने केन्याक खनन मंत्रालय करीब पांच सप्ताह पूर्व टाटा केमिकल्स मगाडी लिमिटेडक काजकाज पर रोक लगा देने छल। खनन कैबिनेट सचिव हसन जोहो अनुसार कंपनी पर राजस्व-शुल्क आ कानूनी देनदारीक भुगतान नहि करबाक आरोप अछि। एहि अतिरिक्त सरकार स्थानीय लोकक लेल रोजगारक अवसरक कमी सहित अन्य किछु मुद्दा सेहो उठौने अछि। मुदा टाटा केमिकल्स अपन ऊपर लगाओल आरोप कें अस्वीकार करैत नियम-कानूनक पालन करबाक आ सरकारक संग सहयोग करबाक बात दोहरौने अछि।

एस्टोनियाक रक्षामंत्री हानो पेवकुर देलनि इस्तीफा

नई दिल्ली, एजेंसी। एस्टोनियाक रक्षामंत्री हानो पेवकुर अपन पद सं इस्तीफा देलनि अछि। हुनकर इस्तीफाक कारण यूक्रेन लेल कएल गेल करीब 768 करोड़ टाकाक एकटा सौदा अछि। एहि सौदाक अंतर्गत भारतीय कंपनी सं जुड़ल इटलीक एकटा फर्म कें गोला-बारूद आपूर्तिक ठेका देल गेल छल। आरोप अछि जे कंपनी लग तोपक गोला बनेबाक अथवा बेचबाक पूर्व अनुभव नहि छल। तैयो ओकरा पैघ ठेका देल गेल आ भारी रकम अग्रिम रूप मे देल गेल। 2024 मे एस्टोनियाक सेंटर फॉर डिफेंस

इन्वेस्टमेंट तोपक गोला किनबाक लेल इटली मे पंजीकृत डेटासेल एसआरएल संग चारि टा समझौता कएलक। गोला-बारूदक पहिल खेप नवंबर 2024 मे यूक्रेन पहुंचबाक छल, मुदा डेटासेल आपूर्ति मे देरी कएलक। बाद मे पहुंचल सामान पर सेहो प्रश्न उठल। अधिकारिक सभक अनुसार, किछु खेप अधूरा छल आ ओहि मे गोला चलाबऽ लेल आवश्यक फ्यूज, प्रोपेलेंट चार्ज आ प्राइमर जेकां हिस्सा नहि छल। एहि कारण एस्टोनिया किछु सामान स्वीकार नहि कएलक। डेटासेल एस्टोनियाक आरोप कें खारिज केने अछि। कंपनीक कहब अछि जे ओ पैघ मात्रा मे सामान तैयार कएलक आ आपूर्तिक बिल सेहो देलक। कंपनीक अनुसार, अलग-अलग देश सं स्वीकृति आ आवश्यक कागजात भेटय मे भेल देरीक कारण आपूर्ति प्रभावित भेल।

इटलीक सभ सं बेसी समय धरि प्रधानमंत्री रहबाक कीर्तिमान बनौलनि मेलोनी

नई दिल्ली, एजेंसी

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी इटलीक प्रधानमंत्री जॉर्जिया मेलोनी कें लगातार सभ सं बेसी समय धरि प्रधानमंत्रीक पद पर रहबाक लेल बधाइ देने छथि। मोदी सोशल मीडिया पर मेलोनी कें अपन मित्र बतबैत कहलनि जे हुनकर ई उपलब्धि इटलीक लोकक हुनकर नेतृत्व पर भरोसा आ विश्वास कें प्रकट करैत अछि। मोदी कहलनि जे मेलोनीक मित्रता भारत आ इटलीक बीच विशेष रणनीतिक साझेदारी कें मजबूत करय मे महत्वपूर्ण रहल अछि। दुनू देशक लोकनिक नीक भविष्य लेल आगू सेहो एक-दोसरक संग मिलि काज करबाक आशा प्रधानमंत्री व्यक्त कएलनि। ओ मेलोनी कें आगांक वर्ष सभ लेल सफलता आ शुभकामना सेहो देलनि।

पीएम मोदी मेलोनी कें देलनि बधाइ

इटली गणराज्य बनलाक बाद सभ सं दीर्घ कार्यकाल : जॉर्जिया मेलोनीक सरकार शुक्रदिन लगातार 1413 दिन धरि सत्ता मे रहि इटली मे नव कीर्तिमान स्थापित कएलक। 1946 मे इटली गणराज्य बनलाक बाद ई कोनो एकटा मंत्रिमंडलक सभ सं दीर्घ लगातार कार्यकाल अछि। मेलोनी पूर्व प्रधानमंत्री सिल्वियो बर्लुस्कोनीक दोसर सरकारक कीर्तिमान कें पछाड़ि देलनि। बर्लुस्कोनीक दोसर मंत्रिमंडल 2001 सं 2005 धरि 1412 दिन सत्ता मे रहल छल। मेलोनी 22 अक्टूबर 2022 कें इटलीक पहिल महिला प्रधानमंत्री बनल छलथि। ओ दक्षिणपंथी दल ब्रदर्स ऑफ इटलीक प्रमुख सेहो छथि। जून 2026 मे जखन नरेंद्र मोदी लगातार 4399 दिन धरि निर्वाचित प्रधानमंत्री रहि जवाहरलाल नेहरूक कीर्तिमान तोड़ने छलाह, तखन मेलोनी सेहो हुनका बधाई देने छलथि।

मेलोनीक पार्टी मनाओत जश्न : मेलोनीक दल ब्रदर्स ऑफ इटली सरकारक कीर्तिमान कार्यकालक उपलक्ष्य मे शुक्रदिन सांझ दक्षिणी शहर बारी मे पैघ रैली आयोजित केने अछि। एहि रैली कें मेलोनी संबोधित करथि। कार्यक्रम मे हजारो समर्थकक पहुंचेबाक संभावना अछि। समर्थक सभ कें लगभग 80 टा बस सं बारी आनल जा रहल अछि। कार्यक्रम स्थल पर करीब 10 हजार लोकक बैसबाक व्यवस्था अछि।

'गांजा पीबि मदहोश छल पायलट, कड़ा कारबाइ करी'

नई दिल्ली, एजेंसी

गत 4 अगस्त कें फुकेत सं दिल्ली आबि रहल एयर इंडिया केर एकटा विमान 36 हजार फीटक ऊंचाइ पर उड़ान भरैत समय लगभग एक्कहि संग तीनू हाइड्रोलिक प्रणाली मे खराबी आयल। एहि कारण विमान निर्धारित ऊंचाइ सं अनचोके 300 फीट नीचां आबि गेल। घटना मे चारि गोटे चालक दलक सदस्य सहित कुल 24 लोक घायल भेलाह।

मामिलाक जांच कए रहल विमान दुर्घटना जांच ब्यूरो (एएआईबी) अपन प्रारंभिक जांच रिपोर्ट नागर विमानन महानिदेशालय (डीजीसीए) कें सौंपि देने अछि। रिपोर्ट मे मुख्य पायलटक मनःप्रभावी पदार्थ संबंधी जांच रिपोर्ट निगेटिव नहि अयबाक आधार पर हुनका विरुद्ध कड़ा कारबाइ करबाक अनुशंसा कएल गेल अछि।

मुदा एएआईबी एहन कोनो निष्कर्ष नहि देने अछि जे मुख्य पायलटक मनःप्रभावी पदार्थक सेवनक हाइड्रोलिक प्रणाली मे भेल खराबी अथवा विमानक ऊंचाइ मे अनचोके भेल परिवर्तन सं कोनो संबंध छल। एएआईबी कहलनि जे घटनाक तकनीकी आ अन्य पक्षक जांच एखन जारी अछि। जांचक समय खराब मौसिमक कोनो सूचना सेहो नहि छल।

10 पन्नाक प्रारंभिक रिपोर्ट

एएआईबीक 10 पन्नाक प्रारंभिक रिपोर्टक अनुसार विमानक ग्रीन, ब्लू आ येलो हाइड्रोलिक प्रणाली मे लगभग एक्कहि समय खराबी आयल छल। मुदा किछुए सेकेंड मे तीनू प्रणाली फेर सं काज करय लागल आ विमान अपन यात्रा जारी राखि दिल्ली मे सुरक्षित उतरि गेल। घटनाक कारण विमानक भीतर बहुत क्षति भेल। छत मे लागल कतेको पैनल मे दरार पड़ि गेल, यात्रिक सामान राखबाक लेल ऊपर बनल खानाक किछु हिस्सा अपन स्थान सं हटि गेल, रेलिंग टूटि गेल आ चालक दलक एकटा सीट तथा आपातकालीन निकासक हैंडल सेहो क्षतिग्रस्त भेल।

एयर इंडिया टबुर्लेंस मामिला मे जांच दलक अनुशंसा

पायलटक विरुद्ध कारबाइक अनुशंसा

रिपोर्टक अनुसार, उड़ानक बाद मुख्य पायलटक मादक पदार्थ संबंधी जांच रिपोर्ट निगेटिव नहि आयल, जखन कि सह-पायलटक रिपोर्ट निगेटिव छल। अर्थात सह-पायलटक शरीर मे एहन कोनो पदार्थक सेवनक संकेत नहि भेटल।

एएआईबी डीजीसीए सं मादक पदार्थक सेवन रोकबाक लेल उचित कारबाइ करबाक अनुशंसा कएल अछि। ब्यूरो कहलनि जे मादक पदार्थक सेवनक पुष्टि गंभीर चिंताक विषय अछि आ एहि मामिला मे प्राथमिकताक आधार पर उचित कारबाइ होयबाक चाही।

फुकेत सं दिल्ली आबि रहल उड़ान संख्या एआई-2379 मे एयरबस ए320-251एन विमानक उपयोग भेल छल। विमान मे तीनि शिशु सहित 137 यात्री, केबिन क्रूक छह सदस्य आ दू गोटे पायलट सवार छलाह। विमान 4 अगस्त कें भारतीय समय अनुसार भोरे 7 बजि 11 मिनटक समय फुकेत अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डा सं उड़ल छल। बाद मे कोलकाता उड़ान सूचना क्षेत्र मे पहुंचला पर एटीसी विमान कें 34 हजार फीट सं बढ़ाकऽ 36 हजार फीट ऊंचाइ पर जायबाक निर्देश देने छल।

इंडोनेशिया मास्टर्सक क्वार्टर फाइनल मे हारली अश्मिता चालिहा, शू वेन जिंग देलनि मात

भारतक शीर्ष वरीयता प्राप्त आ विश्व नंबर 38 अश्मिता चालिहा कें इंडोनेशिया मास्टर्स सुपर 100क क्वार्टर फाइनल मे चीनक विश्व नंबर 81 शू वेन जिंगक विरुद्ध हारक सामना करए पड़ल। शू वेन जिंग शुक्रदिन चालिहा कें 21-10, 21-18 सं हरबैत सेमीफाइनल मे अपन स्थान बना लेलनि।

पहिल गेम मे दुनू खेलाड़ी शुरूआती चरण मे 3-3 आ 5-5 सं बराबरी पर छली। तकर बाद शू वेन जिंग लगातार अंक अर्जित करैत 8-5क बढ़त बना लेलनि। मध्यांतर धरि चीनी खेलाड़ी 11-7 सं आगू छली आ ब्रेकक बाद ओ अपन बढ़त कें लगातार मजबूत करैत गेली। शू वेन जिंग 17-9 आ तकर बाद 20-9क बढ़त हासिल कए पहिल गेम 21-10 सं जीत लेलनि।

दोसर गेम मे सेहो शू वेन जिंग तेज शुरूआत करैत 1-1 सं आगू निकलि 6-1क बढ़त बना लेलनि। चालिहा वापसीक प्रयास करैत स्कोर 6-3 कएलनि, मुदा चीनी खेलाड़ी तुरंत अपन बढ़त 8-3 कए लेलनि आ मध्यांतर धरि 11-5 सं आगू छली। ब्रेकक बाद चालिहा शानदार वापसी करैत लगातार चारि अंक लए भेद 9-11 कए देलनि। तकर बाद ओ संघर्ष जारी रखैत स्कोर 15-17 धरि पहुंचौलनि। मुदा शू वेन जिंग दबाव मे धैर्य बनौने रखलनि आ 19-15क बढ़त हासिल कएलनि। चालिहा फेर वापसी करैत स्कोर 18-19 कए देलनि, मुदा शू वेन जिंग 20-18 पर मैच प्वाइंट हासिल कएलनि आ पहिलहि मैच प्वाइंट कें भुनबैत दोसर गेम 21-18 सं जीत लेलनि। ई मोकाबला 33 मिनट चलल।

यूएस ओपन : अलेक्जेंडर ज्वेरेव क्वेंटिन हेली कें पांच सेट मे हरौलनि, तेसर दौर मे पहुंचलाह

शीर्ष वरीयता प्राप्त जर्मनीक अलेक्जेंडर ज्वेरेव कें यूएस ओपनक दोसर दौर मे फ्रांसक क्वेंटिन हेली सं कड़ा चुनौती भेटलनि। ज्वेरेव बृहस्पति देर राति (भारतीय समयानुसार शुक्र भोर) धरि चलल मोकाबला मे विश्व नंबर 52 हेली कें पांच सेट मे 6-4, 4-6, 7-6 (7-3), 6-7 (3-7), 6-3 सं हराएत तेसर दौर मे स्थान बना लेलनि। 29 वर्षीय ज्वेरेव अपन शुरूआती दूनू मोकाबला मे एखन धरि करीब 10 घंटा कोर्ट पर बितौलनि। तेसर दौर मे हुनक सामना चिलीक अलेजांद्रो ताबिलो सं होयत। जीत के बाद ज्वेरेव कोर्ट पर देल गेल साक्षात्कार मे कहलनि, ईमानदारी सं कहूं तं हमर प्रदर्शन बहुत खराब छल, मुदा हम जीत गेलहुं। सब सं महत्वपूर्ण बात यही अछि। ओ कहलनि, साढ़े चारि घंटा भए गेल अछि आ रातिक 2 बजि कए 15 मिनट भए चुकल अछि। हम जिम मे एहि लेल मेहनति करैत छी।

ज्वेरेव ओहि दर्शक सभक सेहो आभार जतौलनि, जे देर राति धरि मोकाबला देखबाक लेल स्टेडियम मे उपस्थित रहलाह। ज्वेरेव कहलनि, जे किछु हजार लोक अंत धरि रुकलाह, ओ सभ ओहि 15 हजार दर्शकक कमी पूरा कए देलनि, जे स्टेडियम छोड़ि कए चलि गेलाह।

पहिल सेट मे ज्वेरेवक दबदबा रहल। ओ 5-4 कए बढ़त बनेबाक लेल मैचक एकमात्र ब्रेक हासिल कएलनि आ अगिला सर्विस गेम मे सेट अपना नाम कए लेलनि। दोसर सेट मे 4-4 स्कोर पर ज्वेरेव कें ब्रेक प्वाइंट भेटल, मुदा हेली वापसी करैत अपन सर्विस बचा लेलनि आ तकर बाद ज्वेरेवक सर्विस तोड़ि कए सेट 6-4 सं जीत लेलनि। तेसर सेट मे हेली 4-1 कए बढ़त बना लेने छलाह, मुदा ज्वेरेव शानदार वापसी करैत मोकाबला कें टाईब्रेक धरि पहुंचा देलनि। ओ टाईब्रेक मे 5-1 कए बढ़त बनेबाक बाद सेट अपना नाम कए लेलनि। मुदा हेली चारिम सेट कए टाईब्रेक जीतैत मोकाबला कें निर्णायक पांचम सेट धरि पहुंचा देलनि।

निर्णायक सेट मे हेली सं पहिल गलती भेलनि। हुनक फोरहैंड शॉट कोर्ट सं बहुत बाहर चलि गेल, जाहि सं ज्वेरेव कें महत्वपूर्ण ब्रेक भेटल। तकर बाद जर्मनीक खेलाड़ी दू बेर अपन सर्विस बचा कए 5-3 कए बढ़त बना लेलनि आ फेर थाकल हेली कए सर्विस तोड़ि कए मोकाबला अपना नाम कए लेलनि।

महिला एशिया कप : हांगकांग कें 137 रन सं हरा कए सेमीफाइनल मे पहुंचल भारत

चीनक विरुद्ध 'महिला एशिया कप 2026'क सातम मैच मे 137 रन सं पैघ जीत दर्ज कएल। एहि जीतक संग 'विमेन इन ब्लू' सेमीफाइनल मे अपन स्थान पक्का कए लेलक। 'ग्रुप-ए' मे मौजूद भारत शुरूआती दुनू मैच जीतिकए +5.775 नेट रन रेटक संग शीर्ष पर अछि। भारत 5 सितंबर कें पाकिस्तानक विरुद्ध अपन आखरी ग्रुप मैच खेलत। पाकिस्तान अपन पहिल मैच जीतिकए दोसर स्थान पर अछि।

दुबई इंटरनेशनल क्रिकेट स्टेडियम मे टॉस हारि कए पहिने बल्लेबाजी करैत भारतीय टीम सलामी बल्लेबाज स्मृति मंधानाक शतकीय पारीक दम पर 5 विकेटक नोकसान पर 193 रन बनौलक। मंधाना शेफाली वर्माक संग सलामी जोड़ीक रूप मे 48 गेंद मे 74 रनक साझेदारी कएलनि। शेफाली 28 गेंद मे 2 छक्का आ 3 चौकाक मदति सं 17 रन बनाकए आउट भेली। एतय सं मंधाना प्रतिका रावल (10)क संग दोसर विकेट लेल 37 रन, जखनकि ऋचा घोष (11)क संग तेसर विकेट लेल 40 रनक साझेदारी कएलनि। तकर बाद ओ कप्तान हरमनप्रीत कौर (10)क संग चारिम विकेट लेल 15 गेंद मे 34 रन जोड़ि टीम कें विशाल स्कोर धरि पहुंचा देलनि। स्मृति मंधाना 64 गेंद मे 7 छक्का आ 14 चौकाक मदति सं 124 रनक पारी खेललनि। ई हुनकर टी-20 अंतरराष्ट्रीय करियरक दोसर शतक रहल। विपक्षी टीम दिस सं मरीना लैंपलो सब सं बेसी 2 विकेट लेलनि, जखनकि रुचिता वेंकटेश आ जॉयलीन कौर कें 1-1 सफलता भेटल। एकर जवाब मे हांगकांग, चीनक टीम 16.2 ओवर मे मात्र 56 रन पर ऑलआउट भए गेल। टीम कें मात्र 2 रनक स्कोर पर पहिल झटका लागल। 5 ओवरक खेल पूरा होय धरि टीम 1 विकेट गमा कए मात्र 8 रन बना सकल छल। एहि ठाम सं नताशा माइल्सक संग यास्मिन दसवानी दोसर विकेट लेल 42 गेंद मे 27 रनक साझेदारी कए हांगकांग, चीन कें 29 रन धरि पहुंचौलनि, मुदा यास्मिन (11)क आउट होयबाक बाद विकेटक पतझड़ शुरू भए गेल।

स्थिति एहन रहल जे हांगकांगक मात्र 3 खेलाड़ी दहाइक आंकड़ा धरि पहुंचि सकली। भारत दिस सं दीप्ति शर्मा 3 ओवर मे 9 रन दए 3 विकेट लेलनि, जखनकि नंदिनी शर्मा, श्री चरणी आ प्रेमा रावत 2-2 विकेट झटकलनि।

भारत-जापानक बीच ऐतिहासिक टी-20 अंतरराष्ट्रीय मोकाबला 22 सितंबर कें

भारत आ जापानक क्रिकेट टीमक बीच 22 सितंबर कें जापानक तोचिगी प्रांतक सानो इंटरनेशनल क्रिकेट ग्राउंड मे ऐतिहासिक टी-20 अंतरराष्ट्रीय मोकाबला खेलल जाएत। ई मोकाबला भारत-जापानक राजनयिक संबंधक 75म वर्षगांठक समारोहक शुरूआत करत। मोकाबला कें सुजुकी कप नाम देल गेल अछि। बीसीसीआईक सचिव देवजीत सैकिया शुक्रदिन कहलनि, बीसीसीआई एहि ऐतिहासिक अवसरक हिस्सा बनि कए बहुत खुश अछि, जखन भारतीय आ जापानी पुरुष टीम जापान मे एकटा विशेष टी-20 अंतरराष्ट्रीय मोकाबला लेल आमने-सामने होयत। क्रिकेट लेल ई एकटा महत्वपूर्ण क्षण अछि, कारण भारतीय टीम एकटा नव क्षेत्र मे जा रहल अछि आ एहि सं जापान तथा पूर्वी एशिया मे पैघ दर्शक वर्ग धरि एहि खेल कें पहुंचयबाक अवसर भेटत। ओ कहलनि जे भारत आ जापानक बीच मजबूत आ दीर्घकाल सं चलि रहल संबंध आ मित्रता अछि। दुनू देशक बीच राजनयिक संबंधक 75 वर्ष पूरा होयबाक अवसर पर आयोजित समारोह मे क्रिकेट सेहो हिस्सा बनत, ई खुशीक बात अछि। एहि मोकाबला कें संभव बनयबाक लेल ओ जापान क्रिकेट संघक प्रयासक लेल धन्यवाद देलनि। ओ आगू कहलनि जे बीसीसीआईक मानब अछि जे क्रिकेटक विकास ओकर पारंपरिक क्षेत्र सं आगू धरि होबाक चाही। दुनियाक सब सं पैघ क्रिकेट बोर्डक रूप मे बीसीसीआई एहि विकास मे योगदान देबाक अपन जिम्मेवारी बुझैत अछि। बीसीसीआई आगू जापान मे क्रिकेट कें आरो मजबूत करबाक आ दुनू देशक संबंध कें आगू बढ़ेबाक लेल जापान क्रिकेट संघक संग मिलि कए काज करत।

इंग्लैंडक विरुद्ध टी-20 सीरीज सं कुसल मेंडिस आ बिनुरा फर्नांडो बाहर

श्रीलंकाक एकदिवसीय आ टी-20 कप्तान कुसल मेंडिस आ तेज गेंदबाज बिनुरा फर्नांडो इंग्लैंडक विरुद्ध होयबला टी-20 सीरीज सं बाहर भए गेलाह। मेंडिसक अनुपस्थिति मे टी20 सीरीज मे श्रीलंकाक कप्तान चरिथ असलांका होयताह। श्रीलंका क्रिकेट शुक्रदिन एकर पुष्टि कएल अछि।

श्रीलंका क्रिकेट अपन बयान मे कहलनि, कुसल मेंडिस आ बिनुरा फर्नांडो इंग्लैंडक विरुद्ध आगू होयबला टी-20 सीरीज मे हिस्सा नहि लेताह। दुनू खेलाड़ी लंका प्रीमियर लीग 2026क दौरान लागल चोटक बाद एखन धरि पुनर्वास सं गुजरि रहल छथि।

मेंडिस, जे इंग्लैंडक विरुद्ध सीरीज लेल दुनू सीमित ओवरक टीमक कप्तान छलाह, लंका प्रीमियर लीगक दौरान लागल हैमस्ट्रिंग चोट सं उबरि रहल छथि। ओ टी-20 सीरीज नहि खेलि पाओताह। फर्नांडो पीठक चोटिक कारण बाहर रहताह।

श्रीलंका क्रिकेट मेंडिसक स्थान पर शीर्ष क्रमक बल्लेबाज पवन रथनायके कें टीम मे शामिल कएल अछि, जखनकि दिलशान मदुशंका कें फर्नांडोक स्थान पर टीम मे मौका देल गेल अछि।

पूर्व कप्तान असलांका टी-20 सीरीज मे कप्तानी करताह। असलांका छह मास बाद टी-20 प्रारूप मे वापसी कए रहल छथि। टी-20 विश्व कप 2026क बाद सं ओ एहि प्रारूप मे नहि खेलल छथि।

श्रीलंका क्रिकेट 15 सितंबर सं शुरू होयबला तीन टी-20 आ एतबे एकदिवसीय मैचक लेल टीमक घोषणा करैत समय असलांका कें उपकप्तान बनौने छल। तीन मास पहिने असलांका कें एकदिवसीय कप्तानक पद सं हटा देल गेल छल।

श्रीलंका एकदिवसीय टीम

पथुम निसांका, कामिल मिशारा, कामिंडू मेंडिस, चरिथ असलांका (उपकप्तान), कुसल मेंडिस (कप्तान), जनिथ लियानागे, पवन रथनायके, दासुन शनाका, वानिंदु हसरंगा, दुनिथ वेलालागे, महेश तिक्षाणा, सचिंदू कोलोंबगे, दुष्मंथा चमीरा, ईशान मलिंगा, असिथा फर्नांडो, दिलशान मदुशंका।

श्रीलंका टी-20 टीम

पथुम निसांका, कामिल मिशारा, लाहिरू उदारा, कामिंडू मेंडिस, चरिथ असलांका (कप्तान), जनिथ लियानागे, दासुन शनाका, दुनिथ वेलालागे, वानिंदु हसरंगा, महेश तिक्षाणा, थारिंदू रथनायके, दुष्मंथा चमीरा, ईशान मलिंगा, नुवान तुषारा, पवन रथनायके, दिलशान मदुशंका।

वर्ष 16, अंक 354 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेड:** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053